V. Qoshqarov, O. Mahmudov, Z. Zamanov

# RUWXÍYLÍQ TIYKARLARÍ

*Orta bilim beriw mákemeleriniń 10-11-klasları hám orta arnawlı, kásip óner bilimlendiriw mákemeleri ushın sabaqlıq*

*1-basılım*

*Ózbekistan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tárepinen tastıyıqlanǵan*

Tashkent
«Yangiyo'l Poligraf Servis»
2017

**UOK: 17=512.133(075.2)**
**KBK: 71.04**
**Q 97**

**Qóchqorov, Vahob.**
**Ruwxıylıq Tiykarları 10-11-klass:** Orta ulıwma bilimlendiriw mákemeleriniń 10-11-klasları hám orta arnawlı, kásip óner bilimlendiriw mákemeleri ushın sabaqlıq/ V. Qoshqorov, O. Mahmudov, Z. Zamonov. — Birinshi basılım. — Nókis, «Bilim» baspası 2017. 144 b.

UOK: 17=512.133(075.2)
ISBN 978-9943-4936-1-2 KBK: 71.04ya721

**Juwaplı redaktor:**

A. Xolbekov—sociologiya pánleri doktorı, professor.

**Metodist:**
N. Ismatova—Respublika Tálim orayı, Jámiyetlik pánler bólimi baslıǵı.

**Pikir bildiriwshiler:**

Sh. To‘rayev—Respublika Milliy ideya hám ideologiya ilimiy-ámeliy orayı direktor orınbasarı, filosofiya ilimleri kandidatı.

D. Bozorov—ÓzMU «Filosofiya hám mantiq» kafedrası docent.

A. Xolov—Ózbekistan Respublikası Prezidenti qasındaǵı mámleket basqarıw akademiyası úlken ilimiy xızmetkeri.

M. Xoliqova—Tashkent qalası PXQTMOI kafedra baslıǵı, filologiya pánleri kandidatı.

D. Ergasheva—Tashkent qalası Sergeli rayonı 8-sanlı ulıwma bilim beriw mektebiniń Ruwxıylıq tiykarları páni oqıtıwshısı.

Respublika Bilimlendiriw orayınıń Milliy ǵárezsizlik ideyası hám ruwxıylıq tiykarları páni boyınsha ilimiy-metodikalıq keńesi tárepinen baspaǵa usınıs etilgen.

Respublika maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı

ISBN 978-9943-4936-1-2
© «Yangiyo‘l poligraf servis», 2017.
© O. Mahmudov, V. Qo‘chqorov, Z. Zamonov. 2017.
*Qaraqalpaqshaǵa awdarma*
© «Bilim» baspası, 2017.

# Kirisiw

Áziz oqıwshı! Dúnyada hárbir nárseniń ózegi, mánisi boladı. Adamzat-tıń mánisin onıń jaratıwshańlıǵı, bekkem kúshi, dini, basqalarǵa qalıs járdemge keliwi, basına táshwish túskende barıp xabar alıwı, quwanıshına sherik bolıwı, mehir-múriwbeti, bir sóz benen aytqanda, gózzal ruwxıy álemi quraydı.

Solay eken, ruwxıylıq insannıń ádep-ikramlılıǵında qanday kórinedi? Mine, máselen, siz ózińizden úlken jastaǵılarǵa birinshi bolıp sálem beresiz, sebebi ata-anańız sonday tárbiya bergen. Úlgili bahalarǵa oqıwǵa háreket etesiz, sebebi ustaz-oqıtıwshılarıńızdan sonday bilim alǵansız. Oqıw ornında, jámiyetlik orınlarda, ulıwma uyatlı, qopal sózlerdi paydalanbaysız, sebebi, oǵan ishki mádeniyatıńız jol qoymaydı. Watandı satpaysız, sebebi, ol hújdándı, ózlikti satqan menen teń! Bulardıń barlıǵı gózzal ádep-ikramıńız, qálbińizdiń ruwxıy gózzallıǵı, pák niyetińizdiń bekkemligi sebepli. Demek, ruwxıylıq insaniyat ishki áleminiń sulıw hám tawsılmas baylıǵı bolıp, insanlardı úlken jaratıwshańlıqqa jetekleydi. Ruwxıylıǵı joqarı insanlardıń kóbeyiwi bolsa kúshli puqaralıq jámiyetiniń rawajlanıwına sebep boladı.

Ǵáresizlikke erisken Ózbekistan xalqı hám mámleketi tárepinen ámelge asırılǵan ekonomikalıq reformalar insaniy joqarı adamgershilikli pazıyletleri hám joqarı aǵartıwshılıq tuyǵıları menen jámlenip alıp barıldı. Tiykarınan, áyyemgi esteliklerimiz qayta tiklendi, áyyemgi shıǵarmalar, bitikler baspaǵa shıǵarılıp, keń jámiyetshilikke usınıldı, úrip-ádetler, qádiriyatlarımız qayta tiklendi. Mámleketimizde jasap atırǵan túrli millet hám elatlardıń milliy qádiriyatları hám dástúrlerine joqarı húrmet-izzet kórsetiledi hám t.b.

Búgin mámleketimizde milletler aralıq tınıshlıq, tatıwlıq, awızbirshilik turaqlı. Ózbekistan mámleketi onıń aymaǵında jasawshı barlıq xalıq, millet hám elatlardıń mápleri birdey qorǵaladı, birdey qollap-quwatlanadı.

Ruwxıy rawajlanıw, milliy ózlikti ańlaw tariyxıy oy hám tariyxıy eslewsiz rawajlana almaydı, qáliplese almaydı.

«Joqarı mánawiyat — jeńilmes kúsh» shıǵarmasında, «... házirgi kúnde ruwxıylıǵımızdı saqlaw ushın ne islewimiz kerek hám oǵan qáwip salatuǵın qanday aǵımlardı qarsı qoyıw kerek, dep sorasa, men eń aldı menen sol jurtta jasap atırǵan hárqanday insan ózligin ańlawı, áyyemgi táriyxımız hám bay mádeniyatımız, ullı ata-babalarımızdıń miyrasın tereńirek ózlestiriwdi, búgingi tez ózgerip atırǵan ómir dawamlılıǵına sanalı qarap, ǵárezsiz

pikirlew hám jurtımızdaǵı barlıq ózgerislerge juwapkerlik tuyǵısı menen jasawı zárúr», dep túsindiriledi.

Mine ne ushın jurtımızda Eslew hám qádirlew kúnleri belgilenedi, ullı ata-babalarımızdıń ruwxlarına joqarı húrmet kórsetiledi?! Sol mánide jurtımızda jańa oqıw jılınıń birinshi kúni, yaǵnıy 2-sentyabr sánesi — Ǵárezsiz Ózbekistan mámleketiniń tiykarshısı Islam Karimovtıń jarqın ótmishine baǵıshlanıwı da tegin emes.

Maqsetli jasap ótilgen ómir mazmunlı hám bereketli boladı. Sol sıyaqlı, óz aldına ullı máqsetler qoyıp jasap atırǵan mámleket te tariyxtıń altın betlerinde óshpes iz qaldıradı. Búgin Ózbekistanımızdıń rawajlanıwın jáne de joqarılatıw jolında qabıl etilgen Háreketler Strategiyasınıń tiykarǵı maqseti de xalıq máplerin támiyinlewge, olardıń tınısh hám párawan turmıs keshiriwi ushın zárúr bolǵan faktorlardı jaratıwı menen itibarlı bolıp esaplanadı.

Ózbek xalqındaǵı bir-birine bolǵan mehr-múriwbet, úlkenlerge húrmet, ásirese, ata-ananı qádirlew hám olar qartayǵanda ǵamxorlıq etiw kóp ǵana dúnya xalıqları ushın úlgi sanaladı. Biziń bul qádiriyatlarımız ásirese shańaraqta payda bolıp, soń jámiyettiń rawajlanıwına úles bolıp qosıladı.

Prezidentimiz Shavkat Mirziyoyev ta ruwxıy rawajlanıwlardıń ónimin jańa basqıshqa kóteriw haqqında toqtalar eken, «... biz ushın muqáddes bolǵan shańaraq tiykarların jáne de bekkemlew, shańaraqlarda tınıshlıq, tatıwlıq hám óz ara húrmet ortalıǵın jaratıw, ruwxıy-aǵartıwshılıq jumısların anıq mazmun menen toltırıwdan ibarat bolıwı zárúr», dep uqtıradı.

Usı sabaqlıqta oqıwshı-jaslardıń qálbinde milliy oy-pikir hám salamat dúnya-qaras tiykarların sińdiriw, olardı ruwxıy basqınshılıqqa qarsı bekkem tura alatuǵın, erk-ıqrarı kúshli pidayı, watansúygish insanlar etip tárbiyalaw maqsetinde ruwxıylıqtıń túp mánisine kirip barıwǵa háreket etildi. Hárbir temanıń basında aktivlestiriw ushın soraw hám tapsırmalar berilgen. Ayırım waqıya hám mısallar siz jáne teńleslerińizdiń ómirinen keltirilgen. Bular siziń tómen klaslarda alǵan bilimlerińizdi yadqa alıwda ózine tán imtixan wazıypasın óteydi.

Bunnan basqa, hárbir tema aqırında «Shınıǵıw sabaǵı» hám «jumbaq-basqatırma»lar berilgen. Olardı dıqqat penen oqıń, «jumbaq-basqatırma» lardıń juwabın shańaraq aǵzalarıńız benen birgelikte sheshiń. Olar dúnya qarasıńızdıń, pikir júritiwińizdiń jáne de keńeyiwine xızmet etedi, dep isenemiz.

Áziz oqıwshı! Avtorlar Sizge «Ruwxıylıq tiykarları» pánin puqta hám tereń ózlestiriwde tabıslar tileydi.

# 1-§ Ruwxıylıq — teńsiz kúsh



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Usı súwretler tiykarında ruwxıylıqqa táriyip beriń hám ruwxıylıqqa tásir etiwshi faktorlardı túsindiriń.
2. Ruwxıylıq qashan teńsiz kúshke aylanadı?
3. Tariyxıy orınlarğa barğanıńızda qálbińizde nelerdi seze alasız? Qanday ruwxıy-mánawiy quwat alasız? Ne ushın bunday jağday júz beriwin hesh oylap kórdińiz be?



Ruwxıylıq — insan sanasına tásir kórsetetu-ğın, onıń dúnya qarası, oy-pikirin turaqlı bağdarğa salatuğın teńsiz kúsh.

Ruwxıylıq tiykarın jámiyet, milletke tán mánawiy, mádeniy hám materiallıq tiykarlar, dástúrler, qádiriyatlar, turmıs tárizi, ideyalar hám qaraslardı ulıwmalastırıwshı túsinikler quraydı.

Insan ruwxıyatınıń qáliplesiwinde tariyxıy ótmish óz aldına áhmiyetke iye. Azanda uyqıdan oyanğan insan tosattan óziniń kim ekenligin, atın, familiyasın umıtıp qoysa, átiraptağı jaqın insanlardı tanımay qalsa, bul jağday sol insan, onıń shańarağı ushın úlken baxıtsızlıq.

Eger millet óziniń kim ekenligin umıtsa, bul sol millet ushın úlken apatshılıq.

Dúnyadağı jawız hám basqınshı kúshler qaysı bir xalıq yaki mámleketti ózine qaram etip, boysındırmaqshı, onıń baylıqların iyelemekshi bolsa, aldı menen, onı quralsızlandırıwğa, yağnıy eń ullı baylığı bolğan milliy qádiriyatları, tariyxı hám ruwxıylığınan ayırıwğa urınadı. Ózligin joğaltqan millet bolsa, hámiyshe qullıqqa duwshar.



### BILIP ALÍŃ

Tariyxıy eslew juwapkershiligin tereń seziw, jámiyet aldındağı tiyislilik áwladlar aldında óz wazıypasın orınlaw májbúriyatın qáliplestiretuğın tárbiya, «Keshe kim edik, búgin kim boldıq», degen princip esaplanadı.

Óz xalqı hám jurtı táriyxın tereń biliw, onı tınım-sız úyreniw, ata-babalarınıń sawaplı islerin múnásip dawam ettirgen halda bay miyrasın qásterlep saqlaw, ótmishten sabaq shığarıw, tariyxta júz bergen waqıya-hádiyselerdi ádil bahalaw, olardıń aqıbetin tuwrı túsiniw aqılı pútin insan ómiriniń mazmunı esaplanadı.

Insan óziniń tariyxiy ótmishine iye bolmastan turıp, ómirinde júz berip atırğan sociallıq ózgerislerdiń mánisin túsinip jete almaydı, keleshegin tuwrı kóz aldına keltire almaydı. Sonıń ushın da jámiyettiń hár bir ağzası óz ótmishin jaqsı bilse, bunday adamlar hár qıylı ağımlar tásirine túsip qalmaydı. Tariyx sabaqları insandı saqlıqqa úyretedi, kúshin bekkemleydi.

Ruwxıylıqtıń negizi hám mánis-mazmunın bel-gileytuğın tiykarğı qásiyetler, insannıń ruwxıy pákleniwi hám kewildiń tazarıwı esaplanadı.



### PIKIRLESIW USHÍN

1. Usı gúrrińdi oqıń: «Watan — shańaraq — shejire» usı úsh túsinik mánisin túsindiriń.
2. Hesh oylap kórdińiz be? Ne ushın qartayğan adamlar menen sáwbetleskenimizde «kimniń perzentisiz, ata-anańız kim, shejireńizdi, úlken babalarıńızdı bilesiz be?» — dep soraydı?

## DINASTIYALAR KELESHEGI

Xalqımızda «Watan bosağadan baslanadı», dep aytıladı. Bosağa bul – úy, shańaraq esaplanadı. Belgili bir shańaraqlar áwladı bolsa dinastiya esaplanadı. Qaysı bir, dinastiya ağzaları el-jurt mápi jolında xizmet etip, xalıq arasında abıroy-itibar tabar eken, bul jol qalğanlar ushın úlgi esaplanadı. Biraq, hárqanday shańaraq, dinastiya da óz-ózinen áne usınday abıroyğa iye bolıwı múshkil. Bunıń ushın, usı dinastiyağa tiyisli bolğan kimdur onıń keleshegi ushın birinshi bolıp «jol ashadı», basqa bir ağzası bolsa, bul dástúrdi mazmun menen bayıtadı.

Máseleniń áhmiyetli tárepi—dinastiyalar abıroyın saqlap, usı juwapkershilikli jumıstı dawam ettiretuğın zúrriyatlardı tárbiyalawdan ibarat esaplanadı...




Mánawiyat — insandı ruwxıy jaqtan pákleniwge, jetiklikke bas-laytuǵın, adamnıń ishki dúnyasın bekkem, iyman-isenimin pútin etetuǵın, hújdánın oyatatuǵın teńsiz kúsh, onıń barlıq qarasla-rınıń kriteriyası bolıp esaplanadı.

Ómirimizde hadal hám pák jasaw sıyaqlı joqarı adamgershilikli pazıyletlerden pútkilley jıraq bolıp jasaytuǵın, ómiriniń mánis-mazmunın ózinshe bayan etetuǵın adamlar da bar. Olar ózlerin basqalardan hár tárepleme ústin qoyıp, «baxıt qusı basına qonǵan»-day sezedi. Bunday jaǵdaylardı baqlasańız qálbińizde heshqanday ekileniw hám gúman payda bolmasın. Sebebi, múqáddes kitaplarımız hám qádiriyatlarımız, ullı ata-babalarımız miyrası bizlerdi hár dayım hadal miynet penen jasawǵa, mártlik, qayırxomlıq hám kemtarlıqqa shaqıradı.

Tuwrılıq, hadallıq, tırısqaqlıq, úmit penen jasaw, únemlilik, miynet súyiwshilik, sıyaqlı joqarı adamgershilikli pazıyletler hám qásiyetlerge iye bolıw, olarǵa hámiyshe ámel etip jasaw — kámil insannıń ruwxıy baylıǵın belgilep beretuǵın tiykarǵı kriteriyalar sanaladı.

Búgingi tez ózgerip baratırǵan zamanda ruwxıylıq hám aǵartıwshılıqqa iye bolǵan insanǵana óz milliy qádiriyatların joqarılatıw arqalı milliy ózligin tereń ańlawı, erkin hám azat jámiyette jasawı, Ózbekistannıń dúnya jámiyetshiliginde múnásip orın iyelewi ushın pidayılıq kórsete alıwı múmkin. Mámleketimizde hadal hám pák jasawdı ózi ushın ómirlik isenim, joqarı maqset dep biletuǵın watanlaslarımız kópshilikti quraydı. Ásirese, usınday insanlar hám olardıń sawaplı isleri sebepli bul jarqın álemde mánáwiyat hámiyshe turaqlı bolıp kelmekte.

Insaniyat tariyxı mánáwiyatsız kiside heshqashan adamgershilik, mehir-aqibet sıyaqlı pazıyletler bolmaslıǵın tastıyıqlaydı.

«Adamlar! Eń aldı menen, ádepli bolıwǵa háreket etiń, sebebi ádep nızamnıń negizi esaplanadı».
**Pifagor**

Ruwxıylıqtı túsiniw, ańlaw ushın, bárinen burın, insandı túsiniw, ańlaw kerek. Ruwxıylıq insannıń qan-qanı, súyek-súyegine jıllar dawamında ana súti, shańaraq tárbiyası, ata-babalar násiyatı, Watan tuyǵısı, ómirdiń bazıda ashshı, bazıda quwanıshlı sabaqları menen qatar-qatar bolıp sińip baradı. Ásirese, tábiyatqa, adamlarǵa jaqınlıq, hár dayım jaqsılıqtı oylap jasaw, hadal miynet etiw, dúnyanıń teńsiz inam hám gózzallıqlarınan lázzetleniw mánawiyatqa azıq beredi, onı jáne de kúsheytedi.

Ruwxıylıqtı qáliplestiretuǵın tiykarǵı faktorlar ruwxıy miyras, mádeniy baylıqlar, áyyemgi táriyxiy estelikler esaplanadı. Sonıń ushın da, Islam dini, ilim-pánniń rawajlanıwı hám onıń insan mánawiyatın qáliplestiriwdegi ornı áhmiyetli esaplanadı. Bárkamal perzent tárbiyasın máhálle, shańaraq, tálim-tárbiya uyǵınlıǵısız kóz aldımızǵa keltire almaymız. Ásirese,


1


2


3


4



## DÓRETIWSHILIK JUMİS

1. Ruwxıylıq qalay etip adamnıń ishki dúnyasın hám jigerin kúshli, iyman-isenimin pútin etiwde kórinedi? Pikirińizdi 1-,2-,3—súwretler menen baylanıstırıp túsindiriń.
2. 4-súwrette berilgen kórinis sizde qanday pikir oyattı? Bunday jaǵdaydıń aldın alıw múmkinbe?
3. Búgingi kúnde mánawiyatqa qanday qáwipler bar?
4. Tekstti oqıń hám ondaǵı sociallıq, ekonomikalıq, mádeniy qaraslar túsinikleri haqqında pikir bildiriń.

*Mánawiyat — insannıń sociallıq-ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy qarasların belgilep beriwshi áhmiy*etli qollanba.

solar insan mánawiyatın qáliplestiriwde tiykarǵı kriteriyalar esaplanadı.

Bizlerdiń áyyemgi hám gózzal jurtımız tek ǵana Shıǵıs emes, al jáhán civilizaciyası besiklerinen biri esaplanadı. Bul teberik jerimizde qanshadan-qansha ullı insanlar, alım ulamalar, siyasatshı hám sárkardalar jetisip shıqqan.

Olar ulıwma adamgershilikli civilizaciya hám mádeniyattıń ajıralmas bólegine aylanıp ketken. Dúnyalıq hám diniy ilimlerdi, ásirese, Islam dini menen baylanıslı bilimlerdi tariyxtan eń joqarı basqıshqa kótergen.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Jigeri kúshli, iymanı pútin, isenimi bekkem, hújdanı oyaw, ruwxın pák bolǵan insan jámiyetimiz mánawiy dúnyasınıń gúltajı esaplanadı.

Mánawiy ómirde de ámeliy ómirdegidey, kimdir bilimge tayansa ǵana kamal tawadı hám jetiskenlikleridge erise beredi.
**«Tafakkur gulshani»**



## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. «Xalıqtıń eń ullı baylıǵı» degende neler názerde tutıladı?
2. Islam Karimovtıń «Joqarı mánawiyat — jeńilmes kúsh» kitabınan mánawiyatqa tiyisli túsiniklerdi oqıp, tema menen baylanıstırıń.
3. Insan mánawiyatınıń ólshewi nede dep oylaysız?



## JUMBAQ

1. Hámmege birdey unaydı. Ol kim?

2-§

# Insan mánawiyatı hám ózlikti ańlaw


1


2


3


4


5


6

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Abdulla Avloniydıń tómendegi berilgen pikirin oqıń: Usı pikirdi ózlikti ańlaw, insan baxtı, kámillik sıyaqlı túsinikler menen baylanıstırıp túsindiriń.

*«Insan gáwharı — onıń ádepliligi, eger jaqsı tárbiya alıp, jaman ádetlerden saqlanıp, gózzal minez-qulıqqa iye bolsa, ol hámme ushın kerekli, baxıtlı insan bolıp shıǵadı».*

2. «Insan ózligin ańlaǵanı sayın onıń mánawiyatı da joqarılap baradı» degende neni túsinesiz?
3. Insan jámiyette jasawdan qanday mánawiy mápli? Onıń barlıq jaqsı pazıyletlerin ólshewdiń, shegaralawdıń imkanı bar ma? Pikirińizdi dálilleń.
4. 2, 3, 5-súwretler tiykarında «adamzattı jaqsılıqqa jetekleytuǵın ájáyibat» túsinigine túsindirme berip kóriń.
5. 1, 2, 4, 6-súwretlerdegi jigit hám qızlardıń mısalında «ózlikti ańlaw» túsinigine táriyip beriń.

Insaniyat bul jarıq álemde, tiykarınan, bes nársege, yaǵnıy «biz kimbiz, qay jerden keldik, ne jumıs penen shuǵıllandıq, ne tawdıq, qay jerge ketemiz?» — degen ómirlik sorawlarǵa túrlishe juwap tabıwǵa háreket etedi. Insan ózligin

ańlap barǵan sayın bul sorawlardıń juwabın tawıp bara beredi.

Ózlikti ańlaw, bul úrp-ádet hám qádiriyatlar arqalı átiraptaǵılar, sociallıq-siyasiy proceslerge bolǵan múnasibetin túsiniw, ańlaw degen sóz. Ózlikti ańlaw úsh dárejede boladı:

- ***birinshisi***, shańaraqta hám onıń ortalıǵında individttiń shaxs dárejesiniń barǵan sayın qáliplesip barıwı;
- ***ekinshisi***, mektep hám belgili bir birlespelerde oqıwı jáne jumıs alıp barıw arqalı basqalar menen múnásibette bolıwı;
- ***úshinshisi***, basqalar tárepinen shaxstıń bahalanıwı, qadaǵalanıwı hám basqalar aldında qádirleniwinde baqlanadı.

Ózlikti ańlaw milliy sana-sezim hám oy-órisiniń kórinisi, áwladlar arasında ruwxıy-mánawiy sıpatlarǵa iye bolıwı esaplanadı.

Insannıń insaniylıǵın belgilewshi qásiyetlerden biri mádeniy-mánawiy sıpatlarǵa iye bolıwı esaplanadı.

Insan-jámiyettiń gúltajı. Ol jámiyetti abat etiwi yáki kerisinshe buzıwı múmkin. Insannıń miyneti ol ózi jasap atırǵan tábiyiy ortalıqtı ózgertedi, materiallıq hám ruwxıy baylıqlar jaratadı.

Insan tiri eken, niyeti tek ǵana ullı islerge baǵdarlanǵan bolsa, bunnan eń birinshi náwbette

«Insan ózligin ańlaǵanı, kelipshıǵıwın tereńirek bilgeni sayın júreginde Watanǵa muhabbat tuyǵısı tamırlasıp, úlkeyip baradı. Bul tamır qansha tereń bolsa, tuwılıp ósken jurtqa muhabbat ta sol sıyaqlı joqarı boladı».

**Islam Karimov**

«Harbir millettiń dúnyada barlıǵın kórsetetuǵın ómir kórinisi til hám ádebiyatdur. Milliy tildi joǵaltıw millettiń ruwxın joǵaltıw bolıp tabıladı».

**Abdulla Avloniy**



## DÓRETIWSHILIK JUMİS

Tómendegi tekstti oqıń: «Watan súyiwshilik» túsinigin óz ómirińiz benen baylanıstırıp túsindiriń.

*Watansúyiwshilik — insannıń kemshiliklerin jasırıp, ómiriniń qolaysız hám qıyın demlerinde juwapkershilikti moynına aldıratuǵın jáne mártlikke jetekleytuǵın qúdiretli kúsh.*

Adamlarǵa qaraǵanda olardı birlestiriwshi baslanǵısh tiykar insaniylıq, sonıń ushın da adamlar insaniyat túrkimine kirgenligi ushın óz ara tınıshlıqta jasawı lazım.

**Abu Nasr Farabiy**

«Bul dúnyada insanlardıń dárt táshwishlerin oylap jasaw – adamıylıqtıń eń joqarı ólshemi sanaladı».

**Shavkat Mirziyoyev**

onıń shańaraǵına hám jaqın insanlarǵa mápi jetedi, ózi bolsa mánawiy joqarılap, kámillik dárejesine erisip bara beredi. Demek, kámil insannıń aqıl-oyı tek ǵana jaratıwshańlıq hám joqarı adamgershilikke xızmet etedi, kózi tek ǵana jaqsılıqlardı kóredi, qulaǵı tek ǵana ibratlı sózlerdi esitiwge beyimlesedi.

Insannıń ózligin ańlawı jámiyette bar bolǵan obyektiv sharayatlar hám subyektiv faktorlar tiykarında qáliplesedi. Bul process jámiyet aǵzalarınıń óz ara múnasibetleri, olardıń ómirlik tájiriybeleri dawamında jetilisip, rawajlanıp atırǵan qádiriyatlar dizimi sıpatında kúndelikli turmısta áhmiyetli orın iyeleydi.

Bilim — tálim-tárbiyanıń bası, baxıtlı-saadatlı jasaw tiykarı. Insaniylıqtı ullılawshı qádiriyat, sırlar teńizindegi dúnya mánisinen málim etiwshi biybaha ǵáziyne. Hárbir insan ádep úyreniwi, barlıq zárúrli kásip óner jáne bilimlerdi iyelep, ziyrekligin arttırıp barıwı lazım. Ómir dep atalǵan turmıs jolında ushraytuǵın túrli sınaq, qıyınshılıq, mashqalalardı sheshiwde ózlestirilgen bilim, kónlikpe hám tájriybeleri oǵan hár dayım qol keledi.

Demek, adamzat nege háreket etse – gá jaqsılıq, gá jamanlıq bolsın, eń aldı menen óziniń mápi ushın etedi. Bilim alıw, paydalı kásip úyreniwden basqa ǵamı bolmaǵan jaslıq demlerin, ziyrek qábiliyet



## PIKIRLEW USHÍN

1. Insannıń ózligin ańlawında ilim-pánniń ornı neden ibarat?
2. Tómendegi tekstti oqıń: Gegeldiń biliw hám ózlikti ańlaw haqqındaǵı pikirin tema menen baylanıstırıp túsindiriń.

*«Biliwdiń haqlıǵı ózin ańlawda esaplanadı, ózin ańlaw bolsa biliwdiń tiykarı esaplanadı, sebebi basqa predmetti har qanday biliwdiń bar ekenligi ózin ańlaw esaplanadı. Men bilemen, predmet meniki (ol meniń oyım), sonıń ushın onı bilgenimde ózimdi ańlayman».*

hám ótkir oy-órisin kereksiz jáne paydasız jumıslarǵa sarıplaw — hár bir adam ushın ózin-ózi keshire almaytuǵın qáteliklerden sanaladı.

Bilimsizlik sonday jaramsızlıq batpaǵı, ol insan qálbinde úmitsizlik, erteńgi kúnge isenimsizlikke jetekleydi. Jaramsızlıq batpaǵına batqan insan bolsa ózligin joǵaltadı.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Insan — dúnyanıń mánis- mazmunınıń dúrdanası, keńpeyillik hám múlayım ziynet iyesi, sonday aq, ádepli tárbiyalı, adamzattı jaqsılıqqa jetekleytuǵın zat. Bul biytákirar dóretpe bir waqıttıń ózinde pútkil barlıqtı baǵı-bostanǵa aylandırıw, párawan turmıs tárizin jaratıwı hám sonıń menen birge, jasap turǵan aymaǵın urıs maydanına aylandırıw qúdiretine iye. Adamzattıń bar ekenligi de áne sol dúnyanıń mánis-mazmunın ańlawda emes pe?



## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Ózlikti ańlawda táriyxiy ótmish, ilim-pánniń ornı qanday áhmiyet quraydı?
2. Insan ne ushın ózligin ańlawı lazım?
3. Ózlikti ańlaw hám insan mánawiyatı arasında qanday baylanıslılıq bar?
4. Tómendegi hikmetlerdi oqıń, olardıń mazmunın ózlikti ańlaw túsinigi menen baylanıstırıp kóriń.
   a) Ózińdi májbúrlemeseń, hesh nársege erise almaysań. b) Kitap ótmishten de, keleshekten de xabar beriwshi. d) Birewdi talıqlaw ańsat, márt bolsań, ózińdi-óziń tekser.



## JUMBAQ

Hár kimniń de qolınan kele bermeydi. Olar neler?



## TARIYXQA NÁZER

«5 jasında sawatı shıqqan, 10-jasında arifmetika, algebra, logikanı úyrengen ullı ulama Abu Ali ibn Sina ózi haqqında sonday maǵlıwmatlardı qaldırǵan. «Erteden baslap kesh-ke deyin men ilim úyreniwden basqa jumıs penen shuǵıllanbadım. Túnleri aldıma sham jaǵıp oqıy-tuǵın edim, jazar edim. Qattı uyqı basıp, uyqılap ketkenimde de kúndizi bas qatırǵan máselelerdi oylar edim. Kóp ǵana mashqalalardı men uyqımda sheshtim. Barlıq pánlerdi tereń ózlestirmegenime shekem sonday tárizde ómir súrdim».

**Hamdam Sodiqov. «Súwretlerde tariyxıy kórinisler»**

# 3-§ Shańaraq mánawiyatı











## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Súwretlerden paydalanǵan halda shańaraq mánawiyatı haqqında óz túsinigińizdi aytıń.
2. Shańaraqtıń múqaddesligi ne menen ólshenedi?
3. Shańaraqqa táriyip berilgende, «Shańaraq — Watan ishindegi Watan», delinedi. Siz bul pikirge qosılasız ba? Juwabıńızdı dálilleń.
4. Abdulla Qodiriydıń «Ótken kúnler» romanınan shańaraqtaǵı qádiriyatlar kórsetilgen qanday qatarların oqıǵansız?

Shańaraq — Watan tımsalı. Nege degende, shańaraq hám watan túsinikleri bir-birine úzliksiz baylanıslı. Watan tuyǵısı shańaraqtan, ana bawırınan baslanadı. Shańaraq bolsa jámiyettiń sociallıq-ruwxıy buwını esaplanadı.

Shańaraqtaǵı ortalıq insannıń ózine tán mánawiyatın, dúnyaqarasın, oy-pikirin hám isenimin qáliplestiriwinde áhmiyetli faktor. Insan qálbi hám sanasındaǵı eń taza, pák tuyǵıları, ómirdegi dáslepki túsinik hám kóz qarasları, shańaraqta qáliplesedi.

Xalqımızda insannıń qanday ekenligi, onıń ózin tutıwı, tárbiyası, minez-qulqı shańaraǵına bolǵan múnásibeti menen bahalanadı. Bul bolsa onıń jámiyette óz ornın tabıwında áhmiyetli orın tutadı.

Shańaraqta jazılmaǵan sonday nızam-qaǵıydalar bar, olar neshe ásirler dawamında áwladtan-áwladqa ótip kele beredi. Úlkenlerdi húrmetlew, kishilerge izzet kórsetiw, keleshek áwlad haqqında ǵamxorlıq

etiw hámiyshe shańaraqtıń tiykarǵı qaǵıydaları bolıp kelgen.

Bul muqaddes dárgáyda tek ǵana perzent dúnyaǵa kelmeydi, al ruwxıy jaqtan kúshli, ádep-ikramlı, kámil insanlar er jetedi. Shańaraq sonday mákán, onda keleshek áwladlar kámal tabadı. Ata-babalarımız ázelden shańaraq bekkemligi salamat áwladtıń dúnyaǵa keliwi jolında hár dayım itibarda bolǵan. Bunday ideyalar áwladlar qálbi hám ruwxıyatına sińdirip barılǵan.

Shańaraq aǵzaları arasında óz ara húrmet, mehr-múriwbet hám basqa da faktorlar salamat ortalıqtı jaratadı. Demek, salamat tárbiya sebepli shańaraq aǵzaları arasında óz ara birlik, pikirler uyǵınlıǵı, maqsetler ulıwmalılıǵı júzege keledi.

**TARIYXQA NÁZER**

Temuriy shaxzadalardıń tárbiyası tiykarınan olardıń kempir apalarınıń moynında bolǵan. Saraymulkxonim Shahruh Mırza, súyikli aqlıqları Muhammedsultan Mırza, Halilsultan Mırza hám Uluǵbek Mırzalar tárbiyası menen shuǵıllanǵan.

### PIKIRLEW USHÍN

1. Berilgen tekstti oqıń: Teksttegi «bereket, úlgi, tárbiya, molshılıq, xosh kewillilik» túsiniklerine óz múnásebetińizdi bildiriń.
2. «Perzent gózzal tárbiya miyrasxorı» degende neni túsindińiz? Siz bul baǵdarda qanday miyrasqa iyesiz?

## TATÍW SHAŃARAQ – JÁMIYET TAYANÍSHÍ




Shańaraqta áke — bereket, úlgi tımsalı, ana — mehr-muhabbat, tárbiya oshaǵı, perzent bolsa, gózzal tárbiya miyrasxorı esaplanadı. Sonday úyde molshılıq, shadlıq, óz ara húrmet hám tatıwlıq birlesken. Bunday ortalıqta er jetken perzentke alǵıs aytadı. Bunday shańaraqlar kámalı álbette jámiyet jetiskenli-gine múnásip úles qosadı.











Perzent tárbiyası! Qanshelli teńsiz, qubılısqa tolı, insaniy múnásibetler ulıwmalasqan usı gápte. Jaqsı perzent — ata-ananıń biybaha múlki, qálib gáwharı, múbarek sırı hám úlken oylap tabılıwı. Onıń kamalınan ata-ananıń kewili nurǵa, turmısı quwanıshqa toladı. Bul ataqqa iye bolǵanlar húrmet hám izzet tajın kiyedi, dúnya danıshpanlarına aylanadı. Kerisinshe, uqıpsız perzenttiń qolaysız háreketinen ata-ananıń



## DÓRETIWSHILIK JUMİS

1. Berilgen súwretlerde shańaraqqa tán bolǵan qanday qádiriyatlar kórsetilgen?
2. Siziń shańaraǵıńızda usı qádiriyatlardın qaysıları bar?
3. Usı gúrrińde qanday qádiriyatlarımız tilge alınadı? Bul qádiriyatlarımızdıń qáliplesiw mákanı qáy jerde?

## «GIRGITTON APANÍŃ YAPON AQLÍǴÍ»

«... Hay-hay, girgitton, tiyme, tiyme, ǵozaǵa! – Sonday dep jıldam keldi de, qolımdaǵı ǵozalardı alıp, pás diywaldıń arǵı tárepine ılaqtıra basladı.

Soń japıraqlar arasında jatırǵan basqa ǵozalardı da eńkeyip tergenshe, diywaldıń artına tasladı. Apanıń bunday «qızǵanshaq»lıǵına hayran bolıp, turıp qaldım. Aqırı tógilgen ǵozalar qalmaǵanına isenim payda etkennen soń, qolımnan jetekledi. «Júreǵoy, girgitton, saǵan basqa ǵoza beremen!» Sonday dep, pás bastırmaǵa alıp kirdi de, sebette úyilip jatqan ǵozalardan alıp, toppımdı toltırıp berdi...»

**Ótkir Hoshimov, « Daftar hoshiyasidagi bitiklar»**

qáddi búgiledi, kewili renjiydi, tárbiyada jol qoyılǵan qátesi sebepli pushaymanlıq dártine duwshar boladı.

Haqıyqatında da, insannıń baxıtsızlıǵı, onıń tárbiyasızlıǵında. Tárbiyasız kisi mánawiy jetik bolmaydı, pikirlew dárejesi rawajlanbaydı. Onda watanǵa, shańaraqqa qıyanetkerlik etiw tuyǵısına meyillik qáliplesip baradı. Bunday insan tiykarǵı mánisinde «jalańash» bolıp, úlgili ádep-ikramlılıqqa tiykarlanǵan tálim-tárbiya onı «kiyindiredi», ziynet beredi, jetilistiredi, mánawiy barkamallıqqa jetekleydi.

Qay jerde shańaraq ǵárezsizligi kúshli intizam hám tárbiyaǵa súyense, mámleket hám millet te sonsha kúshli hám turaqlı boladı. Dúnyada júz beretuǵın hár qanday ózgerisler, gá ol ekonomikada, gá mánawiy-siyasiy tarawlarda bolsın, óz tásirin eń aldı menen shańaraq ortalıǵında kórsetedi.

Hár bir millettiń tatıwlıǵı hám keleshegi, álbette, sol xalıqtıń ishki intizamı jáne tatıwlıǵına tikkeley baylanıslı. Tınıshlıq, tatıwlıq bolsa, sol millet shańaraqlarınıń intizamına tayanadı.

Ózbekistanda shańaraq mámleket qorǵawında. Demek, shańaraqta bárqulla ǵamxorlıq etiw, oǵan hár tárepleme materiallıq hám ruwxıy kómek beriw insanıylıq, demokratiyalıq huquqıy mámlekettiń áhmiyetli wazıypalarınan sanaladı.

Ózbekistan Respublikası Konstituciyasınıń Shańaraq dep atalǵan XIV babındaǵı 63, 64, 65, 66-statyalarında shańaraq jámiyettiń tiykarǵı negizi, buwını ekenligi, ata-ananıń bala tárbiyasına juwapkershiligi, ata-ana qartayǵannan keyin, olarǵa materiallıq hám ruwxıy tárepten ǵamxorlıq etiw hár bir perzenttiń wazıypası ekenligi kepillenip qoyılǵan.



**BILIP ALÍŃ**

Dúnyada hár jılı 15-may «Xalıq aralıq shańaraq kúni» sıpatında belgilenedi. Mámleketimizde 1998-jıl — «Shańaraq jılı» dep atalǵan. 2012-jıl «Bekkem shańaraq jılı» dep daǵazalandı.

«Eger bir mámleket xalqı ádepsizlik hám qopallıq penen shańaraq múnasibetlerin ázzilestirip jiberse hám intizamsızlıqqa jol qoysa, onda bul millettiń keleshegi hám turmısı gúman astında qaladı».

**Abdurauf Fitrat**

**Shınıǵıw sabaǵı.** Ata-ana hám perzent múnásibetlerindegi tiykarǵı maqset tómendegishe bolıwı kerek. Ata-ana abroyı — perzentiniń kámil insan sıpatında qáliplesiwine, jámiyette múnasip orın tabıwına xızmet etedi. Perzentiniń jámiyette tutqan ornı — ata-anası abroy-itibarınıń jáne de joqarılawına sebep boladı. Sonıń ushın ata-ananı úlgi  dew kerek.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

*Kúnlerdiń birinde men bir dostımnıń úyine miymanǵa bardım. Jawın qattı quyıp jawar edi. Suwaǵarǵa japıraq tıǵılǵan ba yamasa basqa sebepten be, úydiń tóbesine túsip atırǵan jawın shashrap hámme jaqtı suw etip jibergen edi. Bul jaǵdaydı kórgen dostım dárriw balasın shaqırıp, suwaǵardı dúzetip qoyıw kerekligin buyırdı. Biraq, dostımnıń balası ákesiniń gápin esitip, jáne úyge qaytıp kirip ketti. Bul jaǵdaydı kórgen dostım, maǵan júriń birazdan sırtqa shıǵamız dedi. Bizler háwlige shıqqan edik, dostımnıń balası dárhál tóbege shıǵıp dúzetip shıqtı.*

1. Usı gúrrińnen qanday juwmaq shıǵarıw múmkin? Úy iyesiniń balası ákesiniń gápin eki qıldı ma? Bunıń ushın onda qanday sebep bar edi? «Adamzat ushın bir ómir zárúr bolatuǵın tábiyǵıy kónlikpe hám qásiyetler, shańaraqta alatuǵın tárbiyasına úzliksiz baylanıslı», degen pikir menen baylanıstırıp túsindiriń.
2. «Búgingi kúnde dúnyanıń ayırım aymaqlarında millettiń ásirlik qádiriyatları, milliy oy-pikiri hám turmıs tárizi izden shıǵıp atırǵanlıǵın, ádep-ikramlıǵı, shańaraq hám jámiyet turmısı qáwip astında qalıp atırǵanlıǵın gúzetiw múmkin», degen pikirge múnasibetińizdi bildiriń.
3. Parasatlılıq degende neni túsinesiz? Shańaraqta ata-ana, ajaǵa-ini, ajapa-sińli múnasebetleri qanday qáliplesedi?
4. Shańaraqtıń mámleket qorǵawında ekenligi kórsetilgen nızamlar hám nızamnan kelip shıqqan hújjetlerin tawıń hám múnásibet bildiriń.
5. Tómende qaldırıp ketilgen jerlerdi kerekli sózler menen toltırıń.
   *Shańaraq aǵzaları arasında óz ara..., mehir-múriwbet hám ... faktorları salamat ortalıqtı jaratadı.*

## JUMBAQ

Dári, biraq paydasız. Ol kim?

# 4-§ Jámiyet mánawiyatınıń qáliplesiwinde máhálleniń ornı

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:



- Qońsı úyde mereke bolıp qaldı. Qońsı-qobalar dárriw shıǵıp, kóshelerdi sıpırıstırıp, adamlar keliwi ushın jay tayarlay basladı. Kimdur úyinen kórpeshe alıp shıqsa, basqası stol-stul tasıw menen áwere edi. Aldınnan tayarlanǵan dástúrdey, hámme bilip-bilip, jumısların islemekte edi.
- Qońsı qızdı sorap keldi. Qızdıń anası úyde bolmaǵanlıǵı sebepli, qaptal qońsı bul gápten xabar tawıp dárriw shıǵıp, dasturqan jaydı hám sorap kelgen adamlardı kútip aldı.
- Máhálle aqsaqallar jıyınınan qaytıp atırǵan jası úlkenler kóshe basındaǵı nanbayxanadan tórt porsıldap pisken nandı alıp, bir neshe háp-teden beri biytaplıǵı sebepli úyinen shıǵa almay atırǵan Samariddin atanıń halınan xabar alıw ushın úyine bardı.

1. Usı gúrrińlerde qanday qádiriyatlar bar? Bul qádiriyatlardı kim oylap tapqan?
2. Siziń de máhálleńizde sonday dástúrler bar ma? Berilgen súwretler arqalı pikirińizdi bayanlań.
3. Siz de máhálledegi shembiliklerde qatnasasız ba, buǵan sizdi ne májbúr etedi?
4. Ne sebepten máhállege «qádiriyatlar besigi», dep táriyip berilgenligi haqqında óz pikirińizdi aytıń.

Mıń jıllar dawamında Oraylıq Aziya aymaǵı hár túrli dinler, mádeniyatlar hám turmıs tárizleri tutasqan hám tınısh-tatıw jasaǵan oray bolıp keldi. Bul dáwirde insanlar arasındaǵı múnasibetler nátiyjesinde sabr-taqat, keńpeyillik, miyrim-shápáát, hadallıq penen kún keshiriw sıyaqlı qádiriyatlar qáliplesti.

Watanımız tariyxı gúwalıq beredi, ózbek xalqı jámiyetinde topar bolıp jasawdıń sınalǵan forması máhálle esaplanadı. Máhálle rayonlar ishindegi kishi aymaqlıq birlik bolıp, ótmishten miyras bolıp kelmekte.

Belgili bir máhálle de jasap atırǵan adamlar tek ǵana qońsı-qobashılıq baylanısları menen ǵana emes, al ishki tártip-qaǵıyda, úrp-ádetler, dástúrler, ulıwmalıq mápler hám májbúriyatlar menen de baylanıslı. Máhálle turmısınıń topar bolıp birgelikte jasaw tárizi, jámiyetshilik tiykarında iskerlik júrgizetuǵın ózin-ózi basqarıw sistemasın keltirip shıǵardı. Máhállege onıń aymaǵında jasaytuǵın xalıq tárepinen saylap qoyılatuǵın aqsaqal basshılıq etken.



## DÓRETIWSHILIK JUMİS

1. Ózbekistan Respublikasınıń Konstituciyasınan máhálle menen baylanıslı statyalardı tabıń.
2. Ózińizdi máhálleden tısqarıda kóz aldıńızǵa keltire alasız ba? Pikirińizdi dálilleń.

*Anvar mektepten qaytıp kiyatırǵan edi. Kósheniń basına jetkende onıń murnına gazdıń iyisi urdı. Gazdıń iyisinen tez arada miyi aylandı. Tezirek sol jerden ótip ketti de, úyine barıp atasına bul haqqında ayttı, Atası bolsa, qáne qay jerde bunday iyis kelip atır dep, onı kóshe basına baslap ketti. Olar waqıya júz bergen jerge jetip keldi. Atası bul jaǵdaydı tezde 104 nomerine qońıraw etip, waqıya haqqında xabar berdi. Haqıyqatında da gaz trubası ótken jerde gaz shıǵıw jaǵdayı bar edi. Qánigeler tárepinen tez arada bul jaǵdaydıń aldı alındı.*

3. Gaz trubası olardıń úy aldınan emes, al kósheniń arǵı basınan ótken hám olarǵa zıyanı joq edi-ǵoy. Anvardıń atası ne ushın qorqıwǵa tústi? Bul waqıyanı Anvar hám onıń atasına qanday baylanısı bar?
4. Máhálle puqaraların ne birlestiredi?

Máhálle ruwxıy qádiriyatlardıń jáne bir qúdiretli deregi dástúriy shańaraq hám tuwısqanlıq múnásibetleri ádebi qáliplesken mákan. Búgingi kúnde rawajlanǵan mámleketlerde bul hádiyse puqaralıq jámiyetiniń áhmiyetli institutı sıpatında ardaqlanadı.

Buǵan mámleketimizdegi máhálleler ayqın mısal bola aladı. «Máhállede duw-duw gáp» filminiń atın, «Súyinshi» kinofilmindegi sahnalardı esler ekenbiz, bunda máhálledegi qádiriyatlar ayqın sáwlelendirilgenligin kóriwimiz múmkin. Jergilikli ózin-ózi basqarıw uyımları — tikkeley puqaralar tárepinen saylanatuǵın uyımları esaplanadı. Puqaralar jıyını baslıǵı (aqsaqalı) hám onıń keńesgóyleri saylawı mámleketimiz turmısında áhmiyetli orın tutadı. Bul saylaw demokratizm, ashıq-aydınlıq teń saylaw huquqı tiykarında ótkeriledi. Máhálle ǵárezsiz shólkem sıpatında qaytadan bekkemlenedi hám olardıń ayırımları óziniń áyyemgi atların hám xalıq arasında abroy-itibarların qaytadan tiklep aladı.

Biziń máhállelerde baǵıwshısın joǵaltqan keksele yáki nawqas adamlardıń qarawsız qalıwı múmkin emesligi de joqarı insanıy qádiriyatlardan biri esaplanadı. Bul mısallar jámiyetimizdegi teńi joq ne-

### BILIP ALÍŃ

«Máhálle» arabsha sózden kelip shıǵıp, «qala ishindegi qala» mánisin ańlatadı.

2017-jıl 3-fevralda Ózbekistan Respublikası Prezidentiniń pármanı menen «Máhálle maqtanıshı» kókirek nıshanı engizildi.

### TARIYXQA NÁZER

Tariyxshı alım Narshaxiy «Buxara tariyxı» shıǵarmasında bunnan 1100 jıl ilgeri máhálle xalqınıń basqarıw usılı ekenligin jazǵan edi. Áyyemde máhálle tek ǵana sociallıq emes, al administrativlik-aymaqlıq struktura tárizinde de ardaqlanǵan. Alisher Nawayınıń «Hayrat ul-abror» («Jaqsı adamlardıń tań qalıwı») shıǵarmasında tómendegi qatarlar bar:

*«Qalalardıń atın jámlep bir jerge,*
*Hiri degen sháhár tanıldı elge».*

Máhálleniń «qala ishindegi qalasha» degen mazmunı joqarıdaǵı salıstırıp kórinip turǵanınday, orta ásirlerde Hiri dep atalǵan Hirot qalası júz adamlıq «qalasha» — máhállelerden quralǵan eken.

gizge iye bolǵan nızam bolıp, oǵan tiykarınan shembilik shólkemlestiriledi, máhálledegi barlıq máresimler birgelikte alıp barıladı. Eń áhmiyetli sociallıq hádiyselerden biri bolǵan jerlew máresiminiń analizi arqalı insanlardıń óz ara múnásibetlerine jáne de anıǵıraq baha beriw múmkin. Bunday waqıtta máhálle sol dárejede birlesti, hár bir jumıs topar aǵzaları tárepinen kemshiliksiz orınlandı.

Máhálle — xalqımızdıń turmıs tárizinen, ruwxıy-mánawiy talabınan kelip shıǵıp, ideyalıq sanası hám oy-pikiri, insanlardıń óz ara baylanısları, shańaraq múnasibetlerin qáliplestiriwshi, qońsı-qobalıq, quda-qudaǵaylıq sıyaqlı máselelerdi sheshiwde mámleketlik emes shólkem esaplanadı.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Máhálle búgingi kúnde mánawiy-tárbiyalıq islerdi orınlap, jámiyet hám mámlekettiń rawajlanıwına óziniń úlesin qosıp atır.

Ózbektiń toy-merekesi millet tańlamaydı. Shólkemlestiriletuǵın bayram keshelerinde túrli millet wákilleri bir iyinnen turıp, bir-birine járdem qolın sozıp, jaqsı hám jaman kúnlerinde birge boladı. Máhállege kúshli tásirge iye bolǵan jámiyetshilik pikiri máhálle turǵınlarınıń minez-qulqı, óz ara múnásibetlerin ádil hám mánawiy kriteriyalar tiykarında tártipke salıp turadı.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. «Shańaraq, máhálle, bilimlendiriw mekemeleri birge islesiwi» konsepciyasında ne ushın máhállege óz aldına itibar berildi dep oylaysız?
2. Áskeriy kásip iyesi bolıwǵa qálegen insanlarǵa hújjet tapsırıw ushın ne sebepten máhálleden minezleme alıw talap etiledi? Pikirińizdi dálillewge háreket etiń.
3. Ne ushın neke bolmastan aldın qız hám jigittiń minez-qulqı máhálleden sorastırıladı?
4. «Óz úyińdi — óziń abayla», «Máhálle watan ishindegi watan» súrenleriniń jámiyet qáwipsizligin támiyinlewdegi ornı qanday?
5. «Bir perzenttiń tarbiyası ushın jeti máhálle juwapker» hikmetin túsindiriń.

## JUMBAQ

Sen haqqıńda, sensiz sóylesedi. Olar ne nárse?

# 5-§ Insan hám jámiyet

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Siz «Insan», «Jámiyet» degende neni túsinesiz? Ózińizdi jámiyet aǵzası dep esaplaysız ba?
2. Jámiyettiń shın mánidegi belsendi aǵzası bolıw ushın qanday sıpatlarǵa iye bolıw kerek, dep oylaysız?
3. Súwretlerdegi barlıq shaxslardı birlestirip, «jámiyet» degen sózge táriyip berip kóriń.
4. Jámiyet qashan payda bolǵan, dep oylaysız? Jámiyet tariyxı menen qızıqqansız ba?



Insan (arab. umıtıw) — álemdegi basqa biologiyalıq tiri organizmlerden ajralıp turatuǵın áhmiyetli qásiyetlerge, yaǵnıy aqıl, mánawiyat, mádeniyat, ádep-ikramlılıq, oy-pikir, til hám basqa da qásiyetlerge iye bolǵan sociallıq janzat.

Insannıń ózine tán bolǵan pazıyletleri, bul — onıń ádep-ikramlılıǵı, tálim-tárbiyası, eline bolǵan muhabbatı, onıń tınıshlıǵı hám keleshegi jolındaǵı jeke juwapkerligi esaplanadı.

Insan násiline tán bolǵan qásiyet – onıń sanalılıǵı, pikirley alıwı, ádep-ikramlılıq normaların aqlıy hám fizikalıq orınlay alıwı esaplanadı. Basqa tiri janzatlardan hesh biri insanday óz iskerligin tártipke sala almaydı. Insan jámiyette iskerlik júritiwshi janzat sanaladı.

Jámiyet adamlardıń óz ara múnásibetleriniń ámelge asırılatuǵın toparlar jıyındısı hám birlespesi. Sonday-aq, ol adamlardıń sociallıq turmısta ústin bolǵan, joqarı qáliplesken ulıwmalıq mákan.

Hár qanday birlespe de jámiyet bola bermeydi. Biraq qálegen jámiyet birlespe esaplanadı. Insan jámiyet aǵzası eken, sol sociallıq sharayat ortalıǵında jasaydı. Demek, insan hám jámiyet — bir-biri menen úzliksiz baylanıslı: insan jámiyetten sırtta óziniń haqıyqıy mánisin joǵaltadı.

Jámiyettegi múnásibetler qanshelli bay, hár túrli bolsa, onıń ruwxıy-mádeniy sıpatları da sonshelli bekkem boladı. Jámiyet áste-aqırın rawajlanıp, puqaralıq jámiyetke aylanadı.









Insanlardıń bul jámiyette jasawdan maqseti — párawan turmıs keshiriwden ibarat. Watanımızdan jetilisip shıqqan encklopedist alımlar Abu Nasr Farobiy, Abu Rayhan Beruniy, Abu Ali ibn Sino, Alisher Nawayı sıyaqlı ullı oyshıllar jámiyettiń payda bolıwı, mánis-mazmunı hám keleshekleri haqqında jedel ilimiy qarasların alǵa súrgen. Tiykarınan, Alisher Nawayı dóretiwshiliginde dúnyadaǵı eń úlken baylıq — házireti insan delingen. Onıń pikirinshe, ulıwma janzat, barlıq insan ushın, onıń baxtı tınıshlıǵı ushın xızmet

## DÓRETIWSHILIK JUMİS

1. Usı súwretlerde kórsetilgen puqaralardıń jámiyet penen qanday baylanısı bar? Jámiyettiń belsendi aǵzası bolıw ushın qanday sıpatlarǵa iye bolıw kerek?
2. Siz keleshekte qanday kásip iyelemekshisiz? Siz iyelemekshi bolǵan kásip siziń jámiyettiń tolıq aǵzası bolıwıńızǵa qanshelli baylanısı bar?
3. Belsendi puqara dep qanday insanlardı aytamız?

etiwi kerek. Ata-babalarımızdıń usı pikirleri házirde de aktual sanaladı.

Ózbekistanda jámiyet rawajlanıwınıń tiykarǵı wazıypalarınan biri, ol insanlardıń, ásirese, jas áwladtıń ruwxıy dúnyasın qáliplestiriw hám bayıtıw, olardı milliy ideya tiykarında tárbiyalaw, xalqımızdıń mádeniy hám mánawiy miyrasın jáne qádiriyatların iyelewi ushın kerek sharayatlar jaratıw esaplanadı.



**BILIP ALÍŃ**

Jámiyet — turaqlı aymaqta jasawshı, óz talabı hám máplerine kóre birlesken insanlardan ibarat birlespe.



«Insan óz jeke talapları tárepinen basqalardan ajıralǵan halda jasay almaydı, sebebi ol insanlardıń basqa wákilleri menen múnasibette ǵana olardı qanaatlandıra alıwı múmkin. Birlespe aǵzalarınıń barlıǵı ushın májbúriy — huquqıy nızamlar zárúr boladı. Birlespeniń hámme aǵzaları miynet penen shuǵıllanıwı kerek».

**Abu Ali ibn Sino**



## PIKIRLEW USHÍN

*Buzrugmehrden soraydı:*

*— Siz bir waqıtları Sasaniyler mámleketiniń aqılgóy wáziri bolǵansız. Házir de sizden haqıyqatgóy hám dana insandı tabıw qıyın. Aytıńshı, sasaniyler mámleketi ne sebepten daǵdarısqa ushradı?*

*— Bunıń sebepleri tómendegiler: Birinshiden, patshalar óz átirapınan dana hám pazıl insanlardı uzaqlastırıp, mámleket islerin sawatsız hám uqıpsız adamlardıń qolına tapsırıp qoydı. Ekinshiden, patshalar óz máplerin xalıq máplerinen ústin qoydı. Xalıqtı oylamadı, ádalatsızlıqlardı kúsheytip jiberdi. Bunıń aqıbetinde xalıq patshanı qollap-quwatlamadı, bos qalǵan mámleket dushpan tárepinen ańsatlıq penen basıp alındı.*

1. Belsendi insanlar, degende kimlerdi túsinesiz?
2. Mámleket hám jámiyettiń bekkemlesiwi ushın qanday faktorlar zárúr dep esaplaysız?
3. Ilim-pánniń rawajlanıwı jámiyet párawanlıǵına tásir kórsete aladı ma? Qanday jámiyette ilim-pán rawajlanadı?

«Doslıqtıń haqıyqıy tiykarı teńlik esaplanadı; doslıq hesh qashan ortaǵa lawazımdı aralastırmaydı, hámme waqıt teńlikti talap etedi.»

**E. Boesi**

**Shınıǵıw sabaǵı.** Insanlar bir-birine salıstırǵanda miyrim-shápáátli, jıllı sózli, awızbirshilikli, kishi-peyil bolsa ǵana turmısı párawanlasadı. Shańaraq, máhállede óz ara tatıwlıq júzege keledi. Jámiyettiń rawajlanıwı, óz gezeginde, insanlardıń tek ǵana jaqsı maqsetler jolında jasawına úzliksiz baylanıslı esaplanadı.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Birinshi poleolit dáwirinde adamlar qáwim-qáwim bolıp úńgirlerde jasaǵan, tábiyatta-ǵı tayar nárselerdi — tereklerdiń miywelerin, ósimlik tamırların qazıp jep, tirishilik etken. Sońǵı poleolit aqırında júz bergen túp ózgeris alǵashqı qáwim ornında alǵashqı birlespe-qáwimshilik sistemasınıń júzege keliwine sebep boldı. Tuwısqanlıq, ana sheńberinde dúzilgen, ol tariyxta matriarxat dep at aldı. Bir tuqımnan tarqalǵan adamlar birlespesi úlken bir úńgirde yáki bir neshe ılashıqtan ibarat jerde birgelikte jasap, birgelikte miynet etip, kishi bir múlkke iyelik etken.
   Itibar beriń. Bul adamlardı ne birlestirgen? Bunday birgelikte jasawdı puqaralıq jámiyeti, dep ataw múmkin be? Pikirińizdi tiykarlań.
2. Ne ushın puqaralıq jámiyeti insaniyat rawajlanıwınıń ónimi esaplanadı?

## JUMBAQ

Ájáyıp ájayibat. Ol kim?

## 6-§ Puqaralıq jámiyette insannıń oy-pikiri

### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. «Oy-pikir» degende neni túsinesiz?
2. Ózińizdi jaqsı pikirleytuǵın insan sıpatında bahalaysız ba?
3. Jámiyet rawajlanıwında insannıń oy-pikiriniń ornı qanday? Pikir júritiń.
4. Joqarıdaǵı súwretler menen puqaralıq jámiyeti túsinigi arasında qanday baylanıslılıq bar?



Insannıń oy-pikiri, turmıs tárizi, ruwxıy qarasları óz-ózinen, qáliplesip qalmaydı. Olardıń payda bolıwı hám rawajlanıwında anıq tariyxıy, tábiyǵıy hám sociallıq tiykar boladı.

Pikirlew procesi tek ǵana insannıń sanası menen emes, al qálbi hám ruwxıyatı menen de úzliksiz baylanısta keshedi. Pikirlewshiniń ishki dúnyası qánshelli bay bolsa, onıń pikirlew dárejesi de, is-háreketi de soǵan jarasa boladı. Ondaǵı pikir júritiw til arqalı bayan etiledi, basqalar tikkeley qabıl ete alatuǵın, seze alatuǵın formaǵa kiredi hám adamlardıń óz ara pikir alısıw quralına aylanadı. Ensiklopedist alımlar insan pikirlew arqalı tálim-tárbiyanı rawajlandırıwın, ózin kamalatqa qaray jeteklewin eskertken. Demek, pikirlew hám mánawiyat óz ara baylanıslı jáne bir-birin tolıqtıradı.

Abu Nasr Farabiy («Fozil odamlar shahri»), Abu Ali ibn Sino («Tib qonunlari»), Ǵazzaliy («Kimyoi saodat»), Alisher Nawayı («Mahbub ul-qulub») insan

«Hár bir isti qılǵanda insan aldın oylanıp isleydi insan».

**Alisher Nawayı**

Oylaw — arabsha «Pikir» sózinen alınǵan bolıp, oylaw, dodalaw, baqlaw, kóriw hám pikir júritiw mánilerin ańlatadı.

oy-pikirin rawajlandırıwda tek ǵana teoriyalıq bilim, tájriybe arqalı ǵana emes, al shınıǵıw islew arqalı eslep qalıwdı shınıqtırıw, awızeki hám jazba sóylew qábiyletin bayıtıp barıw lazımlıǵın uqtırǵan.

Insannıń aqılı qanshelli ótkir hám tereń bolmasın, pikirlew sheńberi tar hám tómen bolsa, bul aqıl hám zakawat buzıwshı kúshke aylanadı. Sol mánide, mánawiyat insan oy-pikiri, aqıl-zakawatı, barlıq iskerligin dizginlep turadı. Bunda mánawiyattıń ornı ústinlik etedi. Mánawiyat bar jerde tek ǵana ulıwmainsaniylıq qádiriyatlar, insannıń aqılzaka-watın, kúsh-qúdiretin jaratıwshańlıqqa baǵdarlaw múmkin. Sonıń ushın da qay jerde saqlıq hám jankúyerlik, joqarı sana hám oy-pikir húkimran bolsa, sol jerde mánawiyat qúdiretli kúshke aylanadı.

Mámleketimizde búgingi kúnde barkamal áwladtı kamalǵa keltiriw maqsetinde bilimlendiriw sistemasın jańalaw barısında keń kólemli jumıslar ámelge asırılmaqta. Demek, tıyanaqlı pikirge iye bolǵan kámil insanlardı tárbiyalaw puqaralıq jámiyeti rawajlanıwınıń tiykarın quraydı.

Jámiyet turmısındaǵı ózgerisler, bárinen burın, insannıń pikirlewi arqalı ámelge asadı. Insannıń qanday pikirlew tárizi qáliplesken bolsa, soǵan say



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

*Mektepten kiyatırǵan Bahram, sım aǵashta elektr sımınıń úzilip jatırǵanlıǵın kórip qaldı. Aylanıp ótip ketpekshi boldı. Biraq, bul jerden ótiwi múmkin bolǵan jas balalar hám jası úlkenler kóz aldına keldi de, qol telefonınan 1050 — avariya xızmetine telefon etip, mashqalanı ayttı. Mashqala tezlikte saplastırıldı.*

1. Bahramjan itibarsız bolǵanında, onıń aqibeti ne bolar edi?
2. Siz bul jaǵdayda qanday jol tutqan bolar edińiz?
3. Oylap kóriń, bul waqıya menen puqaralıq jámiyeti hám insannıń pikirlewine qanday baylanıslılıq bar?

## PIKIRLEW USHÍN

Teksttegi basqarıw múddeti, iygilikli isler, mámleketti qadaǵalap barıw sıyaqlı túsiniklerdiń búgingi kúndegi xalıq hákimiyatı menen qanday uqsaslıq tárepleri bar?



«Alıs Batıstaǵı qalalardan biriniń xalqı haqqında naqılda, zıyalılar hám jer iyeleri usı qalanı gezekpe-gezek basqaradı eken. Ol jerdi qadaǵalaw baylar hám jer iyeleri arasında izbe-iz bir-birine ótip turadı eken, kimge náwbet kelse, sol úsh ay húkimranlıq etedi. Múddet tamamlanıwı menen hár qaysı húkimdar basqarıw ámelinen túsip, minnetdarlıq ushın sadaqa beredi hám óz xalqı arasına qaytadı, olar kisennen bosaǵanday quwanar hám óz jumısı menen shuǵıllanar eken. Bul sonıń ushın da, mámleketti basqarıw ráhátinen ayrılıw, degen sóz esaplana-dı. Bunda ol sol jerdegi eziwshilerdi eziliwshilerge qaraǵanda ádalatlı etemen, dep dińkesin quritıw degeni. Bul bolsa, óz qol astındaǵılardı hám olardıń ózlerin qorǵaw ushın ilajlar tayarlawda óz janın qıynaw esaplanadı.»

**«Mineralogiya»**

ráwishte onıń jasaw tárizi de jolǵa qoyıladı. Insannıń pikirlewi — insan mánawiyatınıń quramlıq bólegi, dep atalıwı da tegin emes. Oy-pikiri joqarı insan jámiyettiń gúltajı, bekkem tayanıshları bola aladı.

Puqaralıq jámiyetin rawajlandırıwdıń áhmiyetli shárti de insanlar sanasın, mánawiyatın rawajlandırıw — pikirlewin joqarılatıwdan ibarat.

Insan bar eken, ol pikir júritiw qábiliyetine iye.

Insan pikiriniń tereńligi, tınıqlıǵı, ǵárezsizligi, kórkemligi, dóretiwsheńligi oy-pikiriniń sapa hám ólshemleri esaplanadı. Insan oy-pikiriniń áyne usı formaları arqalı dúnyanı ańlaydı, onı ózine tán túrde súwretleydi, juwmaqlar shıǵaradı. Pikirlew táriziniń ózgeriwi puqaralıq jámiyetin rawajlandırıwǵa jol ashadı. Sonday-aq, jámiyettiń ekonomikalıq, siyasiy, mádeniy, mánawiy turmısında ózgerisler jasaydı.

### BILIP ALÍŃ

Puqaralıq jámiyeti — kámil puqaralardan, yaǵnıy úzliksiz baylanısta bolǵan jáne mánawiy, ádepikramlılıq, huquqıy hám siyasıy mádeniyatqa iye adamlardan ibarat jámiyet sanaladı.

«Niyetińizdi abay-lań, ol bar-lıq jumıslardıń basla-nıwı. Hár kimniń niyeti durıs bolsa, onıń ámelleri de durıs boladı».

**Abu Turob Naxshabiy**

Demek, usı jámiyettiń belsendi puqarası bolǵan hár bir insan óziniń pikirlew tárizin joqarılatıwı lazım. Bul arqalı ol tek ǵana ózin emes, al millet-ti, mámleketti dúnyaǵa tanıtıp, teńler ishinde teń bolıwına alıp keledi.



## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Puqaralıq jámiyetinde insan mánawiyatı qan-day boladı?
2. Ádebiyat sabaǵında alǵan bilimlerińizge taya-nıp, tómendegi sorawlarǵa juwap beriń.
   - Alisher Nawayınıń qaysı shıǵarmaların oqıǵansız?
   - Alisher Nawayı shıǵarmalarında mámleket tınısh-lıǵı, párawanlıǵı menen baylanıslı puqaralıq já-miyetine tiyisli qanday ideyalar alǵa qoyılǵan? Alisher Nawayınıń «Jámiyettiń tiykarın aǵartıw-shılıq quraydı», degen pikirine múnasibet bildiriń.
3. Ne ushın mámleketimizde mánawiyatqa úlk-en itibar berilmekte? Jámiyet turmısı, mánawiy jańalanıwın anıq turmıslıq mısallar menen dálilleń.



## JUMBAQ

Ǵárezsiz hám minnetsiz, sadıq dos. Ol ne?



## QOSÍMSHA OQÍW USHÍN

Bir adam suwǵa qarmaq taslap turǵan eken. Qaptalınan ótip baratırǵan adam soradı: «Ey, dostım! Balıq tutıp atırsań ba?» «Men tek ǵana balıq tutıp atırǵanım joq, sonıń menen birge, ótken ómirimdi esaplap atırman, quyashtıń jıllı nurlarınan ráhátlenip, suwdıń aǵısınan lázzetlenip atırman, házir seniń menen sáwbetlesip atırman. Qullası, bir sóz benen aytqanda, pikir júritip jasap atırman», dep juwap bergen eken, ol danıshpan...

**«Farzandnoma»**

# 7-§ Materiallıq hám ruwxıy turmısta insannıń ziyneti

### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Materiallıq hám mánawiy turmıs degende neni túsinesiz? Usı súwretler arqalı pikirińizdi dálilleń.
2. «Ruwxıy turmıs», «materiallıq baylıq», «hadal insan» túsiniklerin salıstırıp, uqsas táreplerin aytıń.
3. Búgingi kúnde mámleketimizde materiallıq hám ruwxıy turmıstı birdey alıp barıw ushın qanday jumıslar ámelge asırılmaqta?
4. Ne dep oylaysız, materiallıq turmıstıń ózi menen jasap bolama?



Insannıń kúndelikli turmısı menen iskerliginde materiallıq hám ruwxıy tiykarlar bir-birine salıstırǵanda qanday orın tutıwı, olardıń qaysı biri ústinlik etiwi haqqında hár túrli, bazıda bolsa qarama-qarsı pikir hám qaraslar bar. Antik dáwir filosofları bolǵan Sokrat hám Platon, Epikur hám Demokrit, qıtaylı danıshpanı Konfuciy hám basqa ulamalardıń teoriyalıq qaraslarında ayrımları ruwxıy dúnyanı birlemshi dep bilse, bazıları bolsa materiallıq dúnyanı tiykarǵı orınǵa qoyadı. Bul eski dúnya, biz jasap atırǵan turmıs jalǵız, bir pútin. Insannıń ishki dúnyası, oǵan berilgen pazıylet hám qásiyetlerdi aqırına shekem ańlaw, túsiniwdiń ózi júda quramalı bir másele bolsa da onı ańlawǵa háreket etip kóremiz.

Biz hár kúni úsh yáki tórt mezgil awqatlanamız. Máwsimlerge qarap ózimizge jarasıqlı bolǵan kiyimlerdi kiyemiz. Sonday-aq ózimizge qızıqlı bolǵan kinolardı, kórsetiwlerdi tamashalaymız hám qosıqlardı tıńlaymız. Jáne bir nárse bar, úyde me, mektep kitapxanasında ma ózimizge qızıq bolǵan, aytayıq, bir kórkem shıǵarmanı oqıwdı baslasaq, kitap qaharmanları ruwxıyatına kiremiz. Qıyalımızda shıǵarmadaǵı waqıyalar ishine túsip qalıp, onı qolımızdan qoymaymız. Hátteki qarnımız ash bolǵanı da esimizden shıǵıp ketedi, ash qalǵanımızdı sezsek te waqıttı qızǵanıp kitaptan basımızdı kótermeymiz. Waqıyalar jedellesiwin, aqırı qanday bolıwın biliwge asıǵamız.

Bul orında materiallıq hám ruwxıy procesler óz ara duslasıp kelmekte. Hár ekewi de insan ushın kerek. Insan bul ómirde jasar eken, hám materiallıq hám ruwxıy qásiyet jáne belgilerin ózine birlestiredi. Insan jasawı hám iskerlik kórsetiwi ushın jep-ishiwi, kiyiniwi, mazmunlı turmıs keshiriwi ushın materiallıq hám ruwxıy talaplarǵa mútáj boladı. Sol sebepli, hár eki tárepke birdey áhmiyet beriw lazım.

Materiallıq hám ruwxıy turmıstıń birlesiwi — insan hám jámiyet turmısında materiallıq jáne mánawiy tiykarlardıń bir-birine salıstırǵanda teńligin, óz ara baylanıslılıǵın kórsetedi.




## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. 1- hám 3-súwretler tiykarında materiallıq turmıstıń ruwxıy tárepleri nelerden ibarat, degen sorawǵa juwap berip kóriń.
2. Jámiyetti kriziske alıp keliwi múmkin bolǵan jaǵdaylar boyınsha mısallar keltiriń.

*Gulnaz máhalle gúzarındaǵı dúkanǵa kirip, bir neshe zat satıp aldı, biraq tartınıp, ol alǵan zatlarınıń shegin soramadı.*

3. Gulnaz puqaralıq qaǵıydalarǵa ámel etti me?
4. Onıń bul háreketi qanday mashqalalarǵa sebep bolıwı múmkin?
5. Siz dúkannan sawda islegenińizde alǵan zatlarıńızdıń chegin soraysız ba? Ne ushın? Pikirińizdi dálilleń.

Materiallıq hám ruwxıy turmıs bir-birin biykarlamaydı. Olar óz ara baylanısıp, bir-birin tolıqtıradı. Insan bar eken, óz arzıw-niyetlerin ámelge asırıwı, baxıtlı jasawı ushın óz turmısın usı eki ólshemge baylanıstıradı.

Mámleketimizde insanlardıń jaqsı jasawı, jámiyettiń belsendi aǵzası bolıwı ushın materiallıq hám ruwxıy turmısı insanlardıń materiallıq hám ruwxıy talapları menen úzliksiz baylanıslı halda payda bolǵan.

Jámiyetlik turmıs materiallıq hám ruwxıy kóriniske iye. Solay eken, jámiyettiń ekonomikalıq rawajlanıwına erisiwde mánawiyatqa, tiykarınan, insannıń huquqların húrmet etiw lazım. Bul mánawiyattıń óndirislik, ekonomikalıq rawajlanıwı menen úzliksiz baylanıslılıǵın kórsetedi. Kerisinshe jaǵdayda, jámiyette ádep-ikramlılıq múnasibetler kriziske ushraydı, insannıń abıroyı, qádir-qımbatı ayaq astı boladı.

Tariyxtan belgili bolǵanınday, óziniń jeke múlkine iye bolǵan shaxs hám bunday shaxslardan quralǵan birlespe ózin, shańaraǵın baǵıwǵa, sonıń menen birge, arttırǵan dáramatı esabınan óz jaqınları menen mútáj insanlarǵa biyǵárez járdem kórsetiwde eliniń, milletiniń tınıshlıǵın saqlaw hám qor-ǵawda shın kewilden jan, kúydirip miynet etedi. Kórinip turǵanınday, materiallıq hám ruwxıy turmıs bir-birin toltıradı, ulıwmalasqan insanlardıń pák niyetlerin ámelge asırıwǵa shaqıradı.

Búgin mámleketimizde materiallıq hám ruwxıy turmıstıń jámlesken halda rawajlanıp barıwına óz aldına áhmiyet berilmekte. Tiykarınan, ekonomikalıq hám ruwxıy proceslerdi óz ara birgelikte jámlestirip rawajlandırıwǵa erisilip atırǵanlıǵı mámleketimizde húkim súrip atırǵan siyasiy-sociallıq, ruwxıy-aǵartıwshılıq, turaqlılıǵınıń ayqın dálili esaplanadı. Mánawiyat hám materıallıq turmıs bir-birin al biykarlamay, qollap-quwatlap kiyatırǵanı ushın da búgin puqaralardıń sanası ózgermekte, jámiyet rawajlanbaqta.

| Jámiyet | |
|---|---|
| **Materiallıq turmıs** | **Ruwxıy turmıs** |
| Insanlardıń jasawı, shaxs sıpatında kamal tabıwı ushın zárúr bolǵan ekonomikalıq sharayatlar; azıq-awqat, kiy-imkenshek, turaq jay, janar may, kommunikaciya quralları; materiallıq zatlar islep shıǵarıw, bólistiriw, almasıw hám qollanıw; materiallıq baylıqlar, tábiyǵıy qorlar hám t.b | Álemdi túsiniw, jámiyet hám insan tuwralı qaraslar, táliymatlar, ideyalar, ideologiya, sananıń formaları, tálim-tárbiya, ǵalaba xabar quralları, mádeniyat, ilim-pán. Áyyemgi táriyxıy estelikler, biybaha shıǵarmalar, materiallıq emes mádeniy miyras hám basqalar. |

**Shınıǵıw sabaǵı:** Insannıń iskerliginde eki áhmiyetli faktor — material-lıq hám ruwxıy dúnyası óz ara birlesse, qos qanatqa aylanǵan jaǵdayda ǵana insan, mámleket hám jámiyet turmısında ósiw-ózgeriw joqarılaw procesleri júz beredi.

«Pul jaqsılıqtı tuwdırmaydı, kerisinshe, jaqsılıq sebepli adamlar jeke turmısında da, jámiyette de pul hám basqa baylıqlarǵa iye boladı».

**Sokrot**



## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Eger insan bay bolsa, bilimi bolmasa, jıynaǵan úlken baylıǵı qanshaǵa jetiwi múmkin?
2. Mánawiyatlı insannıń tawǵan baylıǵınan kimler mápdar boladı?
3. Bir insan hám bay, hám aqıllı, hám dana, hám sahıy bola aladı ma?

*Baylıq penen kámbaǵallıq et penen tırnaq sıyaqlı... Tek ǵana olar waqtı-waqtı menen orın almasadı. Sol sebepli, bay bolǵanıńnan júdá quwanba — ol ótkinshi. Joqlıqqa kóp qayǵırma, bul da ótpey qalmas... Eger insan aqıllı bolsa, hár bir jaqsı, jaman, tosattan bolǵan waqıyalardan ózine kerekli juwmaqlardı shıǵarıp aladı...*



## JUMBAQ

Biybaha zat. Olar neler?

# 8-§ Puqaralıq juwapkershiligi hám baylanıslılıq


1
2
3
4
5
6

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Puqaralıq jámiyettiń belsendi aǵzası sıpatında biz qanday bolıwımız kerek?
2. Bizlerdiń juwapkershiligimiz nelerden ibarat?
3. Baylanıslılıq ne? Ol qashan payda boladı? Wazıypa, minnetleme hám baylanıslılıq bir-birinen ne menen ajıraladı?
4. Puqaralıq baylanıslılıq, puqaralıq juwapkershiligi túsinigi menen usı súwretler arasında qanday baylanıslılıq bar?
5. 1, 4- hám 5-súwretlerde kórsetilgen insanlar ortasında qanday baylanıslılıq bar?
6. 2, 3- hám 6- súwretlerde kórsetilgen insanlardıń 1-súwrettegi insanlar aldındaǵı wazıypaların hám juwapkershiliklerin itibarǵa alıp, olar arasındaǵı baylanıslılıq múnásibetlerin túsindiriń.

Isbilermen miywe shiresin qadaqlap shıǵaradı. Ol juwapkershilikti sezgen halda adam-lardıń salamatlıǵına zıyan jetkermeytuǵın, saylandı ónimlerden paydalanadı. Insanlar salamatlıǵın oylap, barlıq sanitariya-gigiena hám basqa da tártip-qaǵıydalarǵa ámel etedi. Jaramlı-lıq múddetin de qoyadı. Tuwrı, bul wazıypalardı qadaǵalap turatuǵın mámleketlik shólkemler de bar, biraq isbilermen óziniń jámiyet aldındaǵı juwapkershiligin sezgen halda óz jumısına shın kewilden, sap hújdan menen jantasadı.



**BILIP ALÍŃ**

Qay jerde puqaralar jámiyet aldındaǵı wazıypasın hám minnetlemesin seziner eken, sol jerde baylanıslılıq sezimi hám belsendi puqaralıq poziciyası kúshli boladı.

Puqaranıń juwapkershiligi degende — jámiyettiń etikalıq talapların kúndelikli iskerliginde qollay biliw, olarǵa ámel etiw yáki etpew túsiniledi. Bul túsinik puqaralardıń huquq hám minnetlemeleriniń óz ara birligin bildiredi.

Insan óz wazıypasın ańlaǵanı sayın, onıń moy-nında juwapkershilik sezimi de artıp baradı. Qashan insan shańaraǵı aldındaǵı wazıypanı ańlap jetse, ol jámiyet aldındaǵı juwapkerligin túsinedi. Qashan insan jámiyet aldındaǵı wazıypasın ańlap jetse, onda «bul jámiyetke meniń de baylanısım bar» degen sezim payda boladı.

Puqaranıń baylanıslılıǵı — qandaydur iskerlikke, proceske baylanıslılıq, birlesiw esaplanadı. Hár bir puqara Watan táǵdirine baylanısım bar degen sezim menen jasasa, onıń jámiyet aldındaǵı wazıypası hám juwapkershiligi de kúsheyip baradı. Baylanıslılıq se-



## DÓRETIWSHILIK JUMİS

«Puqaralar nızam menen belgilengen salıqlar hám jergilikli jıyımlardı tólewge májbúr esaplanadı.»

1. Ózbekistan Respublikası Konstituciyasınıń 51-statyasında belgilengen usı qaǵıydanı baylanıslılıq túsinigi menen baylanıstırıp túsindiriń. Pikirińizdi mısallar menen dálilleń.
2. Salıqlardı óz waqtında tólemew jámiyet rawajlanıwına qanday tásir kórsetedi?
3. Ekonomikalıq bilim tiykarları páninen alǵan bilimlerińizge tayanǵan halda tómendegi sorawlarǵa juwap beriń:

➔ Salıqlar ne ushın jıynaladı?

➔ Salıqlardan túsken dáramat qanday maqsetlerge sarıplanadı?

➔ Mámleket hám jámiyet rawajlanıwına, tınıshlıq hám qáwipsizlikti támiyinlewge, sociallıq qorǵawdı ámelge asırıwda salıqlardıń qanday ornı bar? Bul proceslerdiń támiyinleniwi siziń turmısıńızda qanday áhmiyeti bar?

zimi insanlardı birlestiredi. Sonıń ushın baylanıslılıq hám juwapkershiligin kúndelikli iskerligine aylandırǵan insan haqıyqıy mánawiyatlı insan esaplanadı.

Ata-babalarımızdan qalǵan ullı materiallıq hám ruwxıy miyrastı qásterlep-saqlaw kelesi áwladlarǵa jetkeriw ushın sol elde jasawshı hár bir puqara juwapker.

Búgin mámleketimizde alıp barılıp atırǵan reformalardıń nátiyjeliligin bunnan bılayda arttırıw,

Adamzat qay jerde tuwılǵan bolsa, sol jerge salıstırǵanda sadıqlıq, dinastiyasına múnasiplilik tuyǵısı, aǵa-ini, apa-sińlilerine miyrim-shápáátlilik sezimi menen jasawı kerek.



## PIKIRLEW USHÍN

*Jol shetinde jası shama menen 60 lar átirapında bir adam terekke súyenip tur. Jolawshılar oǵan biypárwa qarap ketti. Hesh kimniń ol adam menen jumısı joq edi.*

1. Siz áne sonday jaǵdayda qanday jol tutqan bolar edińiz?

a) Terekke súyenip turǵan adamnıń aldına barıp onnan «járdem kerek pe», dep soraǵan bolar edim;

b) Itibar bermes edim;

c) Waqtıma qarayman. Waqtım biymálel bolsa, járdem berer edim.

*(dawamı) Akbarjan mektepten qaytıp kiyatırǵan edi. Onıń qıyalında «bálkim sol adamnıń mazası bolmay atırǵan shıǵar? Bálkim járdem kerek shıǵar?» dep oyladı da bayaǵı adamnıń aldına barıp onıń jaǵdayın soradı. Terekke súyenip turǵan adam, júregi awırıp atırǵanlıǵın ayttı, Akbarjan bándirgide turǵan adamlar aldına barıp, jaǵdaydı túsindirdi. Kimdur qol telefonınan tez járdemge qońıraw etken bolsa, jáne kimdur, bayaǵı adamnıń aldına kelip, onı qolaylıraq jerge ótkeriwge háreket eter edi, jası 40 lardan asqan bir apa bolsa, onıń qolınıń alaqan bólimin massaj etip, tiliniń astına qaltasınan alǵan dárisin salıwǵa járdem berer edi. «Tez járdem» mashinası da jetip keldi. Birinshi járdem kórsetildi.*

2. Akbarjannıń háreketine múnasebet bildiriń. Siz bunday jaǵdayda qanday jol tutqan bolar edińiz?

mámleket hám jámiyettiń hár tárepleme jáne jedel rawajlanıwda hár bir puqaranıń jeke juwapkershiligi hám «baylanısım bar» degen sezimi jatadı.

Sol kóz-qarastan qaraǵanda, Ózbekistanda 2017-2021-jıllarda elimizdi rawajlandırıwdıń Háreketler strategiyasında bes áhmiyetli baǵdar belgilep berildi.

Olar:

1. Mámleket hám jámiyet qurılısın jetilistiriw;

2. Nızam ústinligin támiyinlew hám sud-huquq sistemasın bunnan bılayda reformalaw.

3. Ekonomikanı bunnan bılay da rawajlandırıw hám liberallastırıw;

4. Sociallıq tarawdı rawajlandırıw;

5. Qáwipsizlik, milletler aralıq tatıwlıq hám diniy keńpeyillikti támiyinlew, tereń oylanǵan, óz ara máp-li hám ámeliy ruwxtaǵı sırtqı siyasat júrgiziw, sıyaqlı máselelerdi qamtıp alǵan.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Oylanıp kóriń! Dúnya tek ǵana taw-taslar, dala hám qırlar, aqırı joq shól sahralardan jaralıp, onıń ullı dóretiwshisi adamzat jaratılmaǵanında, dúnya búnshelli gózzal, ómir búnshelli zawıqlı bolmas edi. Solay eken, biz jasap atırǵan dúnya jáne de rawajlanıp, gúllep-jasnawı tek ǵana ózimizge, hár birimizdiń jaratıwshılıq islerimizge tikkeley baylanıslı esaplanadı.

«Kimdur ómirin paydasız ótkeredi, hesh nárse almastan altın ketkizedi».

**Sádiy Sheraziy**

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Ne dep oylaysız? Háreketler strategiyasın óz waqtında hám nátiyjeli ámelge asırıw ushın mámleketimiz puqaralarınıń jeke baylanıslılıq sezimi qanday bolıwı kerek?

2. Mámleketimizdi bunnan bılayda rawajlandırıwda ne ushın puqaralar juwapkershiligine tayanıladı?
3. Shańaraq, máhalle hám mámleket, jámiyet arasında baylanıslılıq juwapkershiligi sistemasın dúziń.

| Baylanıslılıq juwapkershiligi | | | |
|---|---|---|---|
| Shańaraq | Máhálle | Mámleket | Jámiyet |
| | | | |

Ózbekistan Respublikasın qorǵaw — Ózbekistan Respublikası hár bir puqarasınıń wazıypası. Puqaralar nızamda belgilengen tártipte áskeriy yáki onıńornın basıwshı xizmetti ótewge májbúr esaplanadı.

**Ózbekistan Respublikası Konstituciyası, 52-statya**

4. Ózbekistan Respublikasınıń Konstituciyasında puqaralardıń wazıypaların belgilep qoyılıwınan qanday maqsetler názerde tutılǵan, dep oylaysız?
5. Puqaralarda baylanıslılıq sezimi qáliplespegen jaǵdayda, ol jámiyettiń rawajlanıwına qanday tásir etiwi múmkin?

Usı wazıypanı bahalań. Oqıwshılardıń kelesheginen oqıtıwshıǵa qanday qatnası bar?

*N. atlı oqıwshı sabaqqa tayarlanbay keldi. Oqıtıwshı onı klass aldında jerge urdı. N. bolsa: «Siziń ne haqqıńız bar, maǵan baqırıwǵa, meniń ata-anam bar, qálesem, sabaqqa qatnasaman, qálesem joq», — dep juwap berdi.*

6. Qádiriyatlar hám tiyislilik túsinikleriniń qanday baylanıslılıǵı bar?



## JUMBAQ

Awırdan awır... Ol ne?

# 9-§ Ruwxıy qáwipsizlik











## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Ruwxıy qáwipsizlik túsinigine táriyip beriń.
2. Ruwxıy qáwipsizliktiń mánawiyat rawajlanıwına tásirin qanday bahalaysız?
3. Tildi, mádeniyattı jaqsı ózlestirgen insanǵa mánawiy qáwipler tásir kórsete aladı ma?
4. Súwretlerge qarap, búgingi kún jaslarınıń mánawiy túrine baha beriń.

Ruwxıy qáwipsizlik — insan, xalıq hám jámiyet aǵzaların mánawiy hújim, ideyalıq qáwiplerden qorǵawshı sistemanı belgileytuǵın túsinik. Ruwxıy qáwipsizlik milliy qáwipsizliktiń quram bólegi sıpatında ulıwma ilimiy máplerdiń qorǵalıwına baǵdarlanǵan iskerlik esaplanadı. Sonday-aq, ruwxıy qáwipsizlik degende milliy máplerdi támiyinlew talabı sebepli júzege keletuǵın hám jámiyet aǵzaları mánawiy, ideyalıq-ruwxıy turmısınıń turaqlılıǵı jáne qáwipsizligin támiyinlewge qaratılǵan iskerlik hám úzliksiz process túsiniledi.

Belgili bolǵanınday, insan mánawiyatına qarsı islengen qáwip qurallı hújimlerge salıstırǵanda kóbirek tásir kúshine iye bolıp barmaqta.

Tariyxıy tájriybeden belgili bolǵanınday, turaqlı mámleketti iyelemekshi bolǵan basqınshılar, eń aldı menen xalıqtıń ruwxıyatınan, mánawiyatın hám qádiriyatın ıdıratıp jibergen. Bunday millet hám elatlar ózligin joǵaltadı, húkimran ideologiya tásirine túsip, onıń máplerine xızmet etiwge májbúr boladı.

Mámleketler hám xalıqlar arasındaǵı integraciya hám birge islesiw baylanıslarınıń kúsheyiwin, zamanagóy kommunikaciya hám xabar texnologiyalarınıń, ilim-pán jetiskenlikleriniń jedellik penen tarqalıwı nátiyjesinde burın baqlanbaǵan, dástúriy emes qáwipler júzege kele basladı.

Házirde ayrım Batıs mámleketleri tárepinen óz milliy máplerin keńeytiwge tiykarǵı quralǵa aylanǵan «demokratiya eksporti», «reńli revolyuciyalar» hám «informaciya hújimi» sıyaqlı quralları payda boldı. Ǵárezli maqsetke iye bolǵan kúshler ózleriniń ideyaların hár túrli mámleketlik emes shólkemler, joybarlar, fondlar járdeminde ámelge asırıwǵa urınadı. Bunday siyasattı ámelge asırıwda olar informaciyanıń eń qolaylı hám eń tez, eń nátiyjeli qural hám usıllarınan paydalanbaqta. Informaciya ayrım Batıs mámleketleri menen xalıqaralıq terroristlik shólkemler qolında tiykarǵı hám qorqınıshlı quralǵa aylanıp barmaqta. Globallasıw procesi tikkeley informaciya menen baylanıslı. Sol kóz-qarastan qaraǵanda, búgingi kúnde informaciya faktorı hám siyasiy ekonomikalıq tárepten ayırım kúshler mápine aylanıp barmaqta.

Tezlik penen ózgerip atırǵan dúnyada milletler óz qádiriyatların saqlap qalıwı hám kelesi áwladlarǵa jetkeriw menen baylanıslı juwapkershiligi aktual máselege aylanıp boldı.

## DÓRETIWSHILIK JUMİS

1. Ne ushın jaslarımız sırtqı ortalıq tásirine tez túsip qalıp atır?
2. Ne sebepten internet jaslardıń awınshaq mákanına aylanǵan?
3. Berilgen tekstti oqıń. Tekst haqqındaǵı pikir hám túsiniklerińizdi búgingi kúndegi jáhan siyasiy maydanında júz berip atırǵan ózgerisler, tınıshlıq hám insan sanası, oy-pikirine qaratılıp atırǵan qáwipler menen túsindirip beriń.




*Búgingi kúnde de ayrım qúdiretli mámleketler tárepinen turaqlı mámleketlerge, eń aldı menen, jer astı, jer ústi baylıqlarına iye bolǵan aymaqlarǵa qaratıla alıp barılıp atırǵan áne sonday ǵárezli siyasattı dúnyanıń ayırım jerlerinde tınısh turmısımız izden shıǵıwı, hákimiyat tóbesine áyne sol mámleketlerdiń máplerine xızmet etetuǵın kúshlerdiń keliwi menen baylanıslı mısallardı kóriw qıyın emes.*

Mısal ushın, internetke bolǵan mútájlik kún sayın artıp barmaqta, biraq ayırım ǵárezli niyetli kimseler ushın internet «qural» wazıypasın orınlap atır. Sol kimseler dúnya informaciya tarmaǵı arqalı insannıń mánawiyatı jáne milliy hám ulıwma insaniy qádiriyatlarǵa óz tásirin ótkeriwge tınımsız háreket etip atır. Insannıń mánawiyatına qarsı baǵdarlanǵan, bir qaraǵanda arzımas bolıp kórinetuǵın kishkene xabar da informaciya álemindegi globallasıw tezliginen kúsh alıp, kózge kórinbeytuǵın, biraq zıyanın hesh nárse menen qaplap bolmaytuǵın nársege aylanadı.

Xosh, usı qorqıtıw nesi menen qáwipli?

- sulıw uranlar hám shaqırıqlar arqalı jaslardı ǵárezli maqsetlerge ideyalıq ǵárezli etiwge qaratılǵanlıǵı;
- insanlar, ásirese jaslardıń sanasına mámleket hám jámiyet mápine qaratıla itibarsızlıq, pisentsizlik ruwxın alıp kiriwge baǵdarlanǵanlıǵı;
- jaslardıń sanasın iyelewi.

Ideologiyalıq qáwipler aqır-aqıbette, mámleket qáwipsizligi hám milliy máplerine qáwip salıp, jámiyettiń mánawiy kriziske ushrawın belgili etip qoyadı. Bunday qáwipler hárqanday jol menen jaslardıń sanasın hám qálbin iyelep, olardı óli adamǵa aylandırıwdı maqset etip qoyǵan.

Óspirimlik — balalıqtan úlkenlerdiń ele Sizge biytanıs, sırlı turmısına ótiw, beyimlesiwdiń qıyın waqtı. Sizge «Jas balasań ba?», dep aytsa, «Yaq. Men jas bala emespen», dep juwap bergińiz keledi. Úlkenlerdiń ayırım eskertiwleri sizge jaqpaydı. Ózińiz sezbegen jaǵdayda ishińizde «Ne onshama meni tergeyberesiz? Ne, men sizge jas balaman ba?» dep gúńkildep qoyasız. Biraq «úlkenmen», dewge sál tartınasız. Ata-anańızdıń úlkenlerdiń óz minnetlemeleri hám wazıypaları bar, olar sizdi túrli qáwiplerden qorǵawǵa háreket etedi. Bul baǵdarda olardıń ornına ózińizdi qoyıp kóriń. Úkelerińiz-diń nadurıs háreketlerine ózińizdiń múnásibetińizdi esleń. Jáne sizge júda úlken ruwxıy jaqınlıq, másláhátshi zárúr. Bul baǵdarda Siz kitapqa múráját etiń. Jáhan klassikalıq ádebiyatı, milliy mánawiy baylıǵımızdıń dúrdanaları bolǵan «Qabusnama», «Hamsa», «Baburnama», «Humayun hám Akbar», «Fazıl adamlar qalası», «Temur túzikleri», «Qissasi Rabǵoziy», «Jaloliddin Manguberdi», «Uluǵbek ǵáziynesi» hám basqa da kórkem shıǵarmalar turmıslıq sherigińiz bolsın.

Túrli milletlerdiń turmısına «ǵalabalıq mádeniyat» nıqabı astında kirip kelgen qáwiplerdiń tiykarǵı maqseti tómendegilerden ibarat:

1) etikalıq buzıqlıq hám zorlıq, individualizm hám egocentrizm ideyaların tarqatıw jáne sonıń esabınan baylıq arttırıw;

2) basqa xalıqlardıń neshe mıń jıllıq dástúr hám qádiriyatlar, turmıs táriziniń mánawiy negizlerine biypárwalıq;

3) olardı qoparıwǵa qaratılǵan qorqınıshlı qáwipler.

Bazı turmısta ushırasıp turǵan, ádepsizlikti mádeniyat dep, hám kerisinshe, tiykarǵı mánawiy qádiriyatlardı mensinbey, eskilik sarqıtı dep qaraw menen baylanıslı jaǵdaylar rawajlanıwǵa, tınısh turmısqa, ásirese, sizlerdiń táǵdirińizge qáwip salıwı múmkin.

Bunday hújimlerden qorǵanıw ushın ullı ata-babalarımız óz dáwirinde qaldırǵan kámil insan haqqındaǵı etikalıq normalar jıyındısın, zamanagóy tilde aytqanda, «Shıǵısqa tán etikalıq kodeksin» áwladlar qálbine sińdiriw, xalqımız sanasına arnamıs, uyat hám parasat sıyaqlı joqarı etikalıq tuyǵı hám túsiniklerdi qáliplestiriw áhmiyetli esaplanadı.

### TARIYXQA NÁZER

Aqırǵı on jıl ishinde júz berip atırǵan bir tárepten etnikalıq hám diniy kelispewshilikler, ekinshi tárepten islam hám musılmanlarǵa salıstırǵanda ǵárezlilik (islamofobiya, diffamaciya) tábiyiy, social-ekonomikalıq turaqsızlıqqa alıp keledi, tınısh rawajlanıw procesin izden shıǵaradı, insaniyat qáwipsizligi hám xalıq aralıq turaqlılıqqa qáwip saladı.

### PIKIRLEW USHÍN

Qánigelerdiń pikirinshe, házirgi kúnde informaciya ekonomikanıń eń dáramat keltiriwshi deregine aylanıp barmaqta. Máselen AQSH strategiyalıq izertlewler institutınıń maǵlıwmatlarına bola, informaciya ónimine sarıplanǵan hár bir dollar, janarmay-energetika tarawına invisticiyalanǵan 1 dollarǵa salıstırǵanda birneshe on ese payda keltiredi. Bul tek ǵana onıń ekonomikalıq tárepi, onıń siyasiy tárepi bolsa jeke máplerine erisiwde oǵada arzan, oǵada qolaylı jollar menen erisiw sıpatına qaralmaqta.

AQSH ta ótkerilgen milliy sorawlardıń kórsetiwinshe, 2005—2014-jıllar 12—17 jaslı óspirimler arasında depressiya (túskinlik) eń kúsheygen dáwir bolǵan.

**The New York Times**

Abdulla Qahhor óz eske túsiriwlerinde ózi sol waqıtta jasap turǵan awıl xalqı 1914-jıldıń sentyabrinde baslanǵan Birinshi jáhan urısı haqqındaǵı xabardı tórt aydan soń, 1914-jıldıń dekabrinde esitkenligin jazǵan. Búgin bolsa adamlar dúnyanıń qálegen jerinde júz berip atırǵan waqıyalardan tez xabardar bolıw imkaniyatına iye.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Insan óz jeke pikirine, turaqlı isenimine, ózi súyenetuǵın turmıslıq milliy qádiriyatlarǵa, jaratıwshańlıq dúnya qarasqa, bekkem sabırlılıqqa iye bolmasa, túrli sum niyetli ideologiyalardıń qısqısına shıdam beriwi qıyın boladı. Bul sıyaqlı ashıq yaki kórinbes hújimge salıstırǵanda joqarı mánawiyatlı insanlar ǵana ziyreklik penen, pikirge qarsı pikir, ideyaǵa qarsı ideya, jawızlıqqa qarsı aǵartıwshılıq penen gúrese aladı. Bul qatlam insanlardıń pútkilley ruwxıy dúnyasına óz xalqınıń úrp-ádetlerine, dástúrlerine, til hám mádeniyatına sheksiz mehr hám muhabbat tuyǵısı menen suwǵarılǵan boladı.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Búgingi kúnde mánawiy qáwipsizlikti támiyinlew barasında elimizde qanday reformalar ámelge asırılıp atır?
2. Siz ózińizdi mánawiy qáwip-qáterden awlaq insan dep bahalaysız ba? Pikiríńizdi dálilleń.

## BILIP ALÍŃ

Jalǵanlıǵı aldınnan belgili gápti haqıyqat dewden de artıq uyatsızlıq joq!

**«Qabusnama»**

## JUMBAQ

Dostı bilmeydi, dushpannıń parqına barmaydı, ózi birewge jaqsılıq ete almaydı. Ol kim?

# 10-§ Bekkem jigerlilik — kúshli mánawiyat kepili

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Bekkem jigerlilik túsiniklerine túsindirme beriń.
2. Bekkem jigerlilik hám isenimge iye bolıw ushın insanda qanday pazıyletler birlesken bolıwı kerek, dep oylaysız?
3. Bekkem jigerlilikke erisiwde insanlardıń jámiyettegi ornı qanday bolıwı kerek?
4. 2016-jılǵı xalıq aralıq olimpiada da qatnasıp jeńimpaz bolǵan sportshılarımızdı kúshli insanlar dewimiz múmkin be?
5. Qanday insanlar bekkem jigerli insanlar delinedi?




Jigerlik — adamnıń ishki hám sırtqı umtılıwları, imkaniyat hám uqıplılıǵı maqseti jolında paydalanıp, basıqlıq penen háreket etiw, sınaw hám mashaqatlardı jeńip ótiwge, hárqanday jaǵdayda da ruwxıy teńsalmaqlılıqtı saqlawǵa sebep bolatuǵın ruwxıy pazıylet esaplanadı.

Insan bekkem jigerliligi sebepli kereksiz oylardan keshedi, túrli ruwxıy hám materiallıq qıyınshılıqlarǵa shıdam beredi, óz ómir jolın belgilep aladı. Insannıń mánawiyatı joqarılawı menen onıń jigerliligi de kúsheyip baradı. Jigerlik – bul negizinde bekkem isenim degeni. Jigerli adam ózine isenedi hám hárqanday quramalı wazıypanı da óz moynına alıwdan qorıqpaydı. Hárqanday sharayatta da bunday insanǵa

súyeniw múmkin. Olar basıńızǵa birde-bir táshwish yaki mashqala túskendey bolsa, hesh ekilenbesten, qasıńızda turıp, qolınan kelgeninshe járdem beriwge, qıyınshılıqlardı siz benen birge jeńiwge háreket etedi.

Jigerli, iyman-isenimli insandı harqanday jeńil-jelpi is-háreketler hám buzǵınshı ideyalar menen joldan azdırıp bolmaydı. Jigerlik ideologiyalıq immunitettiń tiykarı sanaladı.

Ideologiyalıq immunitetti qáliplestiriw ushın insanda kúshli, bekkem inta bolıwı lazım. Ideologiyalıq immunitet bolsa bilimge tiykarlanadı. Ilimli insan óz iskerligin ekilenbey, bálki tereń oylap, pikirlew menen basqaradı.

Jigerli insan muqaddes dástúrlerimiz, milliy qádiriyatlarımız, materiallıq hám ruwxıy miyrastı asırap-abaylawdı ullı maqsetlerge aylandıradı. Sonday aq, tariyxtı, Watanınıń tariyxın bilgen jaslardı aljastırıp bolmaydı, olar intalı jigerli jaslar esaplanadı. Bekkem jigerliligi arqalı ǵana mánawiyattı ańlaw múmkin. Mánawiyattıń tiykar tiregi de kúshli, bekkem jigerlikke tayanadı.

Qay jerde ideologiyalıq boslıq payda bolsa, sol jerde jat ideologiya húkimranlıq etiwi sózsiz. Milliy ideya, milliy ideologiyaǵa iye bolmaǵan insan ózin hám átiraptaǵılarǵa salıstırǵanda itibarsız boladı.

Bizlerdiń úlkemizde jasap ótken ullı ata-babalarımız, tiykarınan, Muhammed Musa Xorezmiy, Abu Nasr Farabiy, Ahmad Ferǵaniy, Abu Rayxan Beruniy, Abu Ali ibn Sina, Maxmud Zamaxshariy, Mırza Uluǵbek hám basqa alımlarımızdıń ólmes biybaha shıǵarmaları, ilimiy miyraslarında insanlardıń kúshli hám keńpeyil bolıwı, tek ǵana oqıp-úyreniw arqalı ǵana joqarı mánawiyat iyesi bolıw múmkin degen pikirler belgilep ótiledi.

**BILIP ALÍŃ**

Ideologiyalıq immunitet — shaxs, sociallıq topar, millet, jámiyetti túrli zıyanlı ideyalıq tásirlerden qorǵawǵa xizmet etetuǵın ideyalıq-teoriyalıq qaraslar hám qádiriyatlar dizimi esaplanadı.

Franciyada jámiyetti demokratiyalastırıw procesi 200 jıllarǵa sozılǵan bolsa, Angliyada bolsa 500—600 jıllardı óz ishine alǵan.

Joqarı mánawiyat qarar tapqan jámiyette puqa-ralardıń aktivligi de, watanǵa súyispenshiligi de joqarı boladı. Haqıyqıy jigerlik sonda kórinedi.

2016-jıldıń 7—18-sentyabr kúnleri Braziliyanıń Rio-de-Janeyro qalasında bolp ótken XV jazǵı Paralimpiyada oyınlarında sportshılarımız erisken joqarı jeńisler xalqımızǵa sheksiz maqtanısh baǵıshladı. Ózbekistan sportshıları usı jarısta 8 altın, 6 gúmis hám 17 bronza medalın qolǵa kirgizip, Watanımız abıroy-itibarınıń xalıq aralıq maydanlarda jáne de joqarılawına múnasip úles qostı.

Fizikalıq imkaniyatları sheklengenine qaramastan, bekkem jigerli watanlaslarımız mártlik kórsetip, joqrı nátiyjelerge eriskenligi hám dúnyanıń eń kúshli mámleketleri qatarınan múnasip orın iyelegenligi — haqıyqıy mánawiy joqarılaw úlgisi esaplanadı. Demek, bekkem jigerlilik jeńiske jetekleydi.





## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Insan jigerli bolıwı ushın ne islewi kerek?
2. «Jigerli insanda barlıq jaqsı pazıyletler birlesken boladı», degen pikirge qanday qaraysız?
3. Tómendegi tekstti oqıń hám óz pikirińiz benen túsindiriń.

Insan jigerlilik háreketin ámelge asırar eken, ózine húkimran talap hám qálewlerine qarsı turadı: Jigerlik ushın «men qáleymen» degen túsinikti emes, bálki «kerek», «orınlawım shárt» degen sózdi ózine qoyıw, kerek.

Insan iskerliginiń barlıq túrleri hám hárqanday miynet adamnan bekkem jigerlikti talap etedi. Jigerlik miynette payda boladı hám toplanadı. Jigerliktiń sanadaǵı iskerligi háreket maqsetin belgilewde, maqsetke erisiw quralları hám jol-jobalardı aldınnan anıqlap, belgili bir qararǵa keliwde hám de bul qarardı orınlawda kórinedi. Adamda jigerliktiń qay dárejede ekenligi maqsetin qanday júzege shıǵarıwında kórinedi.

**Ózbekistan Milliy encklopediyası**

## PIKIRLEW USHÍN

Tómendegi tekstti oqıń. «El-ulıs hám jurt keleshegine payda keltiretuǵın isler menen shuǵıllanıw», degende qanday jumıslar názerde tutılǵan, dep oylaysız? Pikirińizdi dálilleń.

### ZAWÍQLÍ SÁWBET

Kúnlerdiń birinde, perzent dedi: — Ákejan, maǵan násiyat qılsańız...

Áke: — Balam, eger, ómirimdi múnasip jasap óteyin deseń, óz ómirińdi tiykarınan tórt bólimge ból. Olardıń birinshisi — ata-ana hám fazıl adamlardan jaqsı ámeller sırların úyreniw; ekinshisi — ilim alıw hám óner iyelew menen bánt bolıw; úshinshisi — el-ulıs hám jurt rawajlanıwına máp keltiretuǵın jumıslar menen shuǵıllanıw; tórtinshisi — perzentlerge jaqsılıq hám ádalat ruwxı menen suwǵarılǵan tálim-tárbiya hám de turmıslıq zárur kásipti úyretiw.

**«Farzandnoma»**

Bekkem jigerli insan — mánawiyatlı insan sanaladı. Mánawiyatlı insan hárbir másele hám mashqalaǵa aqıl-oy, insap hám ádalat kózqarasında boladı. Joqarı mánawiyat iyesi hújdán, insap, iyman, ar-namıs, tuwrılıq, hadallıq sıyaqlı páziyletlerdi óz turmısında hámiyshe qollap jasaydı. Ana Watan, milleti hám xalıqtı súyedi hám onı asırap-abaylawdı muqaddes insanıylıq wazıypası dep biledi.

Aqıl, salamat pikir, jaqsı qulıq, insap hám ádalat bayram qılıp, túrli unamsız illetler saplastırılǵan mámlekette mánawiyat joqarı shoqqıǵa alıp shıǵıladı. Bunday mámlekettiń puqaraları da bekkem jigerlikke iye boladı.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Mánawiy insan bekkem jigerlikke tayanadı. Jámiyettiń keleshegi de pák niyetli insanlardıń bekkem jigerligine baylanıslı. Solay eken, mánawiyat, insannıń, xalıqtıń, jámiyettiń, mámlekettiń kúsh-qúdireti esaplanadı. Ol joq jerde heshqashan baxıt-tınıshlıq bolmaydı.

Sabırlılıq — gáwhardan qımbat. Sabırlı insannıń gáwharı sonda, ózi ǵam-táshwish te tursa da, túskinlikke túsip qalǵan adamǵa biraz áwmeti júrispegenligi sebepli, túskinlikke múriwbet hám saqıylıqqa tolı mehri menen oǵan qol uzatadı.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Sizdiń puqaralıq wazıypańız nelerden ibarat?
2. Eger sózińizge biraz ótirik qosılsa, bul jigerligińizge qanday tásir etedi?
3. Sabır-qanaat, sıyaqlı túsiniklerdiń jigerlilik penen qanday baylanısı bar?
4. Jigeri insanlardıń ibratlı ómir jolları haqqında gúrrińler toplań.

## QOSÍMSHA OQÍW USHÍN

➔ 1989-jıldıń 19-oktyabr kúni Oliy Májlistiń sessiyasında ózbek tiline mámleketlik tili biyligin beriw tiykargı másele sıpatında dodalawǵa qoyılıp, 21-oktyabr ózbek tili mámleket tili dep daǵazalandı.

➔ Neshe ásirlik qádiriyatlarımız esapqa alınıp, milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlardıń ústinligin támiyinlew maqsetinde kirill grafikasınan latın álipbesine ótildi.

➔ Watanlaslarımızda ózlikti ańlaw, kelip shıǵıwı tereńirek biliw qálbinde Watanǵa muhabbat tuyǵıların qáliplestiriw maqsetinde tariyxıy jer atları tiklendi.

➔ 2001-jıldan baslap, mámleketimizde hár jılı 31-avgust kúni – Qataǵan qurbanların eslew kúni sıpatında belgilene basladı.

➔ Musılmanlardıń «Qurban Hayt», «Ramazan Hayt» bayramları belgilenedi. Sonday-aq, 1989-jıl 28-fevralda Ózbekistanda Nawrız bayramın tiklew haqqında qarar qabıl etilip, «Nawrız» bayramı ulıwma xalıq bayramı dep daǵazalandı.

## JUMBAQ

Hár dayım qasıńda, ilájsız qalǵanıńda saǵan súyenish, baxıtlı kúnlerińde násiyatgóy. Olar neler?

# 11-§ Ruwxıylıq kámillikke jetekleydi








## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:



1. Súwretlerden paydalanǵan halda mámleketimizde jaslarǵa berilip atırǵan imkaniyatlar haqqında aytıp beriń.
2. Tálimdi-tárbiyadan, tárbiyanı bolsa tálimnen ajıratıp bolmaydı, degende siz neni túsinesiz?
3. Kámil insan qanday sıpatlarǵa iye bolıwı kerek? Juwabıńızdı dálilleń.
4. Búgin Ráwshan ushın ájayip kún. Matematika páninen ótkerilgen respublika olimpiadasında birinshi orındı iyelep, xalıq aralıq dárejede ótkeriletuǵın olimpiadaǵa jollama aldı. Ol haqqında respublika televideniyesinde kórsetiw berilgeninde ata-anası menen bir qatarda klaslasları hám máhállelesleri de quwandı. Ráwshannıń bunday jetiskenlikke erisiwinde kimlerdiń xızmeti bar? Onıń bul jeńisi jámiyetimizge qanday payda keltiredi?
5. Watanlaslarımız xalıq aralıq jarıslarda jeńis-ke erisken, olardıń jeńislerine baǵıshlap mám-leketimizdiń gimni aytılǵanda neni sezesiz?

Búgingi kúnde júda tezlik penen rawajlanıw hám jedellesiw shárayatında ǵárezsiz Ózbekistan óziniń ullı keleshegin bilimli, aqıllı, miynetsúygish, márt, mánawiyatı joqarı, fizikalıq kúshli bolǵan jas áwlad tımsalında kóredi. Bunday hár tárepleme barkamal áwladtı ósirip, jetilistiriw mámleketimizdiń eń baslı wazıypalarınan sanaladı.

Qaysı bir jámiyette ilimsizlik, jawızlıq bar bolsa, ol jerde muqaddes qádiriyatlar joǵaladı, adamgershiliktiń mánis-mazmunına zıyan jetedi. Aqibette bul jámiyet kriziske júz buradı. Sonday eken, hárbir adam, waqıttı ǵániymet bilip, bárkamal áwlad tárbiyası jolında ter tógiwi turmıslıq zárúrlik esaplanadı. Qarańǵılıqtı ilim nurı jarıtadı. Oy-pikir nurı, óz náwbetinde, jámiyet gúllep-jasawına tiykar bolıp xızmet etedi. Tek ǵana oy-pikir óz artınan hám materiallıq, hám ruwxıy baylıqtı jetekley aladı. Ol — páklik, aǵartıwshılıq bulaǵı. Sulıw minez-qulıq, gózzal ádep deregi.

Ilim-pán rawajlanıwı sebepli tálim-tárbiya, ádep-ikramlılıq sebepli fazıl insanlar, bilimli, ziyrek áwladlar er jetetuǵın aǵartıwshılıqlı jámiyet júzege keledi. Bunday jámiyet rawajlanadı, joqarılaydı. Puqaralıq jámiyeti rawajlanıwında hárbir insannıń watan súyiwshiligi lazım boladı. Watan súyiwshilik, wazıypaǵa sadıqlıq, tınıshlıqtı saqlaw, tábiyattı asraw sıyaqlı joqarı qádiriyatlar insan sanasına sińip barıwı maqsetke muwapıq esaplanadı.

Ata-babalarımızdıń altın miyrasların qálbke jaylastırmay turıp insan kámilliligi haqqında pikir júrgiziw qıyın. Insannıń ómirine mazmun kirgizetuǵın, ózligin ańlatatuǵın ullı qádiriyat, bul — xalqımızdıń materiallıq-ruwxıy miyrası, hikmetleri, naqıl-maqalları hám jumbaqları esaplanadı. Bular aqılıy jetik, fizikalıq kúshli etip, el-jurt mápi hám keleshegi jolında pidayılarsha miynet etetuǵın jas áwladtı ósiriwde ruwxıy tiykar bolıp xızmet etedi. Ótmishte babalarımız hikmetlerinde insannıń kámalǵa jetiwinde qımbatlı pikirler óz kórinisin tapqan. Insan ilim hám aǵartıwshılıqqa qálbin ashıw, onı ruwxıy azıqlandırıw arqalı erisedi.

Ata-babalarımız jaratqan biybaha tarıyxıy estelikler, ózimizdiń jaratıwshańlıǵımız esabına boy tiklep atırǵan kórkem biná hám imaratlar, abat máhálleler, bereketli shańaraqlardıń kún sayın kóbeyiwi Watan

**BILIP ALÍŃ**

Ullı Shıǵısta sonday jazıp-jazılmaǵan dástúr bar, yaǵnıy adamzattıń ómir jolında oǵan tuwrı jol kórsetiwshi, óz niyeti hám tilekleri menen oǵan áwmetler tilewshi — ata-ana hám ustazlar esaplanǵan. Sol sebepten jámiyette bunday házireti insanlar dárejesi óz aldına húrmetke iye bolıp, olarǵa hámiyshe talap (mútájlik) sezilgen. Bul hádiyse — Ullı Shıǵıs turmıs tariziniń, kerek bolsa, onıń muqaddes insaniy qádiriyatlarınıń irge tasın quraǵan hám házirde de sonday.

alaqanındaǵı gáwhar sanaladı. Eń áhmiyetlisi, bul — gáwhar — ata-babalarımız kewilli ashıqlılıǵı, keleshekke bolǵan isenim-jigerliligi, bekkem iyman-iseniminiń ónimi hám álbette biz hám de perzentlerimiz nátiyjeli miynetiniń ónimi esaplanadı. Sonıń ushın da, bul dóretpe biybaha, súyikli hám qádirli bolıp tabıladı.

Xalqımızǵa tán bolǵan ruwxıy miyrasımızda ana háyyiwi muqaddes esaplanadı. Sebebi, háyyiwde, ana dárti, millet dárti jámlesip ketken. Onıń túp mánisinde mánawiyatın ańlaw, kamal tabıw, jurt keleshegi sıyaqlı pák niyetler jatadı.

Biziń xalqımız ázelden jańalıqqa umtılıw, bilim sırların tereń ózlestiriw, tereń pikirlew, óz aldına maqset qoyıw hám bul jolda ónimli miynet etiw sıyaqlı joqarı adamgershilik sıpatları bekkem ornasqan. Bunday insanlar bilimi hám de súyikli kásibiniń óniminen jámiyette óz aldına abıroy-itibar tapqan bolsa, úlgili minez-qulqı sebepli húrmet-izzetke erisip, baxıtlı ómir keshirgen. Insan kamalatınıń joqarılawına rasgóylik, hadallıq, keshirimlilik,



## DÓRETIWSHILIK JUMİS

1. Siz anańızdıń úkelerińiz ushın aytqan háyyiwin esitkensiz be?
2. Ne ushın bul qosıqtı hár kúni esitsek te esitkimiz keleberedi, oǵan jarasa jigerlilikke, shiyrin arzıwlarǵa berilemiz?
3. Biypárwalıq, erinsheklik, birewdiń haqınan qorıqpaw, ótirik sóylew sıyaqlı illetler insanlar keleshegine qanday tásir kórsetedi?
4. Siz bul sıyaqlı illetlerge qarsı gúrese alasız ba? Bunday illetlerdiń aldın alıw ushın qanday jol tutıw kerek?
5. Tómendegi gúrrińniń jámiyet rawajlanıwı ushın qanday tásiri bar dep oylaysız?

*Kóshede ház etip top tewip júrgen Amandı anası shaqırıp qaldı. Aman anasınıń bul shaqırǵanınan narazı bolsa da, ilajsız anasınıń aldına barıp, olar kósheme-kóshe futbol oynap atırǵanlıǵı, eger ol ketse, máhallesi jeńilip qalıwın ayttı. Anası: «Meyli mine bul shıǵındılardı taslap kelip, oyınıńdı dawam ettireseń», dep jumıs buyırdı. Aman anasınan juwap tiygenine quwanıp, shıǵındı salınǵan shelekti alıp juwırıp ketti de, biraq shıǵındılardı jol shetindegi salmaǵa tógip jiberdi.*

6. Amannıń is-háreketin bahalań.

sabırlı bolıw, ısrapqa jol qoymaslıq, dosqa sadıqlıq hám sır saqlaw, sóylesiw ádebi hám keńpeyillik sıyaqlı pazıyletlerin qádirleytuǵın naqıl-maqal hám aqıldı shınıqtıratuǵın hikmetli sózlerdiń ornı ayrıqsha.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Jaqsı maqset sayın aldıǵa umtılıw, waqtın zaya ótkizbew, miynetten qashpaw, ilim alıw hám álbette tereń pikirlew — jámiyet aǵzaları ómir mazmunın quraǵan. Bilimli hám ónerli adam, ziyrek aqıl hám sulıw ádep iyeleri bul dúnyada mazmunlı hám bereketli turmıs tárizin jasap basqalarǵa úlgi bolǵan.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. «Biz xalqımızdıń dúnyada hesh kimnen kem bolmaslıǵı, perzentlerimizdiń bizlerden de kóre kúshli, bilimli, dana hám álbette baxıtlı bolıp jasawı ushın bar kúsh hám imkaniyatlarımızdı sarıplap atırǵan ekenbiz, bul baǵdarda mánawiy tárbiya máselesi, hesh gúmansız, oǵada úlken áhmiyet payda etedi», degen pikirdiń negizinde qanday ideyalar jatadı? Pikirińizdi ámeliy mısallar menen túsindiriń.
2. Siz keleshekte ózińizdiń aldıńızǵa qanday maqsetler qoydıńız?
3. Shańaraǵıńızda kásip-óner menen baylanıslı dástúrler bar ma?
4. Siziń kámil insan bolıp jetilisiwińiz ushın mámleketimizde qanday imkaniyatlar bar?
5. Jurtımız oyshıllarınıń bilm alıw haqqında bildirgen pikirlerin toplań hám olardıń mazmunın aytıp beriwge háreket etiń.

## JUMBAQ

Nawqas, biraq dúzeliwin qálemeydi. Ol kim?

## BILIP ALÍŃ

Tirishiliktıń sırı — ilim, ádep, sanalı iskerlik bolsa, onıń tiykarı ziyrek aqıl, dawamıylıǵı — ónimli miyneti esaplanadı.

«Insan tábiyatın tazalawshı sıyqırlı kúsh — hikmet».

**Abdurahman Jámiy**

## 12-§ Insan ruwxıylıǵında aǵartıwshılıqtıń ornı







### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. «Aǵartıwshılıq» túsinigine táriyip beriń.
2. Qanday insanlardı aǵartıwshı insanlar dep ataymız?
3. Ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq túsiniklerin bir-birine baylanıstırıp túsindiriń.
4. Mánawiy insan aǵartıwshı insan bola aladıma? Usı súwretler menen pikirińizdi salıstırıń.

Aǵartıwshılıq (arab. — biliw, bilim, maǵlıwmat, tanıw, tanısıw) — tábiyat, jámiyet hám insan mánisi haqqındaǵı bilimler, maǵlıwmatlar, tálim-tárbiya hám bilimlendiriw sistemasınıń jámlesiwin ańlatıwshı túsinik. Sonday-aq, aǵar-tıwshılıq túsinigi bilimli, maǵlıwmatlı, mána-wiyatlı insanǵa qaratıla qollanıladı.

Aǵartıwshılıq haqqında áyyemgi táriyxiy miyrasımız «Avesto»da da aytıp ótiledi. Onıń aǵartıwshılıq, jaqsılıqtıń kóriniwi, jaqsı pikir hám jaqsı sózdi ámelge asırıwshı kúsh sıpatında talıqlanǵan. Bunnan basqa, oyanıw dáwiri alımları Imam Buxariy, Imom Moturidiy, Axmet Yassawiy, Bahauddin Naqshband sıyaqlı alımlardıń ózleriniń biybaha aǵartıwshılıq shıǵarmaları arqalı ulıwma insanıylıq mádeniyatların jaratıw tiykarshıları sıpatında úlken úles qosqan. Tiykarınan, Hakim Termiziy «Kitob bayan-al-ilim» atlı shıǵarmasında aǵartıwshı nur, jaqtılıqqa teńlestirgen.

Aǵartıwshılıq – ruwxıylıqqa alıp keletuǵın jol, onı qáliplestiriwshi qural esaplanadı. Aǵartıwshılıq millet tariyxınıń ajralmas quramlıq bólegi esaplanadı.

«Bilim insannıń eń lázzetli hám jaqsılıq jolındaǵı iskerligi esaplanadı».

**Aristotel**

Túrkistan úlkesinde júz bergen jadidshilik háreketi qatnasıwshıları mádeniy artta qalıwshılıq hám koloniya zulımınan xalıqtı zamanagóy rawajlanıw jolına alıp shıǵıw, milliy mámleketshilik tiykarların qurıw ushın aǵartıwshılıq jolınan paydalanıladı. Olar kóplep mektep ashadı, kitap basıp shıǵarıw, ilim-pán, ádebiyat, bilimlendiriwdi milliy tiykarda shólkemlestiriwdi jaqlap shıǵadı. Olar payda etken mektepler xalıqqa, eń aldı menen,



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Biz qanday insandı qálbi gózzal insan dep ataymız?
2. Eger insan júda bay, sulw-kórkem bolsa, ol insandı kewli ashıq, dana dep ataw múmkin be? Juwabıńızdı dálilleń.
3. Tómendegi gúrrińdi oqıp, insannıń ishki hám sırtqı gózzalıǵı haqqında pikir júrgiziń.

## PATSHANÍŃ EKI XÍZMETKERI

Patshanıń eki xizmetkeri bar eken. Birewi júdá gózzal bolıp, ekinshisi onıń kerisinshesi edi. Bir kúni patsha ekewin sınaw maqsetinde aldına shaqırdı hám shıraylı xizmetkerine qarata:

— Sherigiń haqqında ne deyseń?- dedi. Sonda ol:

— Onıń minezi júdá jaman. Isenimli emes. Qolınan hár qanday jamanlıq keliwi múmkin, — dedi.

Patsha argı xizmetkerin qasına shaqırıp dedi:

— Sherigiń haqqında ne deyseń?

— Patshayım! Men sherigim haqqında bir awız sózde ayta almayman. Men tek ǵana onıń jaqsılıǵın kórdim, — dep juwap berdi.

Sonda patsha jáne soradı:

— Ol sen haqqıńda jaman pikirde, buǵan ne deyseń?

— Patshayım! Hesh bir bende ayıpsız bolmaydı. Men óz kemshiliklerimdi tán alaman.

Keyin patsha minezi jaman xizmetkerin shaqırıp, oǵan sonday dedi:

— Qálbiń taza emes eken. Maǵan járdemshi bola almaysań. Tez sarayımnan ket! Patsha argı xızmetkerine qarap:

— Qálbiń sırtqı kórinisińnen gózzal eken. Sen meniń isenimli adamımsań.

ağartıwshılıq tarqatıw, zamanagóy ilim-pándi sıńdiriw zárúrligi haqqındağı pikir jádidlerdiń ağartıwshılıq iskerligindegi eń tiykarğı maqset edi. Milletti, xalıqtı ağartıwshı etiwge barlıq ómirin bağıshlağan watanlaslarımızdan Behbudiy, Munavvar qori, Fitrat, Chulpon, Pahlavon Niyoz Hoji, Abdulla Avloniy, Hamza Hakimzoda, Abdulla Qodiriylardıń úlesleri úlken boldı.

Mámleketimiz ğárezsizlikke eriskennen keyin ağartıwshılıqtı tiklew hám rawajlandırıw ushın keń imkaniyatlar jaratıldı.

Ruwxıylıq hám ağartıwshılıq birlesiwi nede kórinedi? Jámiyet puqaralarınıń ruwxıylığı ağartıwshılıq procesler menen úzliksiz baylanıslı. Insan mánawiyatı ol ózlestiretuğın bilimler, ámeliy tájriybe hám kónlikpeler tiykarında, dóretiwshilik kamalatı menen baylanıslı.

Mánawiyatlı insan erkin hám tınısh jámiyette jasawdan mápdar bolıp, óziniń jámiyetke úles qosıwı, jámiyette abroylı orın iyelewi ushın pidayılıq kórsetedi. Tek ğana shın mánidegi ağartıwshılıqqa iye bolsa ğana bunday islerdi isley aladı. Turmıslıq bilim hám tájriybelerge iye bolmağan insannıń jámiyetke úlesi tiymeydi. Insan mánawiyatı ağartıwshı bolıwdı támiyinleydi. Ağartıwshılıq jolında hár kim óz ziyrekligi, bilimliligi, qábiliyeti, umtılıwına jarasa belgili bir dárejege erisedi.

Jámiyetti ağartıwshı insanlarsız kóz aldımızğa keltire almaymız. Ağartıwshı insan sózi negizinde bilimlendiriw sózi de bar ekenligi ushın ol birikpeni tek ğana bilimde emes, bálki barlıq tarawlardağı ilimlerdi iyelegen hám barlıq ádep-ikramlılıq normaların ózlestirgen ádep-ikramlı insanlarğa salıstırıp qollawğa boladı.

Jas áwladtıń baxtı hám kámalı, tınısh hám párawan turmısında kitaptıń ayrıqsha ornı bar. Sebebi, jaqsı kitap insanda watanğa muhabbat, milliy hám ulıwma insaniylıq qádriyatlarğa húrmet tuyğıların joqarılatıp, jaqsılıq hámde páklikke shaqıradı. Ǵárezsizlik sebepli xalqımız ruwxıy joqarılawımızdıń

## PIKIRLEW USHÍN

1. Tómendegi hikmetti oqıń, ondağı «ruwxıylıq deregi» túsinigi siziń ómirińizde qanday orın iyeleydi?

2. Siz qanday kitaplardı oqığansız? Kitap oqıw sizge qanday zawıq beredi?

*Kitap — bilim, ruwxıylıq hám ağartıwshılıq deregi. Ol insandı ullılaytuğın, onda ağartıwshılıq tiykarların qáliplestiretuğın, onı jetik etip tárbiyalaytuğın kúsh.*

tiykarı bolǵan kitap oqıwǵa qollap-quwatlaw oyandı, joqarı aǵartıwshılıqlı kitapxan sıpatında qáliplesip bardı.

Ullı shayır hám oyshıl Alisher Nawayı jazǵanınday, «kitap — minnetsiz ustaz, bilim hám ruwxıy joqarılawǵa erisiwdiń eń tiykarǵı deregi». Xalqımız tilinde de kitap oqıp bilim hám múnasip tálim-tárbiya alıw, ilim-pán menen shuǵıllanıw, kásip-óner úyreniwdiń áhmiyetine tiyisli maqallar júda kóp. Sol qatardan, «Kitapsız aqıl — qanatsız qus», «Baxıt belgisi - bilim», «Bilim — aqıl shıraǵı», «Gózzallıq — ilim hám aǵartıwshılıqta», « Ilim baxıt keltirer, bilim taxt keltirer», «Óner — aǵar bulaq, ilim — janar shıraq», «Altın alma, bilim al, bilim alsań, bilip al».

Aǵartıwshı insannıń mánawiy — etikalıq dárejeleri oniń kitap oqıwı hám onnan zawıq alıp, kitaptan alǵan jaqsılıq páziyletleri ómir iskerliginde qollay alıwı menen belgilenedi.

Normalıq hújjetler tiykarında ǵárezsizlik jıllarında mámleketimizde tálim beriw mekemeleri ushın oqıw ádebiyatların jaratıw hám oqıwshılarǵa jetkeriwdiń bekkem sisteması jaratıldı. Kitap oqıwdı jedellestiriw, Puqaralar, ásirese, jaslardı aǵartıwshı etiw boyınsha nızamshılıq hújjetleri islep shıǵıldı.

Kitap oqıw ózligimizdi ańlawdıń tiykarǵı derekleriniń biri, ol arqalı jaslarımız túrli «ǵalabalıq mádeniyat»tıń keri áqibetlerine túsip qalıwdan ózlerin asrap-abaylaydı. Jaslarımızdı turmıslıq kónlikpelerine, tájriybelerine erisiwde eń jaqın dos hám jol kórsetiwshi juldız sıpatında qaraladı.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Aǵartıwshı insan hadal miyneti menen baylıq jaratadı, izleniwshi, insaplı, miynetsúyer, isbilermen, el-jurt kárine jaraytuǵın haqıyqıy watansúyiwshige aylanadı. Sonday puqaralarǵa iye bolǵan mámleket hám jámiyettiń mánawiyatı da joqarı shoqqılarǵa kóteriledi. Bunday dárejege erisiw ushın kóplep kitap oqıw lazım.



## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Insannıń aǵartıwshı bolıw ilimi nede?
2. Tek ǵana óner iyelep, ilim iyelemeytuǵın insan aǵartıwshı bola alama?
3. Jetik insan dep kimlerge aytıladı?



## JUMBAQ

Perzentin dúnyaǵa keltirmegen, biraq ata-anaday qádirli, ullı. Ol kim?

# 13-§ Gózzallıq (estetika) hám ruwxıylıq











## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Gózzallıqtıń insan ómirindegi ornı nede?
2. Qanday insanlarğa qaratıla gózzal eken degen sózdi isletemiz?
3. Gózzallıqtı siz qanday túsinesiz?
4. Isbilermenler, milliy ónermentler tárepinen tayarlanǵan buyımlarğa qarap gózzallıq penen islenipti, degen gáplerdi esitkensizbe?
5. Gózzallıqtıń ruwxıylıq penen qanday baylanısı bar?
6. Usı súwretlerdi gózzallıq túsinigi menen baylanıstırıń.

Insanlardıń pikirlewi, sóylewi, aqılı, kiyiniwi, olardıń qanshelli názik talǵamlı ekeninen derek beredi. Sol sebepli, insannıń aqılı, sırtqı kórinisi, sóylewi, ulıwma jaqsı pázıyletleriniń jámlesiwi gózzallıq dep ataladı.

Gózzallıq (arab. — áhmiyet, qımbat bahalı nárse, baylıq) – sulıwlıq túri bolıp, nárse hám hádiyselerdiń sırtqı kórinisin (kórinis, reńi)degi óz aldına jetikligin, múnasipligin belgileydi.

Insanǵa tán bolǵan gózzallıq mádeniyatı onıń jámiyettegi belsendiligi hám ornı, basqalar menen múnasibeti, materiallıq hám mádeniy miyrasın ózlestiriwge de baylanıslı.

Insan gózzal bolıwı ushın tek ǵana sırtqı kórinisine iye bolıwı emes, bálki ishki dúnyası, ruwxıy-etikalıq páziyletleri de áhmiyetli orın iyeleydi. Gózzallıq tek ǵana insan pikirlew tárizi hám miyneti,

bálki bilim dárejesiniń de ónimi esaplanadı. Insanda hámme nárse gózzal bolıwı kerek. Mánawiyatlı insannıń pikirlewi de sóylew mádeniyatı da sulıw boladı. Bul kóbirek sáwbette kórinedi. Sáwbetlesiw mádeniyatı hár bir shaxstıń óz ara múnasebetin belgilewshi faktor. Insannıń óz ara sáwbetlesiwinde payda bolatuǵın sóylesiw mádeniyatı shaxstıń minez-qulqın, gózzallıǵın kórsetetuǵın ruwxıy-ádeplilik belgisi kishipeyillik esaplanadı. Óz ara sáwbetlesiwde xoshkewillilik, jıllı sózlik, shiyrinsózlik, haq kewillilik sıyaqlı normalar óz kórinisin tabadı.

Joqarı mádeniyatlı insanlar sáwbetinde ar-namıs, parasat, múláyimlilik anıq kózge taslanadı. Bunnan basqa, sáwbet hám mádeniyattıń áhmiyetli sıpatlarınan sanaladı.

Ullı danıshpanlar aytadı, insanda barlıq nárse gózzal bolıwı lazım: kelbeti de, kiyimi de, qálbi de, pikiri de. Demek, estetika sırtqı shıray menen ruwxıy gózzallıqtıń jámlesiwin ózinde birlestiredi.

Sóylesiw — adam ushın talap, zárúriyat. Sáwbetlesiw mádeniyatı basqa insanlar qádir-qımbatın, izzetin ornına qoyıw sıyaqlı dástúriy ádep-ikramlılıq normaların orınlawdı talap etedi. Onıń eń ayqın,



## BILIP ALÍŃ

Ádep — bilim — insaniylıq bir-birin logikalıq tárepten toltırıwshı tárbiya quralı, pazıyletler jıyındısı sanaladı. Bunday pazıylet iyeleri — jaqsı insanlar taypasın quraydı. Sonday aq, bunday insanlar kórkem qásiyetler bulaǵı esaplanıp, olar qálbinen hámiyshe mehir hám úlgi suwları aǵıp shıǵadı. Solay eken, gózzal minez-qulıq — gózzal qálib belgisi sanaladı.



## PIKIRLEW USHÍN

1. Eslep kóriń. Bárshemiz bilgen Daniel Defonıń dúnyaǵa belgili «Robinzon Kruzo» shıǵarmasında tiykarǵı qahraman Robinzonnıń jeke ózi kimsesiz aralda neshe jıl jalǵız jasaydı?
2. Robinzonnıń jalǵız ómir keshiriwi onıń insaniy pazıyletlerine qanshelli tásir kórsetedi?
3. «Robinzon Kruzo» shıǵarması bas qaharmanınıń estetika menen qanday baylanısı bar?

«Bizlerdiń háwes etse arzıytuǵın ullı tariyxımız bar. Háwes etse arzıytuǵın ullı ata-babalarımız bar. Háwes etse arzıytuǵın biybaha baylıqlarımız bar. Hám men isenemen, nesib etse, háwes qılsa arzıytuǵın ullı keleshegimiz, ullı ádebiyatımız hám ónerimiz de álbette boladı».

**Shavkat Mirziyoyev**

mazmunlı hám belgili túrde kóriniwi sóz, sóylew quralında júz beredi. Sóylew hám tıńlay biliw, sáwbetlesiw mádeniyatınıń áhmiyetli tareplerin payda etedi. Sóz óneri insan ruwxıylıǵı hám aǵartıwshılıǵınıń tiykarı esaplanadı. Sóz óneri de ádebiyat, xalıq awızeki dóretiwshiligi, ónerinıń barlıq túri menen baylanıslı.

Shiyrinsóz adamnıń minez-qulqı taza, pákize boladı. Jaqsı sóz, jaqsı adamnıń átirapına jaqsı adamlardı jıynaydı. Ilimniń eń joqarı shoqqıları da sóz mádeniyatın úyreniwden baslanadı. Gápke usta insanlar bir-birine jaqınlastıradı, jaqsılıqqa shaqıradı. Aratorlıq óneri insan mánawiyatınıń ajıralmas bólegi bolıp, ol — sóylew, arator bolıw mánislerin ańlatadı. Aratorlıq óneri insanlardıń gápke usta sózge sheshenligin bildiredi.

Estetikanıń insan mánawiyatına tásiri jaslar dúnya qarası hám de olardıń oylaw tárizi arqalı kórinedi. Mısal ushın, insan ózin qorshap turǵan barlıq nárse-hádiyselerdiń gózzal bolıwın qáleydi. Biz taǵıp júrgen saat, bizler kiygen kiyim, bizler aydaǵan mashina,



## DÓRETIWSHILIK JUMİS

Estetikanı siz qanday túsinesiz? Kesteni dawam ettiriń. Hár bir túsinikti estetika menen baylanıstırıp táriyiplep kóriń.

| Estetika | Táriypi |
|---|---|
| sóz óneri | |
| tazalıq | |
| sırtqı kórinis | |
| kiyiniw mádeniyatı | |
| sóz ustası | |
| sheber tiginshi | |
| sheberónerment | |
| sheber ... | |
| | |

bizler ushatuǵın samolyot, bizler jasap atırǵan úy – olardıń hámme-hámmesinde estetikanıń ózine tán ornı bar.

Siz dem alıw kúnleri ata-anańız yáki basqa birde bir tuwısqanlarıńız benen teatrǵa bardıńız. Ol jerde shańaraq haqqında bir spektakl kórsetilmekte. Zal tolı adam. Hámmeniń kózinen quwanısh sezilip turıptı. Sahnada spektakl kórsetip atırǵan aktyorlar óz róllerin sonday sheberlik penen oynap atır, haqıyqıy sol waqıya — proces kóz aldıńızda bolıp atırǵanday seziledi. Sahnada aytılıp atırǵan qısqa kólemdegi qosıqlar sonday dárejede jańlap shıǵadı, bul qosıq júrek-júreklerge kirip barıp, erksiz kózińde jas qalqıydı. Spektakl aqırında ról oynaǵan aktyorlar teatrǵa kelgen tamashagóylerge tázim etedi.

Bul orında mánawiyattıń estetika menen birligin tek ǵana sezbeysiz, bálki óz kózińiz benen kóresiz de.

Insanlardıń ózligin ańlawı, xalqınıń mádeniy miyrasın, kórkemlik, mánawiy miyrasın biliwi hám qádirlew, hadal miynet etiw hám bar kúshǵayratın, bilimin Watan taǵdiri jolında birlesip onda estetika mádeniyatı qálipleskenliginen derek beredi. Mánawiyatlı insan ǵana gózzallıqtı qádirleydi. Alımlar aytqanınday — gózzallıq dúnyanı qutqaradı.

Shınıǵıw sabaǵı. Insanlar óz gózzallıq mádeniyatın rawajlandırıwdı qáliplestirgen sayın jámiyet mánawiyatı bayıp baradı. Estetika insannıń barlıq ishki hám sırtqı áleminiń názik tárеplerin ózinde jámlestıretuǵın mánawiyattıń bir ústini esaplanadı.



## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Estetika hám kórkem ónerdiń óz ara baylanıslılıq tárepleri haqqında pikir júrgiziń.
2. «Ǵalabalıq mádeniyat»tıń estetikaǵa qanday tásiri bar?
3. Estetik insan mánawiyatı qay dárejede boladı? Pikirińizdi dálilleń.



## JUMBAQ

Jas hám ǵarrı hámme oǵan mútáj. Ol ne?

# 14-§ Insan mánawiyatın qáliplestiriwde imidjdiń ornı











## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Siz doslarıńız benen sáwbette imidj atamasın qollanıp turasızba? Siziń pikirińizshe imidj nege qaratıla qollanıladı?
2. Shaxs imidji, shólkem imidji, oqıwshı imidji degende neni túsinesiz? Qanday kórinisler kóz aldıńızǵa keledi?
3. Belgili brendlerge iye bolǵan ónimlerdi kóz aldıńızǵa keltiriń. Olardıń ónim belgileri ne ushın ózgermeydi?

Imidj (ing. Imidj – túr, kórinis) – bul belgili shaxs, shólkem yáki basqa sociallıq obyektke qaratıla adamlar sanasında qáliplesken kórinis esaplanadı. Ol úyrenilip atırǵan obyekt haqqında sezimli túrde bezelgen xabardıń úlken kólemin saqlaydı hám belgili sociallıq is-háreketke túrtki beredi.

Imidj óz iyesi haqqında xabar beredi, tez ózgeredi, adamlar sanasına, sezimlerine, iskerligine hám de is-háreketlerine tásir etedi.

Imidj insanlardıń ruwxıyatına tásir kórsetedi. Tuwrı tańlanǵan imidj shaxstı ózine bolǵan isenimin arttıradı. Insanlar imidj arqalı ózlerine itibarın qaratıp, qayırqomlıq múnasibetlerin ornatıw, sonday aq, álpayım múnásibette bolıwı múmkin.

Imidj insannıń eń jaqsı táreplerin kórsetiwge járdem beredi. Insandaǵı jeke jaman illetlerin jasıradı.

Máselen, párdoz, kiyim bezekleri, pishimi, shash túrmekleri qollanbasında insandaǵı bar kemshiliklerden adamlar itibarın tartıw múmkin. Kórkem jarasıqlı imidj adamlar itibarın erksiz ózine tartadı, basqalarda jaqsı pikir qaldıradı.

Dress-Code ne? Kiyim kiyiwdiń negizi insannıń tek ǵana suwıqtan, jawınnan qorǵanıwı emes, yaǵnıy ózine basqalar itibarın tartıw quralı bolıp ta esaplanadı. Kiyimniń birdeylikke bolǵan talap, mekeme, shólkem mádeniyatın, bir jámáátlikti, mekemege qaraǵanda unamlı múnasibetin onıń rawajlanıwına tiyislilik sezimin payda bolıwın bekkemlewge imkaniyat jaratadı. Kiyim nuqsansızlıǵı, sıpatlılıǵı hám tazalıǵı menen ajralıp turıwı lazım. Kiyimdegi tártipli-



**BILIP ALÍŃ**

1-altın qaǵıyda! Qızlardıń yáki jigitlerdiń qanday kiyim kiyiwlerine qaramastan xalqımızda jazılmaǵan, biraq ásirler asa jetip kelgen ádep-ikramlılıq qaǵıydalarınan shetke shıqpawı tiyis.



## DÓRETIWSHILIK JUMİS

1. Naqıldı oqıń. Onıń mazmunın imidjdiń shaxslar ara beyimlesiw iskerligi menen baylanıstırıp túsindirip beriń.

*Kiyimińe qarap kútip aladı, sóylewińe qarap shıǵarıp saladı.*

2. Tómendegi procesti oqıń hám óz múnasibetińizdi bildiriń.

*Rasuljan úlken jol jaǵalap soqpaq penen mektepke ketip baratır edi, kózi kósheniń shetinde turǵan reklama bannerine tústi. Bannerde úy ushın qolaylı bolǵan kórkem perdelerdiń reklaması berilgen eken. Perdeniń qasında onı kórsetip turǵan hayal adam súwreti Rasuljandı ózine tarttı. Ol súwrette hayal ústine futbolka hám shalbar kiyip alǵan edi. Rasuljan birinen «Ruwxıylıq tiykarları» páni oqıtıwshısı, «Ádebiyat» páni oqıtıwshısı sabaqlar dawamında aytqan xalqımız hayallarınıń milliy kiyimi haqqındaǵı pikirlerin esledi. «Hesh bolmasa sol súwretke zamanagóy milliy kiyimde túskende qánshelli shıraylı kórinis bolar edi, ey, bul súwretti ózgertiwge maǵan jol bolsın», dedi de, jolın dawam etti.*

3. Ne dep oylaysız? Rasuljan reklama bannerindegi súwretti ózgertiwge óz úlesin qosa aladı ma? Onıń belsendi puqara ekenligin qanday túsindiresiz?
4. Usı reklama bannerindegi perde islep shıǵaratuǵın shólkem imidjine bul jaǵday qanday tásir kórsetedi?

lik hámde ıqshamlılıq kóbinese insanlardıń jumısqa, oqıwǵa hám jámiyette qanday orın tutıwı menen belgilenetuǵınlıǵı áhmiyetli táreplerden biri esaplanadı.

Puqaralıq jámiyetiniń aktiv aǵzaları kiyetuǵın kiyimleri qanday bolıwı kerek:

**Shalbar uzınlıǵı:**

- shalbar aldınǵı tárepinen ayaq kiyimniń ústine salǵanda taqlanıp turıwı, arqa tárepinen óksheniń basına yáki ortasına jetiwi zárúr.
- shalbar sızıǵı jaqsı útiklengen bolıwı kerek.
- shalbarǵa taǵılatuǵın qayıs basqalardı ózine tartpaytuǵın ápiwayı bolıwı.

**Kóylektiń kórinisi:**

- bel átirapında taqlanıp qalmawı, isip turmawı hám qayıs astınan shıǵıp ketpewi lazım.
- kóylek hár dayım kostyumdaǵı eń toq reńnen ashıqraq bolıwı lazım.

**Kiyim jaǵası:**

- belgili bir ólshemge sáykes bolıwı shárt.
- ol jıyrıq bolmawı hám galstuk túyini menen birdeylikti qurawı kerek.
- aq kóylektegi sızıqshalar hár qıylı reńde bolıwı múmkin, biraq kostyum ishinen hár túrli úlken-úlken gúlli kóyleklerdi kiymew kerek.

**Galstuk taǵıw:**

- kostyumǵa say bolıwı kerek.
- hár qanday tańlanǵan galstuk kózge tez taslanbawı zárúr.
- galstuktaǵı tiykarǵı reń kostyumdaǵı reńge mas bolǵanı maqul.
- galstuk taǵılǵanda onıń túyini kóylek jaǵasına sáykes tuwrı keliwi shárt.



**BILIP ALÍŃ**

2-altın qaǵıyda! Mektep binásinda yáki jámiyetlik jerlerde, aytayıq muzey, tariyxıy orınlarǵa, milliy bayramlarda qatnasqanda hár qanday jaǵdayda da djinsi shalbar, mayka hám futbolkada, tınıq, ashıq kóyleklerde, sport kiyimlerinde, jırtıq shalbar hám kóyleklerde barıp bolmaydı.

Imidj eki túrli boladı. Bular: — korporativ — (mekeme,firma, kárxana, shólkem, siyasiy partiya, jámiyet shólkemi hám t.b). — individual – siyasatshı, biznesmen, artist, baslıq hám basqa belgili bir kategoriya hám kásip baǵdarındaǵı óz aldına shaxslardıń imidji.

**Ayaq kiyim:**

- ayaq kiyim átiraptaǵılar kózine taslanıp turmawı hám iyesine qolaysızlıq tuwdırmawı lazım.
- ayaq kiyim reńi ádette qara bolıwı maqul keledi.
- qara yáki toq reńdegi ayaq kiyim menen aq shulıq kiyilmeydi.





## PIKIRLEW USHÍN

*Avtobus salonı adamlar menen tolı... Jolawshılar óz qıyallarına berilgen. Baratuǵın mánzili alıs. Ortada qáddi-qáwmeti kelisken, talǵam menen kiyingen, galstugı aq kóylegine júdá jarasqan bir kelisken jigit te oy súrip baratır. Orındıqlardıń birinde otırǵan qız bolsa onı áste gúzete basladı. «Qanday mádeniyatlı, kelisken eken, bul kórkem jigit. Kimniń yarı bolsa da, súyiklisiniń baxtı bar eken». Sonday qıyallar menen qız «kerekli obyekti» jáne gúzetiwdi dawam etti...*

*Náwbettegi bándirgide avtobus jolawshılardı túsirip, jáne mánzilge qaray jol aldı. Sol waqıtta kútilmegende «qahramanımız» avtobustıń aynasınan basın shıǵardı da, adamlardıń ashıwın keltiretuǵın tárizde sırtqa qaray túpirdi. Bul háreket bir-eki ret tákirarlandı. Bunday kútilmegen jaǵdaydan qızdıń kewili buzıldı. Jańa ǵana arıslan kelbetli turǵan jigit endi onıń qıyalında arsız, uyatsız adamǵa aylandı.*

*Awa, bazılarda sulıw sırtqı kórinis penen ishki dúnyası ortasında jer menen aspanshelli parq bar...*

1. Siz bul jaǵdaydı qanday bahalaysız?
2. Bul procestiń imidjge qanday baylanısı bar?
3. Bul «qahraman»da mánawiyat qay dárejede rawajlanǵan? Pikirińizdi dálilleń.

Hayallar ushın jumıs kiyimi: Yubka, kostyum yáki kóylek hám kostyum. Yubka uzın da emes, kelte de emes, eń maqul uzınlıq dizeden tómen bolıwı zárúr. Qalta ápiwayı hám azada bolıwı kerek. Onı jaqsı jabılıwı ushın toltırıp jibermew kerek boladı.

Tuflidıń aldı jawıq bolıwı lazım. Shash túrmegi quramalı bolmaslıǵı, biraq jaqsı jıynalǵan bolıwı, shash reńi bolsa tábiyiy bolıwı zárúr. Pardozı kemtar bolıwı. Tırnaqlar reńsiz bolıwı kerek.

Moyınǵa taslanatuǵın oramal yáki sharf bolǵanı maqul. Tańlanǵan kiyim waqıtqa hám ortalıqqa muwapıq bolıwı lazım. Hayallardıń gózzal kóriniwinde jáne bir kishi sır jasırınǵan. Bul onnan taralıp turatuǵın jaǵımlı iyistıń sırı. Átir iyisi ishki hám sırtqı gózzallıqtı birlestirip turadı.

Bazı adamlar shıraylı bolmaslıǵı múmkin, biraq olardaǵı mánawiy páziyletler kóp bolsa, basqalardıń itibarın tartadı. Isbilermen adam ashıq kewilli, sáwbetlesi menen sóyleskende óziniń pikirlerin batıl bildire alıwı lazım. Insannıń ishki dúnyasın seziw, onı túsiniw, aldınnan bolatuǵın talqılaw sheshimin seziw yáki óz sáwbetlesiniń keypiyatın bilip, temanı ózgertiw qabilyetine iye bolǵan insan tek ǵana jaqsı maqsetlerdi júzege shıǵarıwǵa sebepshi boladı, jamanlıqlardıń aldın aladı.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Insannıń imidji onıń dúnyaqarası, mánawiytınıń aynası esaplanadı. Ruwxıylıq bolsa, insannıń barlıq kóz-qaraslarınıń tiykarı bolıp esaplanadı.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Imidj insan ruwxıylıǵına qanday tásir kórsetedi?
2. Bilimlendiriw mekemesiniń oqıtıwshısı imidji qanday bolıwı kerek?
3. Belgili bir shólkemniń rawajlanıwı ushın imidj qanday orın tutadı?
4. Siz óz imijińızdı jaratıwda tiykarınan nelerge itibar qaratasız?

## JUMBAQ

Kiyimi bar, biraq «jalańash»... Ol kim?

# 15-§ Insan ruwxıylıǵında etikettiń ornı



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Etiket túsinigine táriyip beriń. Siz etiket degende neni túsinesiz? Etiketti úyreniw ne ushın kerek?
2. Ádep-ikramlılıq qaǵıydaları menen etikettiń qanday ayırmashılıǵı hám uqsas tárepleri bar?
3. Jámiyette qabıl etilgen tártip-qaǵıydalardı — etikettiń altın qaǵıydaları dep ataw múmkin be? Pikirińizdi dálilleń.

Etiket (francuzsha etiquette — belgili orında ornatılǵan tártip-qaǵıyda) — insan hám jámiyet sırtqı mádeniyatınıń tiykarǵı bólegi bolıp, ásirler dawamında gózallıq, intizam, aqıl hám sananıń birligi tiykarında qáliplesken estetikalıq normalar jıynaǵı esaplanadı.

Etiket insandı basqalar menen shın múnasibeti, onıń ruwxıy-mádeniy dárejesi, etikalıq normalarǵa qaray jeteklewshi tárbiyanı óz ishine aladı.

Hár bir insanda etiket rawajlanıw qásiyetine iye hám ol hár kimde hár túrli dárejede qáliplesedi. Bul insannıń sırtqı mádeniyatı, óz ara múnásibetlerinde ózin tutıwı, ádep-ikramlılıq nızam-qaǵıydalarǵa qay dárejede ámel qılıwı menen belgilenedi.

Sóylew sáwbetlesiwdiń kerekli quralı esaplanadı. Bunda tán alınǵan qaǵıydalar bar. Sáwbetlesiniń gápin bólmesten esitiw tek ǵana húrmet belgisi emes, bálki insannıń ziyneti. Etikettiń altın qaǵıydaları bar, olar haqqında sóz júritemiz.

Sálemlesiw — tilimizdegi mehir-aqıbet, mehir-muhabbat, mehir-múriwbet, qádir-qımbat degen tereń mánis-mazmundı ózinde birlestirgen mánawiy qádriyatlarımızdan esaplanadı.

Sálemlesiw — dıqqat-itibarı menen qayırqomlıq kórsetiwshi hám húrmetin bildiriwshi ádet. Sálemlesiw kúndelik turmısımızda kóp qollanılatuǵın páziylet esaplanıp, adamnan jıllı sózlilikti talap etedi.

Ádeplilikte onıń anıq shártlerine ámel qılıw áhmiyetli esaplanadı. Hár qanday insan menen múnásibet qılǵanımızda onıń saǵan qarata jası, abroy-itibarı qanday ekenligi esapqa alınıwı kerek. Basqalardıń abroyı saǵan qaraǵanda pás bolsa da, bálent bolsa da, olarǵa jaqsı qatnasta bolıw kerek. Olar basqasha is tutsalar da sen esap penen is kóriwiń kerek. Bul qilǵan isińniń juwabın qıyamet kúni kóreseń. Ulıwma, bárshe menen jaqsı qatnasta bolıw lazım.

**«Xamsa»**

Sáwbetlesińdi tıńlap atırǵanda ilájı barınsha, basqa nárselerge shalǵımaw kerek. Aytıp atırǵan gáplerin tastıyıqlaw mánisinde basıńızdı qıymıldatıw, «haqıyqattanda», «tuwrı»,«tawıp ayttıńız», «men de qosılaman», «shıraylı túsindirdińiz» sıyaqlı maqullaw mánisindegi sózlerdi aytıw maqsetke muwapıq.

Sáwbet procesinde bazıda bir neshe adam qatnsıwı da múmkin. Bunday jaǵdayda sáwbettiń teması hár bir adam ushın qızıqlı hám túsinikli bolıwǵa erisiw lazım. Sol jerdegi sáwbetlesler ushın ulıwma biyta-nıs bolǵan temalar — oqıw, mekeme, jumıstaǵı kelis-pewshilikler, shańaraqtaǵı qarama-qarsı jaǵdaylardıń qızıǵı joq.

Házirgi kúnde telefon arqalı bolatuǵın sáwbet te sóylew mádeniyatı normasında bolıwı lazım.

Zamanagóy etiketke kóre, telefonda sóylesiwdiń de tártip-qaǵıydaları bar. Olar tiykarınan, tómendegiler:

- sóylesiw qısqa, anıq maqsetke baǵdar-lanǵan boladı;
- aljasıp qońıraw etken adamǵa teris hám keskin emes, múláyimlıq penen juwap qaytarıladı;
- sóylewimizdegi «keshiresiz», «iltimas», «min-netdarman», «raxmet» sıyaqlı múlayım sózler den paydalanıw maqsetke muwapıq sanaladı.

Kiyim — insan mádeniy dárejesin kórsetiwshi tiykarǵı belgilerden biri.

Kiyiniw mádeniyatı — insannıń sırtqı kórinisi, onıń ruwxıy dúnyası, estetikalıq talǵamı, sonday-aq etikalıq sıpatları hám aqlıy uqıplılıǵın belgileytuǵın túsinik. Ata-babalarımızdan qalǵan ruwxıy miyraslar-da kiyiniw mádeniyatı, talǵam, parasat, uyat sıyaqlı insanıy pazıyletler menen baylanıslı halda analizlen-gen.

Kiyiniw insannıń gózzallıq, kórkemlilik, náziklik, ádep barısındaǵı qarasların kórsetedi. Sonıń ushın bazı xalıqlarda «Kiyimine qarap kútip aladı», degen naqıl bar.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Etiket — insannıń ishki ruwxıy dúnyası hám sırtqı mánawiy dárejesin kórsetiwshi ayna. Yaǵnıy, názik talǵamlı, joqarı mána-wiyatlı adam ǵana barlıq ruwxıy etikalıq páziyletlerin ózinde jámley aladı.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Kim birinshi sálem beriwi kerek dep oylaysız?
2. Usı jaǵdayǵa óz pikirińizdi bildiriń.

Siz qanday sálemlesiwdi maqul kóresiz?

*F. atlı 10 klass oqıwshı úyinen shıǵıwında dizeden tómende túsken yubka hám sıpayı kofta kiyip shıqtı. F. Qońsı joldan liftke kirip yubkasın ózinikine qaraǵanda 30-40 sm. li kelte yubkaǵa, koftasın bolsa, denesin qısıp turatuǵın tar, júdá juqa aq tawardan tigilgen koftaǵa almastırıp, beline shekem túsetuǵın shashların jayıp shıǵıp ketti. Úyge qaytıwda bolsa bul jaǵday kerisinshe tákirarlandı.*

*Usı jaǵdaydı kórip turǵan qońsılar arasınan jası úlken apa F.qa sóylemekshi boldı. Buǵan juwaplı túrde ol «Sizge ne?» degendey qopal qatnasta boldı.*

Bunday jaǵdayǵa qaratıla siziń pikirińiz?

1. Usı tekstti oqıp, milliy kiyimler haqqında óz pikirińizdi túsindirip beriń.

*Insaniyat tariyxınan belgili bolǵanınday, milliy kiyimler xalıqlardıń mádeniyatı hám mánawiyatınıń aynası. Hár bir millet kiyimleriniń qáliplesiwinde sol millettiń geografiyalıq jaylasıwı, sociallıq turmıs tárizi óz aldına orın tutqan. Jámiyetimiz rawajlanıwı, globallasıw procesinde de kiyimlerdiń rawajlanıp barıwına óz tásirin kórsetip keledi.*

## JUMBAQ

Óz-ózinen qashıw, imkansız biykar... Ol ne?

# 10-klastı juwmaqlaymız!

Áziz oqıwshı! Bul oqıw jılı dawamında «Ruwxıylıq tiykarları» páni boyınsha sabaq shınıǵıwlarımızda juwmaqlanıp qaldı.

Siz ótken oqıw jılında insanǵa tán bolǵan ruwxıy-etikalıq pazıyletler hám olardı júzege shıǵarıwda shańaraq, máhálle hám mámlekettiń ornın túrli hikmetler, gúrriń ráwiyatlar hám jámiyetimiz rawajlanıwına úles qosqan ullı oyshıllarımızdıń násiyatları arqalı oqıp úyrendińiz, pikir júrittińiz. Ruwxıylıq túsinigine onı háreketke keltiriwshi qurallar haqqında mazmun-mánis arqalı tereń kirip bardıńız.

Solay eken, ruwxıylıq insan hám jámiyet ómirindegi ózine tán qádiriyat. Olsız jámiyetti hám insan ómirin kóz aldımızǵa keltire alamız. Tariyx hám mádeniyat rawajlanıwı sonı kórsetedi, mádeniyat hám mánawiyat arqalı xalıq ózligin ańlaydı, ózgeler menen insanıy múnasibette bola aladı.

Ruwxıylıq — insanıy múnasibetler, jámiyet turmısında ózin tuta biliw hám ózgeler tásirinde kim ekenligin kórsetiw esaplanadı. Onda mehir-muhabbat, jaqsılıq, insandı túsine biliw, keshirimli, ar-namıslı bolıw, basqalarǵa jaqsılıq etiw pazıyletleri jámlesken. Eń áhmiyetlisi, siz ruwxıylıq túsiniklerin, hár túrli hikmet hám ráwiyatlar tiykarında ózlestiriwińiz barısında qádiriyatlarımızdıń máńgiligi, materiallıq hám ruwxıy turmıstıń birlesiwi, milliy ideyanıń ruwxıylıqqa bolǵan tásiri sizge kóp nárseni ózlestiriwge járdem beredi.

Insanıy pazıyletlerdi qáliplestiriwdi mudamı ámeliy, turmıslıq tájriybeniń, tereń teoriyalıq bilimniń ádebiyat hám aǵartıwshılıqtıń ornı úlken bolıp, ruwxıy isenimińizdi jánede bekkemleniwine xızmet etedi, degen úmittemiz.

Jámiyet turmısında jasap, jámiyet hám onıń ruwxıylıǵınan paydalanbaw múmkin emes. Sonday eken, puqaralıq jámiyeti insanıy pazıyletler, joqarı mánawiyatlı, óz haq-huquqı hám tariyxı, úrp-ádet, dástúrlerin húrmet qılǵan, oǵan sadıq qalıp, búgingi globallasıw procesine óziniń bilimi hám ruwxıylıǵı menen juwap bere alatuǵın jaslar jámiyeti esaplanadı. Bunday jámiyetke say bolwıńızǵa siz ózlestirgen usı sabaqlıq tiykar bolıwına isenemiz.

Siz oqıw jılı dawamında ózlestirgen temalardı ele juwmaqlamaymız. Ke-lesi oqıw jılında ruwxıylıqqa tiyisli túsiniklerdi keńnen ózlestiriwge, ruwxıy dúnyańızdı jáne de bayıtıwıńızǵa kómek beretuǵın temalardı oqıp úyrenesiz.

Ruwxıy sulıwlıqtı qálbińizde qarar taptırıwday pák niyetińizde áwmetler tileymiz. Ilim alıwǵa bolǵan talpınıwıńız, kitap oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵıńız hesh sónbesin!

# 11-
# KLASS

# 1-§ Insan — adamzat jámiyetiniń dóretiwshisi











## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Jámiyetti insanlarsız kóz aldımızǵa keltiriw múmkin be?
2. Insan túsinigine táriyip beriń.
3. Nege insan jámiyet dóretiwshisi delinedi?
4. Súwretlerde adamzat jámiyetiniń qanday dóretiwshileri súwretlengen?

Insan basqa janzatlardan óziniń sanası, pikirlewi, tili menen ajralıp turadı. Insan iskerligin basqarıwshı is-háreketler sol til arqalı ata-babalarımızdan áwladlarǵa jetkeriledi. Jámiyette insan tek ǵana mádeniyatlılıǵı menen ústin turadı.

Sonday-aq, insan turmısında miynet tiykarǵı orın iyeleydi. Miynet sebepli insan jasap atırǵan tábiyiy ortalıqtı jaqsılaydı, materiallıq hám ruwxıy baylıqlar jaratadı, óz-ózin ózgertedi. Bunnan basqa, miynet insannıń tek ǵana fizikalıq emes, bálki ruwxıy, mádeniy rawajlanıwı ushın da júdá áhmiyetli faktor sanaladı. Miynet sebepli insan tábiyat penen baylanısqa kirisedi. Miynet gózzallıq hám jetiklik ortasındaǵı ashılıwlar hám ózgerislerdiń tiykarı esaplanadı. Miynet jaslardı tek ǵana búgingi kúnge tayarlamaydı, sonday-aq, jaslar ushın jarqın keleshekti jaratıwǵa da shaqıradı.

Insan haqqında búgingi kúnge shekem túrli mámleketlerde, túrli dáwirlerde túrlishe táriyipler berip ótilgen. Insan hám onıń payda bolıwı haqqında

kózqaraslar dáslep áyyemgi Hindistan hám Qıtayda júzege kelgen. Áyyemgi Hindistanda shaxstıń kelip shıǵıwı haqqında «insan qalayınsha payda bolǵan», «biz qayerde jasaymız» sıyaqlı sorawlar alımlar tárepinen tereń úyrenilgen hám insannıń sociallıq-ruwxıy jaǵdayı analizlengen. Insanǵa táriyip berer eken, qıtaylı Konfuciy biliw — insannıń bilimi, dep aytqan. Insan tınımsız óz-ózin biliw arqalı kámillik dárejesine erisiw imkaniyatına iye. Nemis alımı Immanuel Kant insandı dúnyadaǵı eń tiykarǵı janzatqa teńlestiredi.

Áyyemgi grek oyshılları bolsa insanǵa ózgeshe táriyip beredi. Tiykarınan, Sokrat, Aflatun sıyaqlı danıshpanlar insan ómirin joqarı adamgershilik penen tamamlaw imkaniyatı bar ekenligin aytıp ótken. Olardıń pikirinshe, insan ruwxıy janzat sıpatında iláhiy tiykarǵa iye.

Watanlasımız ullı oyshıl Abu Nasr Farabiy insannıń barlıq janzatlardan parqı, onıń aqıl-oyında deydi. Abu Rayhan Beruniy insannıń quday tárepinen jaratılǵanın kórsetip, onıń barlıq ómiri hám fizikalıq dúzilisi geografiyalıq faktorlarǵa baylanıslı ekenligin kórsetip ótedi.

Orta Aziyalı alım Ǵazzaliydiń pikirinshe, insan ullı dóretpe hám onıń aldında mudamı qáwip-qáter turadı. Onıń aytıwınsha, hárqanday mashqalalardı, qáwip-qáterlerdi jeńe bilgen shaxs ǵana baxıtlı esaplanadı. Ullı oyshıllarımız insanlarǵa ómirdiń mazmunın, insannıń iláhiy mánisin biliwge umtılıwı, hadal miynet etip basqalarǵa mehr-múriwbetli, keshirimli bolıwǵa shaqırǵan.

Mawarawnnaxrda oyanıw dáwirine múnásip úles qosqan alımlar táliymatlarında insannıń materiallıq hám ruwxıy ómiri tábiyat penen oyanǵan halda xarakterlenedi. Ekewiniń arasındaǵı múnásibetler insannıń rawajlanıwı menen baylanıslı dep kórsetip ótiledi.

**BILIP ALÍŃ**

Insantanıwshı alımlardıń pikirinshe, bilimlerdi 100 procent dep alsaq, sonnan 97 procentin tirishilik tuwralı, 3 procentin bolsa insan tuwralı bilimler quraydı eken.

**«Insan filosofiyası»**

«Insandı jalın emes, óz ǵapıllıǵı jaǵadı. Hámmedegi kemshilikti kóredi, biraq ózine kóz jumıp qaraydı. Nege qanday qarasań, ol da saǵan sonday qaraydı».

**Jalalıddin Rumiy**

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Tómendegi kesteni toltırıń. Áyyemgi Batıs hám Shıǵıs alımlarınıń kózqaraslarınıń insanǵa tán bolǵan qásiyetlerin izlep tabıń.

2. Kesteniń 3-qatarın óz pikirińiz benen túsindiriń.

| INSAN HAQQÍNDA | | |
|---|---|---|
| Áyyemgi Shıǵıs alımlarınıń kózqarasları | Áyyemgi Batıs alımlarınıń kózqarasları | Uqsaslıq tárepler |
| | | |

Náreste shańaraqta birinshi ret sociallıq-mádeniy qádiriyatlardı ózlestiredi. Shaxstıń qáliplesiwi, onıń sıpatlarınıń júzege keliwinde ol talpınıp atırǵan mádeniy-jámiyetlik ortalıq hám orınlawı kerek bolǵan jaǵdaylardıń da ornı úlken.

Búgingi demokratiyalıq jámiyettiń tayanıshı esaplanǵan insan hár nárseden ústin. «Hámme nárse insan ushın hám onıń mápleri ushın» degen túsinik joqarı qádiriyat sıpatında qaralıp atır. Insanlardıń sociallasıwı, jámiyet turmısınıń párawanlıǵı hám turaqlılıq girewi esaplanadı. Insan tábiyat hám jámiyet ortalıǵında insan sıpatında qáliplesedi hám ózligin kórsetedi. Ilim hám texnika insannıń ruwxıy hám materiallıq talapların qanaatlandırıwshı tiykarǵı qural bolıp xızmet etedi. Insan joqarı ruwxıylıq sebepli ǵana óz talapların mádeniy formalarda aqılǵa muwapıq hám tolıq qanaatlandırıw imkanına iye boladı.

Insanlardıń ózin-ózi rawajlandırıp barıwı, jámiyettiń aktiv aǵzası bolıwı, millet táǵdirin hár nárseden ústin qoyıwı onıń insaniylıǵınan derek beredi. Insaniylıq millet ruwxıylıǵınıń ajralmas bólegi. Qaraqalpaq milleti insaniyat tariyxınan kóplegen awır sınaqlardı, urıs-qaǵıslardı, turmıstıń túrli nahaqlıqların basınan keshirgen. Biraq tariyxtıń túrli ayawsız talas-tartısları da, qırǵın sawashlar da, tábiyiy apatlar hám basqa qıyınshılıqlar da bul millettiń insaniylıq pazıyletlerine daǵ túsire almadı, qáddin búkpedi.

Shıǵısta insaniy pázıyletler erte oyanǵan. Sebebi biziń watanımız Shıǵıs, mádeniyatınıń eń jaqsı dástúrleri jolınan barıp, miymandoslıq etken, kim járdem sorasa, qol ushın bergen, keńpeyillik, sawaplı islerdi islep, jamanlıq etkenge de jaqsılıq penen juwap qaytarıwın óziniń insaniylıq wazıypası,

## PIKIRLEW USHÍN



*Haqıyqıy insan kim hám ol, tiykarınan, qaysı pazıyletleri menen húrmetke miyasar?... haqıyqıy insan, bul — ádalatlılıq, sadıqlıq, joqarı pikirlewshiligi, diniy diyanatı, bekkem isenimge iye bolǵan, hesh kimnen járdemin ayamaytuǵın, keńpeyillik, joqarı adamgershilik, miynetsúygishlik, juwapkershilik, keshirimlilik, amanatqa sadıqlıq sıyaqlı páziyletlerin óz minez-qulıqında kórsetken insan. Ol sonday-aq, hár saparı jańa qırları ashılıp barıwshı maqluqlardıń eń sabırlısı, aqıllısı hám ziyreklisi esaplanadı.*

*Áhmiyetlisi, bunday ullı insanlar jámiyetimizde kópshilikti quraydı, basqalar olardıń izine eredi, aytqanların tıńlaydı, olardan úlgi alıp jasawǵa umtıladı.*

*«Ummondan durlar»*

1. Haqıyqıy insan qanday sıpatlarǵa iye bolıwı kerek?

dep bilgen. Haqıyqıy insanıylıq degende sonday bir joqarı adamgershilik pazıyletlerdi ózinde jámlestirgen jámiyet aǵzaların túsinemiz.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Insanlardıń jámiyettegi ústinligi onıń materiallıq hám ruwxıy sıpatların ózinde bir waqıtta kórsete alıwı esaplanadı. Insan jámiyet hám mámleket turmısında barlıq imkaniyatlarǵa iye, tek ǵana bul imkaniyatlardı jámiyettiń rawajlanıwı jolında sarıplasa, jurt abat boladı, xalıqtıń turmısı jaqsılanadı. Insannıń insaniylıǵı da onıń ruwxıy páziyletlerdi qay dárejede ózlestirgeni menen ólshenedi.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR:

1. Insanlar ózin-ózi rawajlandırıp barıwı degende neni túsinesiz?
2. Ne ushın Shıǵısta insaniy páziyletler haqqındaǵı kózqaraslar Batısqa qaraǵanda erterek oyanǵan? Pikirińizdi dálilleń.

## JUMBAQ

Esik ashıq, biraq kirmeydi. Ol kim?

# 2-§ Ruwxıylıq — millet kelbeti











### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Ruwxıylıq nege millettiń kelbetine teńlestiriledi? Usı súwretlerge qarap, pikirińizdi dálilleń.
2. Insan — jámiyet — mámleket ruwxıylıqqa tiykarlanadı, degende neni túsinesiz?
3. Ruwxıylıq qanday etikalıq sıpatlardı óz ishine aladı?
4. Siz búgin uyqıdan oyanıp hesh nárseni esley almaysız. Ya atıńızdı, ya shańaraǵıńızdı, ya qayerdeligińizdi esley almaysız. Bunday insan jámiyette óz ornın tawıp kete alama? Onıń jámiyettegi ornı qanday keshedi? Sebebi insan óz pikirlewi, iskerligi, bilimi, aqıl-oyı, ruwxıy dúnyası menen millettiń kelbetin, jámiyettiń tiykarın jaratadı.

Ruwxıylıq barlıq ádep-ikramlılıq belgileriniń jıyındısı. Sebebi, ruwxıylıq jámiyet turmısındaǵı ádep-ikramlılıq, diniy, mádeniy, aǵartıwshılıq hám ideologiyalıq kózqarasların ózinde tolıq jámleydi.

Xalqımızǵa tán ruwxıy páziyletler quramına kiretuǵın kóplep túsinikler hám atamalardı tuwrıdan-tuwrı ózge tillerge awdarmalaw qıyın hám múshkil. Bul milletimiz ruwxıy turmısınıń oǵada baylıǵın, xalqımızdıń basqalarǵa ulıwma uqsamaytuǵın bir qatar ózine tán milliy-etnikalıq qásiyetleri bar ekenligin, tilimizde bolsa sol tarawǵa tiyisli uqsası joq sózler barlıǵın ańlatadı.

Ruwxıylıq, aǵartıwshılıq, ádep-ikramlılıq — bul túsinikler kimdur tek ǵana oylap tapqan shiyrin qıyal, qulaqqa jaǵatuǵın sózler emes. Bul túsinikler ásirler dawamında el-jurtımızdıń dúnyatanımı, ruwxıy turmısınıń negizi sıpatında júzege kelgen. Ruwxıylıqtıń etikalıq normaları insan tárbiyası hám jetilisiwinde óz aldına orın iyelep,shaxs hám jámiyet ruwxıylıǵın kóklerge kóteriwshi, oy-pikirdiń rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye bolǵan qádiriyat formaları esaplanadı.

Máselen, úrp-ádetler, dástúrler, Watandı súyiw, óz xalqı hám milletin húrmetlew, ata-anasın qádirlew, tınıshlıq hám tatıwlıqtı saqlaw, óz isine juwapkershilikli bolıw, óz watanı táǵdirine jan ashıtıw sıyaqlı joqarı ruwxıy páziyletler biziń xalqımızdıń qanına sińip ketken.

Ruwxıylıqtıń ádep-ikramlılıq normaları belgili bir shárayatlarda qáliplesedi hám sol mánide milliy

| **Ruwxıylıqtıń insanlar tárepinen ámelge asırılatuǵın ózine tán qásiyetleri** | |
|---|---|
| **Ruwxıylıqtıń unamlı sıpatları** | **Ruwxıylıqqa qarsı illetler** |
| Ádep, insanıylıq, jaqsılıq, miyrimshápáát, hadallıq, páklik, haqıyqatshıl, watansúyiwshilik, úlkenlerge húrmet hám kishilerge izzette bolıw, kishipeyillik, ar-namıslı, parasat-lı, hújdanlı, batırlıq, saqıylıq, múláyimlik, tuwrılıq, haqgóylik, miyirmanlıq, ádillik, nızamǵa boysınıw, iyman, diyanat, isenimlilik, opadarlıq, insap, haqkewillik hám basqalar. | Buzıqlıq, jalǵansózlilik, zorlıq, itibarsızlıq, kózboyawshılıq, ótirik abroyǵa umtılıw, menmenlik, mensinbewshilik, qorqaqlıq, ısırapgershilik, maqtanshaqlıq, qopallıq, tasbawırlıq, ózine artıqsha baha beriw, takabbarlıq, jaman minez-qulıq, paraxorlıq, hámelparazlıq, dańqparazlıq hám basqalar. |

ortalıq olardı jáne de rawajlanıwına kómek beredi, jámiyet aǵzaları bunnan ózleri kerekli táreplerin aladı. Ásirese sol belgiler adamlardı bir-birine jaqınlastıradı, olardaǵı artıqmashlıqtı kórsetedi. Ruwxıylıqtıń ádep-ikramlıq normaların etika, ádep-ikramlılıq hám insaniylıq páziyletlersiz kóz aldımızǵa keltire almaymız. Sol mánide ruwxıylıqtıń ádep-ikramlılıq páziyletleri mánawiyat túsinigi menen úzliksiz baylanıslı.

Ruwxıylıqtıń bas maqseti hám wazıypası shaxsta ádep-ikramlılıqtı, insaniylıqtı qáliplestiriwden ibarat.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Tómendegi gúrrińdi oqıń hám millettiń kórinisi menen baylanıstırıp túsindiriń:

*Avtobusta ketip baratırǵan edik, arqa tárepte azada kiyingen, qolında sulıw mektep sumkası da bar, shashların shıraylı etip pardozlaǵan 17 — 18 jaslar átirapındaǵı qızdıń telefonda sóylesiwi adamlardıń dıqqatın tarttı.*

*Da, apa men sizge neshe mártebe ayttım, men keshlew baraman, búgin doslarım menen kórisemen, dep...*

*Bul óspirim jastaǵı qızdıń anası menen telefonda sóylesiwin avtobustaǵılardıń hámmesi esitti. Bazılar onıń anasına qılǵan qatnasınan basların shayqap qoyıw menen ózleriniń narazılıqların bildirdi. Ol kelesi bándirgide túsip qaldı.*

*Sol kúni quyash endi batıp, kesh túsip atırǵanlıǵı sebepli me, avtobus boslaw edi. Avtobustıń arqa orındıǵında sol anasına jekirinip sóylegen qız jáne eki dostı menen telefonda bir nárselerdi aytıp sonday joqarı dawısta kúliser edi, avtobus ishi bop-bos bolǵanlıǵınan aydawshınıń itibarın tartıp atır edi. Jáne 500 metrler shaması júrip aydawshı tosattan avtobustı toqtattı hám sol qızlardıń aldına kelip: «Uyalmaysızlarma, úp-úlken qızlarsız, onsha baqırsasız, jas bala emessizǵo», dedi de jáne orınlıqqa barıp otırıp, avtobustı aydap ketti.*

2. Siz avtobustaǵı jaǵdayǵa qanday qaraysız? Ádepli insan jámiyetlik jayda ózin qalay tutıwı kerek?
3. Adamnıń sırtqı kórinisi onıń ádebine tuwrı keliwi kerek pe?
4. Insandaǵı ruwxıy páziyletlerdiń kórinisi jámiyetke qanday tásir etedi?

Ruwxıy páziyletler shaxstıń ruwxıy dúnyası qáliplesiwi sıyaqlı quramalı, arasında qarama-qarsılı keshetuǵın, hámme waqıtta da bir ólshem, normalar menen ólshene bermeytuǵın hádiyse esaplanadı.

Ruwxıylıq — insan, xalıq, jámiyet hám mámlekettiń intellektual dárejesi, aǵartıwshılıq kúsh-qúdreti esaplanadı. Bunı tómendegi sıpatlar arqalı ashıp beremiz:

- jámiyettegi sociallıq múnásibetler hám insanlar arasındaǵı ózara baylanıslardı tártipke salıwshı talap hám qaǵıydalar jıyındısı;
- xalıq hám jámiyet turmısı menen baylanıslı ruwxıy qádiriyatlar, úrp-ádetler, dástúrler, jańa ideya hám maqsetler jıyındısı;
- ádep-ikramlılıq, mádeniyat, aǵartıwshılıq, din hám tálim-tárbiya sistemasınan ibarat bir tegis ruwxıy hádiyseler jıyındısı;
- ruwxıy processler, insannıń ózin hám ózi jasap atırǵan dúnyanı rawajlandırıwshı dóretiwshilik iskerligi;
- insannıń jetilisiwi, jeke — ádep-ikramlılıq qásiyetler hám aǵartıwshılıq páziyletler jıyındısı.

Jámiyet ruwxıylıǵın qáliplestiriwshi ólshem hám principlerdi ensklopedist alımlarımız jaratqan ruwxıy miyras úlgileri arqalı ańlaymız, olar tárepinen jaratılǵan ádeplilik páziyletlerin óz turmısımızǵa sińdirip baramız. Mısal ushın, Beruniy, Al-Xorezmiy, Ibn Sina, Imam Buxariy, At-Termiziy, Ahmed Yassawiy, Mırza Uluǵbek, Alisher Nawayı, Zahriddin Muxammed Babur hám basqa onlap ullı alımlar ruwxıylıǵı keń hám bilim dárejesi joqarı insanlar bolǵan.

Basqasha sóz benen aytqanda, olardıń tımsalın-da ruwxıylıq — millet kelbetin kórsetken. Ruwxıylıq in-

«Tuwrı, tártipli hám ádalatlı jasamay turıp, jaqsı ómir keshirip bolmaydı hám kerisinshe, jaqsı ómir keshirmey turıp, tuwrı, tártipli hám ádalatlı jasap bolmaydı».

**Epikur**

«Bizlerdiń eń úlken baylıǵımız — bul xalqımızdıń úlken intellektual hám ruwxıy sawatlılıǵı esaplanadı».

**Shavkat Mirziyoyev**

sannıń, xalıqtıń, jámiyettiń, mámlekettiń kúsh-qúdireti dep atalıwı haqıyqat. Ruwxıylıq joq jerde baxıt-ıǵbal da bolmaydı, jámiyet ilgerilemeydi, tariyxıy miyras qádirlep qásterlenbeydi, milliy qádiriyatlar óz kórinisin joǵaltadı. Millettiń millet sıpatında qálip-lesiwi, jámiyet rawajı, turaqlılıǵı, insanlardıń pikirlew táriziniń ilgerilewi ushın ruwxıy qádiriyatlar hám ádep-ikramlılıq páziyletlerge tayanamız.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Millettiń, xalıqtıń ruwxıy kelbeti — jámiyet hám mámlekettiń keleshegginiń kepili esaplanadı. Ruwxıy kelbetsiz insan ózligin joǵaltadı. Onıń ushın Watan da, ana jurt ta, máhálle de shańaraq ta kerek emes.

«Barlıq páziyletler sıyaqlı ózin tuta alıw da shınıǵıw arqalı rawajlanadı. Kimdur úlken jasqa jetkende óz sezimlerin basqarıwdı qáler eken, buǵan ol jaslıqtan úyreniwi lazım».

**T. Spenser**



## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Ruwxıylıǵı joq insannıń keleshegi joq! — degen pikirdi túsindiriń. Insan keleshegginiń ruwxıylıqqa qanday tásiri bar?
2. Demokratiyalıq jámiyettiń rawajlanıwın ruwxıylıqsız kóz aldımızǵa keltirsek bola ma?
3. Insannıń jetilisiwi qanday pázıyletler sebepli joqarılap baradı?



## JUMBAQ

Dáwletli emes, biraq hámiyshe húrmet hám izzette. Ol kim?

# 3-§ Ruwxıy jetiklik

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Ruwxıy jetiklik degende neni túsinesiz?
2. Insannıń huqıqıy, ádep-ikramlılıq, ilimiy, ádebiy iskerligi ne menen ólshenedi?
3. Tómendegi súwretlerde kórsetilgen jaslardı ruwxıy jetik insan dep atay alamız ba? Pikirińizdi dálilleń.



Jas áwladtı fizikalıq kúshli, ruwxıy jetik etip tárbiyalawda ruwxıylıqtıń tásiri oǵada úlken. Solay eken, jetik áwlad tárbiyasında, jaslarımızdı ózligin ańlawǵa, mámleket hám jámiyet, xalıq hám shańaraq ushın múnasip perzent bolıwında ruwxıylıq biybaha kúsh sıpatında óz tásirin ótkeredi.

Ruwxıy tásir degende ruwxıylıqqa tán bolǵan belgilerdiń insanǵa tuwrıdan-tuwrı tásiri túsiniledi. Ol óz ishine ádep-ikramlılıq, tártip-intizamlılıq, gózzallıq, miyirmanlıq, sóylesiw mádeniyatı, juwapkershilik, adamgershilik páziyletlerin qamtıp aladı.

Ruwxıy tásir túsinigin eki túrde túsindiriw múmkin: birinshiden, hárqanday insannıń jetikligi ruwxıy tásiriniń ónimi; ekinshiden, insannıń ózi de basqalar ushın ruwxıy tásir deregi. Sebebi hárbir insan ata-babalarınan qalǵan ruwxıy-materiallıq miyras, jaqsı páziyletlerden tásirlengen jaǵdayda ózinde pák niyet sezimlerin jıynap bara beredi.

Eger bir jıldı gózleseńiz salı egiń. Eger 50 jıldı gózleseńiz, terek egiń. Eger 100 jıl payda beriwin gózleseńiz perzent tárbiyalań.

**Qıtay hikmeti**

«Ómirde jetiskenlikke erisiw ushın úsh nárse kerek: dıqqat, tártip hám háreket».

**Jalaliddin Rumiy**

Ruwxıy tásirdiń belgili bir xalıq sheńberinde kóriniwine belgili bir alım yaki oyshıllardan ibrat alǵan xalıqtıń keyingi áwladı ómiri hám dóretiwshiligin salıstırıp kórgende, bunı seziw qıyın bolmaydı. Mısal ushın, oyshıl Alisher Nawayınıń ólmes mirası, dúrdana shıǵarmalarınıń áhmiyeti onnan keyin jasap-iskerlik kórsetken Ogahiy, Munis, Muqimiy, Furqat, Zavqiy sıyaqlı onlap shayırlar dóretpelerinde kóringen. Jańa ásirge kelip Chólpon, Avloniy, Hamid Olimjon, Ǵafur Ǵulom, Oybek, Maqsud Shayxzoda sıyaqlı dóretiwshiler de bul dástúrlerdi dawam ettirgen hám rawajlandırǵan. Ulıwma alǵanda, ruwxıy tásir — bul ata-ananıń perzent aldında úlgi bolıwı.

Ruwxıylıǵı bekkem bolǵan xalıqqa iye jurttıń keleshegi de turaqlı boladı. Ruwxıylıǵı bekkem millet, puqara óz jolınan adaspaydı. Ol jámiyet turmısın rawajlandırıwǵa, tek ǵana teoriyalıq qarasları menen emes, bálki ámeliy iskerligi menen úlesin qosadı. Watandı súyiw insan ruwxıylıǵın belgilewshi tiykarǵı faktorlardan biri sanaladı.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

## USTAZ HÁM SHÁKIRT SÁWBETI

*Shákirt soradı: Aqıllı perzent páziyletleri nede kórinedi?*

*Ustaz juwap berdi: Aqıllı perzent Watanına sadıq, ana jurtına muhabbatı sheksiz, milliy ar-namısına iye, jurtı hám xalqı ótmishiniń bilimdanı, ullı ata-babalarınıń biybaha miyrası hám xizmetlerin tereń qádirleytuǵın hám qádirlep-qásterleytuǵın, jurtına, xalqına shın kewilden xizmet etetuǵın hár tárepleme jetik insan esaplanadı.*

1. Aqıllı perzent degende qanday qásiyetlerge iye bolǵan insan názerde tutıladı?
2. Ata-babalar miyrasın qádirlep-qásterlew qanday páziyletler qatarına kiredi?
3. Jetik insan Ustaz aytqan jaqsı sıpatlardan basqa, jáne qanday páziyletlerdi ózinde jámlegen boladı?

Ruwxıylıq jetilisken jámiyette qábiliyetli, óner iyeleri sol jámiyettiń, millettiń kelbeti, ar-namısı, abroydańqı esaplanadı. Ruwxıylıǵı joqarı jámiyette aqıl-oy, salamat pikir, ádalat hám jaqsı xulıq ústin sanaladı. Bunday jámiyette xalıqtıń, millettiń erteńgi kúnge isenimi kúshli boladı, insanǵa tán bolmaǵan unamsız illetler joǵaladı. Ruwxıylıq ústin bolǵan jerde, ol jeńiwshi kúshke aylanadı. Adamlardıń qálbinen orın iyeleydi. Qayerde ruwxıylıq, jaslar tárbiyası óz halına taslap qoyılsa, ol jámiyet turmısında aqıbetsizlik júz beredi. Bunıń ushın hár bir puqara biypárwa bolmastan, tınbay óz ústinde islewi, jámiyet hám jurt táǵdiri ushın jasap-iskerlik kórsetiwi lazım. Shańaraq hám jámiyet abroyı, men ushın áziz degen pikir hár waq qálbinde bolıwı zárúr.

«Xalıq — ullı hám dańqlı joldan ilgerilep baratırǵan úlken kárwan esaplanadı. Onı joldan adastırıwǵa urınıwshılar, qolaylı pursattı kútip hújim qılıwshılar hámiyshe bolǵan, bunnan keyin de bolıwı múmkin. Kárwan qátersiz bolmas, degen gáp biykar aytılmaǵan. Xalıq kárwanın hesh qanday kúsh artqa qaytara almaydı.

«Hújdanıńa keri júrme hám haqıyqatqa qarsı nárse sóyleme. Sol áhmiyetli násiyatqa ámel qılsań, ómirińde óz aldıńa qoyǵan wazıypalardı tolıq orınlaysań».

**Mark Avreliy**



## PIKIRLEW USHÍN

1. Zaya ketken waqıt, qaytıp berilmeydi, degen pikirge qanday pikirdesiz?
2. Házireti Alisher Nawayınıń usı hikmetine qulaq tutıń:

   *«Xazon sipohiǵa, ey boǵbon, emas mone’,*
   *Bu boǵ tomida gar ignadin tikan qılǵıl»*

   yaǵnıy insan óz ómirin iyneli sım tosıqlar menen bekkem orap qoyǵanda da, ol hesh qashan waqıt tezliginen ózin saqlap qala almaydı. Demek, hár waqıttıń qádirine jetiń!
3. Ruwxıy jetiklikke erisiw ushın waqıttı qanday sarplaw kerek! Pikirińizdi óz kúndelik iskerligińiz benen baylanıstırıp túsindiriń.

Nege degende, xalıqtıń júreginde ne-ne áwladlardan miyras jeńilmes kúsh — ruwxıylıq bar.

Jaqsı ádetler, mártlikke teń jumıslar iyman-isenimi bekkem insanlarǵa tán bolǵan páziyletlerden sanaladı. Sol sebepten el-jurt keleshegine múnasip úles qosıw, kásip abroyına daǵ túsirmeslik, hár dayım pidayı bolıw juwapkershiligi muqaddes qádiriyatlardan esaplanadı.

Ruwxıylıqtı qáliplestiriwshi tiykarlardı puxta ózlestirgen puqaralar, ásirese, jaslardıń turmısqa, átirapqa, shańaraqqa sociallıq-siyasiy proceslerge unamlı múnasebeti olardıń jaqsılıq,insaniylıq penen jasawǵa, ruwxıy jetilisiwine alıp keledi.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Ruwxıy insan jaqsı-jamandı ajratıp, ómirde aqıllı qararlar qabıl etedi. Ruwxıy-tárbiyalıq pazıyletlerge iye bolıw jaslar ruwxıylıǵınıń ajralmas bólegi. Solay eken, mánawiy jetik áwlad jurt hám keleshektiń súyenishi boladı.

«Jurtımız jasları ortasında ilim, tálim-tárbiya, medicina, mádeniyat, ádebiyat hám kórkem óner, sport, islep shıǵarıw, áskeriy xizmet tarawlarında, ulıwma, barlıq jumıslarda úlgi kórsetip kiyatırǵan azamat jigitlerimiz júda kóp. Olar óziniń fizikalıq hám ruwxıy uqıplılıǵı, tájriybe hám sheberligin kórsetiwi ushın zárúr sharayatlardı jaratıp beriw barısında mámleketimizde kóp jumıslar alıp barılıp atır hám keleshekte de olardı álbette dawam ettiremiz».

**Shavkat Mirziyoyev**



## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Ruwxıy jetiklikti qáliplestiriwshi faktorlarǵa neler kiredi?
2. Ruwxıylıq ústin bolǵan jerde jámiyet aǵzaları qanday sıpatlarǵa iye boladı?
3. Ruwxıy jetik adam tárbiyasında shańaraq hám meshit-qáwimniń ornın tiykarlań.



## JUMBAQ

Hár dayım gózzal, sırlı, ómirińdi tigiwge arzıydı. Olar neler?

# 4-§ Ózbekistannıń rawajlanıwınıń ruwxıy-tárbiya tiykarları

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Ruwxıylıqtı qáliplestiriwde ruwxıy-tárbiyalıq belgilerdiń ornın qalay seziw múmkin? Klas-laslarıńız benen birgelikte bul haqqında pikir júrgiziń.
2. Joqarı watan súyiwshilik túsinigine tómendegi súwretler arqalı táriyip beriń.
3. Ruwxıy-tárbiyalıq páziyletlerdiń ádep-ikram-lılıq qaǵıydalarınan qanday parqı bar?






Jazǵı dem alıs waqtınan joqarı klass oqıwshıları tariyx páni oqıtıwshısı menen birgelikte áyyemgi hám hámiyshe nawqıran Samarqand qalasındaǵı tariyxıy estelikler, zıyarat orınlarına bardı. Olar zıyarattı Temuriy babalarımız Mırza Ulıǵbek qurdırǵan observatoriyanı tamashalawdan basladı. Ol jerden shıǵıp, Bibixanım medresesine ótti. Bul jerge barǵanda adam oǵada kóp edi,olar maqbara esigi aldında bir topar shet ellik turistlerdiń zıyarat qılıp júrgenlerin kórdi. Bazı oqıwshılar hátte shet tilinde olar menen sáwbetlese basladı. Bir oqıwshı ustazınan soradı: «Nege hár dayım kóp shet ellik turistler jurtımızdaǵı Buxara, Samarqand, Xorezm hám Shahrisabz qalalarındaǵı zıyarat orınlarına bir márte emes, qayta-qayta keleberedi. Ózleri jasap atırǵan jurtta bunday zıyarat orınları joqpa?!» Oqıtıwshı túsindirdi: «biz húrmet etetuǵın hám hár dayım biliwimiz kerek bolǵan sonday qádiriyatlar bar, olardı

barlıq mámleket xalıqları qádirleydi, húrmetleydi». Oqıtıwshınıń anıq etip aytıp bergeninen soń, ol ulıwmainsaniy qádiriyatlardıń insan ómiri hám iskerliginde qanshelli ornı bar ekenligin túsinip jetti.

Ózbekistannıń rawajlanıwı milliy hám ulıwma xalıqlıq qádiriyatlarǵa tiykarlanadı. Watanımız mádeniyatında ulıwma insaniy qádiriyatlar joqarı dárejede qádirlenedi. Ulıwma insaniy ideyalar hám qádiriyatlardıń qáliplesiwi milliy mádeniyatlardıń rawajlanıw qásiyetleri menen baylanıslı. Bul máselede Ózbekistannıń Birinshi Prezidenti Islam Karimov aytqanınday, «biz óz rawajlanıwımızdı ózge mámleketler rawajlanıwınan bólek kóz aldımızǵa keltire almaymız hám hámme nárse biz ózimizge baylanıslı bolıp qalabermeydi». Bul orında álbette ulıwma insaniy qádiriyatlarǵa itibar berilgen. Nege degende, ulıwma insaniy qádiriyatlar menen milliy qádiriyatlar óz ara baylanıslı boladı hám bir-birin toltırıp, bayıtıp baradı.

Ulıwma insaniy qádiriyatlar insandı húrmetlew, ómirdi súyiw, wazıypaǵa, sadıqlıq, ata-babalarǵa húrmet, watan súyiwshilik, ádalat, tınıshlıq, tatıwlıq, doslıq, birgelik sıyaqlı páziyletlerin belgileydi.

Ulıwma insaniy qádiriyatlarǵa sadıqlıq jaslarımızdı tuwrı jasap, óz ornın tabıwǵa, átiraptaǵılarǵa jaqsı múnasibette bolıwǵa, tuwılıp ósken jerin muqaddes dep biliwge hámde doslıqtıń qádirine jetiwge úyretedi.

Milliy qádiriyatlar bolsa, sol millet, sol jurt xalıqları tárepinen tariyxtan húrmetlenip kiyatırǵan, insan ruwxıylıǵın bayıtıwǵa xızmet etetuǵın qádiriyatlar esaplanadı.

Milliy qádiriyatlarǵa miynetsúyiwshilik, tariyxıy ótmishke sadıqlıq, diniy isenimge húrmet, ar-namıs hám parasat áhmiyetli orın tutadı. «Joqarı mánawiyat — jeńilmes kúsh» shıǵarmasında «... biz tariyx sınawlarınan ótken, milliy máplerimiz, búgingi hám erteńgi arzıw-niyetlerimizge, rawajlanıw talaplarına tolıq juwap beretuǵın, jıllar ótken sayın artıp baratuǵın ideya hám túsiniklerdi qádiriyat dep bilemiz», delingen.

Milliy hám ulıwma insaniy qádiriyatların májbúrlep sińdirip bolmaydı. Bir de bir milliy mádeniyatın ullılap, onı basqa mádeniyattan ústin qoyıw hám basqa xalıqlarǵa májbúrlik penen tarqatıw unamsız áqibetlerge alıp keliwi múmkin. Kóp milletli mámlekette milliy mádeniyatlardı mensinbew yáki olardı kemsitiw sociallıq turaqlılıq hám milliy tatıwlıqqa zıyan jetkeredi. Sonday-aq, túrli qarama-qarsılıqlar hám kelispewshiliklerdiń payda bolıwı ushın tiykar jaratadı.

Ǵáresizlik sebepli biz óz imkaniyatlarımızdı, jigerliligimizdi kórsete alıwǵa eristik. Bunıń bir neshe sebepleri bar. Birinshiden, Ózbekistan

Respublikasınıń Tiykarǵı Nızamı — konstituciyada insanlardıń teńligi hám olardıń huquq hám wazıypaları tolıq túrde oz kórinisin tapqanlıǵı bolsa, ekinshiden, mámleket turmısında ámelge asırılǵan demokratiyalıq qádiriyat hám principleriniń insan ómiri hám imkaniyatı menen de úzliksizliginde esaplanadı. Úshinshiden, jaslarımızǵa jaratılıp atırǵan shárt-sharayatlar, tiykarınan, ózleriniń jeke biznesin ámelge asırıwda banklerden berilip atırǵan kreditler, sport tarawına berilip atırǵan itibar hám onıń nátiyjeleri kórilip atırǵanlıǵında kórinedi.

Jámiyetti rawajlandırıwda puqaralar tárepinen ruwxıy páziyletlerdiń ózlestiriliwi olardıń jámiyettegi ornın belgilep beredi, sonday-aq, jámiyettiń turaqlı bolıwında úlken áhmiyet iyeleydi. Ruwxıy-tárbiyalıq qádiriyatlar insaniylıq qásiyetiniń mánis-mazmunın quraydı.

Jámiyet rawajlanıwında, adamlardıń materiallıq hám ruwxıy talapların qanaatlandırıwda múlk hám miynettiń sociallıq bólistiriliwi úlken áhmiyetke iye.

Eger hár qanday miynet túrin adamlardıń qábiliyetine qarap bólistirip berilse, bul adam ózi biletuǵın kásip túrin kámine keltirip orınlaydı, qalaberse, ol óz isi menen jámiyet keleshegine úlken úles qosadı. Ózbekistannıń jańa rawajlanıw basqıshında ekonomikalıq reformalar menen birge ruwxıy-tárbiyalıq normalarınıń bir-biri menen baylanısta ámelge asırılıp atırǵanı

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Ruwxıy-tárbiyalıq páziyletlerin puqaralarǵa qaysı dáwirden baslap sińdirip barıw lazım?
2. Eger bir insannıń bilimi, dúnyatanımı jaqsı bolsa, qulqı, ádebi jaman bolsa bul insandı mánawiyatlı insan dep ayta alamızba? Pikirińizdi dálilleń.

| Jámiyette bar bolǵan ruwxıy sıpatlar | Jámiyette bar bolǵan tárbiyalıq sıpatlar |
|---|---|
| | |
| | |

3. Eger bul eki sıpatlardı jámlestirip puqaralar sanasına sińdiriwge erisilse, bunday insanlarǵa ideologiyalıq tásir kórsetip bolama? Juwabıńızdı dálilleń.

Insandaǵı jawızlıq hám jaqsılıq ta, jábirlew hám járdemlesiwde tárbiyanıń miywesi sanaladı.

**«Hikmetler gáziynesi»**

Adamzat keleshek ushın paydalı islerdi ámelge asıra alǵanı sebepli de joqarı. Biraq, hár qanday ortalıqta kewlinde iyman-isenimin qádirley biliwi bul insaniyattıń pútkilley ullılıǵı sanaladı.

**«Umr hikmati... saodati»**

anıq kózge taslanadı. Ruwxıy uqıplılıqtıń kúsheyiwi, insan intellektual hám tárbiyalıq qábiletleriniń rawajlanıwı mámleketti tek ǵana ekonomikalıq emes, bálki ruwxıy ilgerilewdi de támiyinleydi. Ruwxıy-tárbiyalıq pázıyletler qádirlengen jurtta ǵana rawajlanıw boladı, puqaralardıń pikirlewi tereńlesedi.

Jámiyet rawajlanıwına alıp keletuǵın ruwxıy-tárbiyalıq pázıyletlerin óz ara bir-birin túsiniw hám ańlaw, mehir-áqıbet, jaqsılıq, ádalatlılıq, sahawatlılıq, shańaraq hám Watanǵa muhabbat, sadıqlıq, keń-peyillik, miymandoslıq, hadallıq, isenim, dıyanatlılıq hám basqa soǵan uqsaǵan júzlep pák niyetlerdiń birlesiwi dep aytıw múmkin.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Jámiyet turmısınıń turaqlı rawajlanıwı insanlardaǵı bir-birine bolǵan isenim, socialłıq ádalat principleri tiykarında jasaw, milletler aralıq tatıwlıq hám awızbirshilik, nızamlardıń ústinligine áhmiyet beriwde anıq kórinedi. Ruwxıy-tárbiyalıq belgilerge iye bolǵan insan milliy hám ulıwma insaniylıq pázıyletlerdi qádirleydi, onı bayıtıp, kelesi áwladlarǵa tolıq jetkeriwge umtıladı.



## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Ruwxıy-tárbiyalıq pázıyletlerin puqaralarǵa qaysı dáwirden baslap sińdirip barıw lazım?
2. Eger bir insannıń bilimi, dúnyatanımı jaqsı bolsa, qulqı, ádebi jaman bolsa, bul insandı mánawiyatlı insan dep ayta alamızba? Piki-rińizdi dálilleń.



## JUMBAQ

Gózzal bilimniń ádep kiyimi. Ol ne?

# 5-§ Milliy dástúrlerdiń insan ruwxıylıǵınıń joqarılawına tásiri



**JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:**

1. Milliy dástúrler degende neni túsinesiz?
2. Milliy dástúrlerdiń insanlar tárepinen ózlestiriliwi ruwxıy joqarılawǵa qanday tásir etedi?
3. Súwretlerge qarap milliy dástúrler menen materiallıq hám ruwxıy dereklerdiń qanday baylanıslıǵı bar ekenligin aytıń?

Milliy dástúrler millet turmısınıń túrli tarawlarında júzege keletuǵın belgiler, qásiyetler, qádiriyatlar, iskerlik túrleri, ádetler hám qásiyetleriniń áwladtan-áwladqa ótiwi hám de miyras bolıp qalıwın belgilewshi túsinik esaplanadı.

Milliy dástúrler insan ruwxıylıǵın qáliplestiriwde ózlikti ańlaw faktorı bolıp tabıladı.

Milliy dástúrler ulıwma insaniylıq dástúrlerdiń bir millet dárejesinde payda bolıwı esaplanadı. Olar arqalı hár bir millettiń turaqlı dáwirdegi ózine tán qásiyeti, mádeniyatı, páni, ádebiyatı hám basqa tarawlardaǵı erisilip atırǵan nátiyjeleri hám jeńisleri keyingi dáwirlerde jasap atırǵan áwladlarǵa jetkeriledi.

Xalqımız, ullı ata-babalarımızdıń jaqsılıq jolındaǵı isenimin-jigerliligin alıs ótmishten búginge shekem tilsiz jasap kiyatırǵan kóplep dástúr hám qádiriyatlarımız, mádeniy miyrasımız úlgilerinde kórinedi. «Jaqsı pikir, jaqsı sóz, jaqsı ámel» ideyası dúnyada jaqsılıqtıń jeńiske erisiwine bolǵan isenimdi

Óz dáwirinde sol millettiń ǵam-táshwishleri, arzıw-ármanları, maqsetlerin kórsete alǵan milliy qádiriyatlar ruwxında suwǵarılǵan shıǵarmalar waqıtlar ótip ulıwma insaniylıq qádir-qımbatqa erisedi. Bunday biybaha hám ólmeytuǵın shıǵarmalardıń kóplep avtorları Shıǵıstan jetilisip shıqqanlıqları bizlerde maqtanısh sezimlerin kúsheytedi.

Sen ótmishke tas ılaqtırma. Ótmishke tas ılaqtırıw, ólikti tewiw demekdur. Ólik tirilip, qáteleri ushın sennen keshirim soramaydı. Ótmishten sabaq alıw kerek. Áne sol sabaqtı juwmaqlap, búgindi oylaw kerek.

**Demokrit**

bildirgen «Avesto» kitabı bolama yaki insanlardı jaqsılıqqa jeteleytuǵın jol mánisin bildiriwshi «Qutadǵu bilig» shıǵarması bolama, bular ata-babalarımızdıń hadallıqqa umtılıp hám pák niyetleriniń ayqın kórinisi sıpatında ásirler dawamında jasap kelmekte. Sonday-aq, neshshe ásirler aldın qurılǵan hám ǵárezsizlik sebepli qayta tiklengen júzlep mádeniy esteliklerdi zıyarat qılar ekenbiz, ıqtıyarsız hár birimiz ózimizde ata-babalar ruwxına joqarı húrmet, bolajaq áwládlar aldında joqarı juwapkershilik tuyǵıların sezemiz. Mine sonıń ózi insan ruwxıy pikiriniń joqarılawına úlken tásir emespe?!

Millettiń hár bir áwladı milliy dástúrlerdi ótmishten keleshekke jetkerip beriwshi insanlar ruwxında tárbiyalanıwı lazım.

Mámleketimiz ǵáresizlikke eriskennen soń milliy dástúrlerge itibar kúsheydi. Bugingi áwladtan-áwladqa biybaha miyras sıpatında ótip kiyatırǵan milliy dástúrler qatarına Nawrız, Ǵáresizlik, Oqıtıwshılar hám Ustazlar, Eslew hám qádirlew kúni sıyaqlı bayram hám máresimlerimizden jámiyet turmısına zamanagóy mánis-mazmun baǵıshlaw jolında aqılǵa muwapıq paydalanıw lazım boladı. Milliy dástúrlerimizdi úyreniw, úgit-násiyatlaw menen bir qatarda, toy-merekelerin, olardıń bir bólegi bolǵan úrp-ádetlerdi ıqshamlastırıw, bul jolda ısrapgershilik hám dábdebelikke jol qoymaslıqqa óz aldına itibar beriw dárkar.

Insan ruwxıylıǵı milliy-mádeniy miyras, xalıqawızeki dóretpesi, ilimiy ashılıwlar, úrp-ádet hám dástúrler, qalaberse, materiallıq hám ruwxıy derekler arqalı qáliplestiriledi.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Milliy dástúrlerdiń jámiyet rawajlanıwına qanday tásiri bar, dep oylaysız?
2. Sokrattıń tómendegi pikirin oqıń hám ruwxıy miyrastıń milliy dástúrler menen baylanıslıǵın tiykarlań:

> *«Men áyyemgi danıshpanlardıń óz shıǵarmasında bizge qaldırıp ketken bay miyrasların kózden ótkeremen; eger de, biz olarda jaqsı bir pikirge duslassaq, onı ózlestirip alamız hám ózimizdi júdá úlken payda arttırǵanday esaplaymız».*

**Shınıǵıw sabaǵı.** Milliy dástúrler esaplanǵan ata-babalarımızdıń biybaha miyrası hám qádiriyatları jas áwladtı kámil insan etip tárbiyalawǵa shaqıratuǵın ruwxıy faktorǵa aylanıwı kerek. Áne sondaǵana milliy dástúrler sabır-taqat, mehir-aqıbet, parasat, úrp-ádetlerge húrmet, jaqsılarǵa eriw, jamanlardan qashıw sıyaqlı xalqımız páziyletlerin ele de órlewine xızmet etedi.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Hár bir shańaraqta tınıshlıq bolıwı ushın shańaraq aǵzaları qanday jol tutıwı kerek?
2. Siz materiallıq jarlı, biraq ruwxıy pázıyletleri joqarı dárejede rawajlanǵan insandı kóz aldıńızǵa keltiriń. Bul jaǵdayda Siz neni sezesiz?
3. Adamzat bul dúnyada baxtlı hám tınısh jasawǵa erisiwde onnan ne talap etiledi?
4. Siz ózińizdi sol aziz Watannıń belsendi aǵzası dep bilesizbe? Pikirińizdi dálilleń.

## JUMBAQ

Waqtı kelgende, hesh kimge qulaq aspaydı, hesh kim menen múnásibette bolmaydı. Ol ne?

6-§

# Ruwxıy miyrastıń insan mánawiyatında tutqan ornı











## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Ruwxıy miyras» túsinigine táriyip beriń. Siz onı qalay túsinesiz?
2. Ruwxıy miyrastı bekkemlew hám rawajlandırıw ushın nelerge itibar qaratıw lazım?
3. Ruwxıy baylıqlar menen ruwxıy miyrastıń parqı nede? Tómendegi súwretlerge qarap, óz pikirińizdi túsindiriń.

Ruwxıy miyras — ruwxıy rawajlanıw ónimi, insan aqıl-zákawatı menen jaratılǵan, keleshek áwladtı jaqsı rawajlandırıwǵa qaray jeteklew qásiyetine iye bolǵan, adamlardıń sanası hám dúnya qarasınıń ósiwi, ata-babalardan áwladlarǵa ótip kiyatırǵan ázeliy qádiriyatlar jıynaǵın kórsetetuǵın túsinik bolıp esaplanadı.

Ruwxıy miyras ata-babalar tájiriybesi, olar qaldırǵan ruwxıy baylıqlardıń kelesi áwladlardıń ámeliy iskerligi, pikirlewi tımsalında qanday áhmiyet kórsetiwine qaray, jeke shaxs, óz aldına topar yáki belgili millet wákillerine tiyisli bolıwı múmkin.

Miyrastıń belgili milliy tilde jaratılǵanlıǵına qaray, milliy hám mádeniy-ruwxıy dástúrlerine, múnásibet bildiriwine qaray, milletke belgili bir aymaqta jasawshı túrli milletlerdi qamtıp alıw qásiyetine bola, jámiyetke, insaniyat tariyxında tutqan joqarı ornına qarap, sivilizaciyaǵa tán bolıwı da múmkin.

Ruwxıy miyras millet, mámleket, sonday aq, aymaqqa tiyisli bolıwı da múmkin. Máselen, Imom Buxariy hám Imom Termiziydıń diniy-aǵartıwshılıq

miyrası, Abu Ali ibn Sinonıń medicinaǵa tiyisli yáki Mırza Ulıǵbektiń astronomiyaǵa tiyisli ashılıwları tek ǵana milletimiz hám aymaǵımızda jasap atırǵan xalıqlar emes, bálki jáhan sivilizaciyası, mádeniyatınan orın alǵan biybaha ruwxıy miyras esaplanadı.

Materiallıq miyras insannıń sanasına tásir etiw menen birge sol waqıttıń ózinde ruwxıy miyrasqa aylanıwı da múmkin. Máselen, bizge shekem jetip kelgen uzaq ótmishte jaratılǵan tariyxıy estelikler materiallıq baylıqqa jatsa da, olardaǵı injenerlik, bezew jumısları, qurılıs usılları hám oǵan tiyisli materiallardıń tayarlanıwı, qurıwshıları hám basqa da táreplerine qaray ruwxıy miyrasqa aylanadı. Sonday-aq, materiallıq ónimler islep shıǵarıw texnologiyaları hám úskeneleri materiallıq baylıqqa tiyisli bolıwı menen birge dástúrlerimiz ata-babalardan áwladlarǵa ótiwi ushın ruwxıy miyras tárizinde ámelge asırıladı.

Sol tárepten, insaniyattıń jazba dereklerinde sáwlelenbegen kóplep turmıslıq bilim hám tájiriybeleri



## BILIP ALÍŃ

Ónerde xalıqtıń bay tariyxı, danalıq hikmetleri hám álbette arzıw-úmitleri jasırınǵan boladı. Sol sebepli, hár kásiptiń jankúyeri hám ustası óziniń mashaqatlı miyneti, tınımsız izleniwleriniń jemisi esaplanǵan jańa oylap tabılıwlar, biybaha dóretiwshi-lik úlgileriniń sırları — ayrıqsha áhmiyetin basqalarǵa ańlatıp baradı.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Tómendegi tekstti oqıń.
2. Tekstte ruwxıy miyrastıń qanday qúdreti sáwlelendirilgen?

*... ibn Sino shıǵarmalarınıń ulıwma sanı 450 den asadı,biraq bizge shekem 242 si (ayrım maǵlıwmatlarǵa kóre 160 ı) jetip kelgen. Alımnıń bizge shekem belgili bolǵan úlken shıǵarması «Kitob ash-shifo», ol 4 bólimnen ibarat bolıp, onnan logika, fizika, matematika, metafizika sıyaqlı máseleler orın alǵan. Bul shıǵarma bizge shekem jetip kelmegen, onıń Isfahondaǵı órtte joǵalǵanı belgili. «Donishnoma» atlı shıǵarması bolsa parsı tilinde jazılǵan...*

*Alımnıń medicinaǵa tiyisli «Kitob al-qonun fit-tibb» («Tib qonunlari») enciklopedik shıǵarmasın jaqsı bilemiz. Bul shıǵarma 5 ǵárezsiz úlken shıǵarmadan quralǵan. Birinshi-úshinshi kitaplarda medicinanıń teoriyalıq tiykarları, 800 ge jaqın dáriniń qásiyetleri, ayrım dene organlarınıń kesellikleri hám olardı dawalaw usılları bayan etiledi...*

*«Mıń bir ǵáziyne»*

ruwxıy miyras túrinde ata-babalardan áwladlarǵa ótip keledi. Adamlar sanası, ishki dúnyası, pikirlew qábileti hám sezimlerine tásir etiw arqalı, olardı bayıtıw, rawajlandırıw, jańa ideyalıq baǵdarlarǵa umtılıw ruwxıy miyrastıń anıq mánisin bildiredi. Biziń jaqsı ádetimizge aylanıp ketken mehir-aqıbet túsinigin alayıq. Onıń júdá tereń tariyxıy, milliy, diniy tamırlarınıń bar ekenligin kóriwimiz múmkin. Bul eń aldı menen, insannıń insan menen, qońsınıń qońsı menen, tuwısqannıń tuwısqan menen, shańaraqtıń shańaraq penen, eń kereklisi, shaxstıń jámiyet penen birlesip jasawın, jetim-jesir, qáwenderi joq mayıplarǵa hám músápirlerge qayır-saqawat kórsetiw, shın kewilden, biyǵárez járdem beriwdi ańlatadı hám bunday qásiyet xalqımızdıń ruwxıy dúnyasına sińip ketkenin hesh kim biykarlay almaydı.

Materiallıq hám ruwxıy baylıqlardı qádirlep-qásterlew — jaqsı páziylet. Ǵárezsizligimizdiń dáslepki kúnlerinen-aq ata-babalarımız tárepinen kóp ásirler dawamında saqlanıp kelingen júdá úlken, biybaha ruwxıy hám máde-niy miyrastı tiklew mámleket siyasatı dárejesine kóterilgeni úlken áhmiyetke iye boldı.

Ózbekistandı jańalaw hám rawajlandırıw jolı ruwxıy miyras kóz-qarasınan qaraǵanda tórt tiykarǵı negizge tiykarlanadı. Olar:

- ulıwma insaniylıq qádiriyatlarǵa sadıqlıq;;
- xalqımız ruwxıy miyrasın qayta tiklew, bekkemlew hám rawajlan-dırıw;
- insannıń óz imkaniyatların jigerliligin kórsetiwi;
- joqarı watan súyiwshilik.

Bul áyyemgi hám teberik topıraqtan ullı ulamalar, oyshıllar, alım hám ilimpazlar, siyasatshılar, sahıpqıran sárkardalar jetilisip shıqqan. Diniy hám dúnyalıq ilimlerdiń tiykarları mine usı jerde jaratılǵan, kórinis tapqan. B.e.sh. hám onnan keyin qurılǵan quramalı suw úskeneleri áyyem-áyyem-nen jurtımızdaǵı diyqanshılıq, ónermentshilik mádeniyatı, qurılıs hám bezew beriw óneri joqarı bolǵanınan derek beredi.

Tariyxta túrli ayawsız sınawlardan aman qalǵan, eń áyyemgi tas jazıwlardan tartıp, búgin kitapxanalarımız ǵáziynesinde saqlanıp atırǵan qol jazbalar, olarda jámlengen tariyxıy, ádebiyat, kórkem-óner, siyasat, etika, filosofiya, medicina, matematika, fizika, ximiya, astronomiya, qurıwshılıqqa tiyisli on mıńlap shıǵarmalar bizlerdiń biybaha ruwxıy baylıǵımız, maqtanıshımız bolıp tabıladı.

Watanımızdıń ruwxıy miyraslarınan jámiyet kórkeyedi, insanlardıń ruwxıy dúnyası bayıydı hám de perzentlerimiz jetik insanlar bolıp jetisedi.

## PIKIRLEW USHÍN

Tómendegi tekstti oqıp, ruwxıy hám materiallıq miyras birligi tuwralı pikir júrgiziń:

*«Mırza Ulıǵbek atı ilimge pidayı xizmet etiw belgisi esaplanadı. XVII ásir ortalarında ullı polyak astronomı Yan Geveliy Ulıǵbektiń katalogın óziniń «Astronomiya tiykarları» shıǵarmasına kirgizgen. Ol óz kitabında eki oyma naǵıslı súwret keltirgen, olarda Ulıǵbek túrli dáwirlerde jasaǵan dúnyanıń ullı astronomları ortasında súwretlengen. Bul oyma naǵıslar astronomiya sabaqlıqları hám pán tariyxına tiyisli miynetlerge kirgizilgen. Olar dúnyaǵa Mırza Ulıǵbek alımın jetilistirgen astronomiya mektebiniń ataǵın álemge tarqatıwshı biybaha estelik bolıp qaldı. Ulıǵbek atı Aydaǵı krater atında máńgilestirildi (XVII). 1977-jılı Quyash sistemasında ashılǵan hám Garvard orayında 2439-nomer menen dizimge alınǵan kishi planetalardan biri onıń atı menen ataladı».*

**«Orta ásirler shıǵısınıń belgili alım hám oyshılları»**

**Shınıǵıw sabaǵı.** Hár bir mámleket, millet tek ǵana búgingi emes, bálki erteńgi kúndi milliy-ruwxıy miyrassız kóz aldına keltire almaydı. Materiallıq-ruwxıy baylıqlar insan hám jámiyet rawajlanıwı, turaqlılıǵı kepili esaplanadı. Siz benen biz bulardan ónimli paydalanıwımız hám olardı kóbeytiwimiz lazım.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Ózbekistannıń basqa mámleketlerden parqlı tárepin kórsetiwshi qanday ruwxıy miyrasları bar?
2. Insannıń insan menen, qońsınıń qońsı menen, tuwısqannıń tuwısqan menen, shańaraqtıń shańaraq penen, shaxstıń jámiyet penen bir bolıp jasawı neniń belgisi esaplanadı?

## JUMBAQ

Bazarda satılmaydı, altınǵa tawılmaydı. Ol neler?

# 7-§ Shańaraq — muqaddas qorǵan












## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Shańaraq tatıwlıǵı túsinigine táriyip beriń.
2. Búgingi kúnde mámleketimizde shańaraq máselelerine qanday áhmiyet berilmekte? Bul haqqında pikirińizdi dálilleń.
3. «Shańaraq — muqaddes qorǵan». Usı túsinikke tómendegi súwretler arqalı táriyip beriń.

Shańaraq — nekege yáki tuwılǵanlıqqa tiykarlanǵan kishi topar. Onıń aǵzaları xojalıqtıń birligi, óz ara járdemi hám ruwxıy juwapkershiligi menen bir-birine baylanısqan. Shańaraqtıń eń áhmiyetli sociallıq wazıypaları — insan násilin dawam ettiriw, balalardı tárbiyalawda, shańaraq aǵzalarınıń turmıs shárayatı hám bos waqtın ónimli shólkemlestiriwden ibarat.

Shańaraq hár bir xalıqtıń, millettiń dawamıylıǵın saqlawshı, milliy qádiriyatlardıń rawajlanıwın támiyinlewshi muqaddes dárgay. Shańaraqta biz hám áwladlarımız tárbiyalanıp, úlkeyemiz, dúnyanı ańlaymız hám de bárshemiz túrli minez-qulıqqa iye bolıp baramız.

Shańaraq jámiyettiń tiykarın quraydı. Jámiyet hám mámlekettiń tınıshlıǵı, gúllep-jasnawı tuwrıdan-tuwrı sol jámiyettegi shańaraqlardıń materiallıq hám ruwxıy tárepten bekkemligine baylanıslı.

Shańaraq tárbiyasında ata-ana hám perzentler múnásibeti óz aldına orın iyeleydi. Bunda ata-ana moynında ruwxıy jetik, fizikalıq kúshli jas áwladtı tárbiyalaw barısında, jámiyet keleshegi ushın belgili bir kásiptiń pidayısı, ekonomikalıq ǵárezsiz, isbi-

lermenlik mádeniyatqa iye shaxstı kamalǵa keltiriw wazıypası turadı. Perzentler bolsa bul gózzal hám tuwrı tárbiyanı ózinde qáliplestirip, ózlestirip baradı.

Shıǵısta shańaraq ázelden muqaddes dárgay sıpatında qádirlengen. Shańaraq aǵzaları da belgili turmıslıq tájiriybege tiykarlanıp, perzent tárbiyalaw, ruwzıgershilikti terbetiw, azadalıq, tuwrı sózlilik, únemlilik sıyaqlı ádep-ikramlılıq kórinislerin ózinde jetilistirgen. Ullı enciklopedist alımlarımız, tiykarınan, Yusuf Xos Xojibtiń «Qudadǵu bilig», Kaykovustıń «Qabusnama», Ahmad Yugnakiydıń «Hibbat ul-xaqoyiq», Abu Nasr Farobiydıń «Baxtqa erisiw haqqında», Abu Ali ibn Sinanıń «Tadbir al-manozil», Sadiydıń «Gulistan», Xusayn Voiz Koshifiydıń «Axloqi muhsiniy», Alisher Nawayınıń «Mahbub ul-qulub», «Hayrat ul-abror», Abdurahman Jomiydıń «Silsilat uz zaxab», «Bahoristan», Abdulla Avloniydıń «Turkiy Gulistan axloq» hám basqa kópǵana shıǵarmalarında shańaraq ruwxıylıǵı, balalar hám jaslar tárbiyasınıń wazıypaların, perzentiniń olar aldındaǵı wazıypasın, shańaraqlıq tárbiyanıń mánis-mazmunın hár tárepleme túsindirip túrli turmıslıq ráwayatlar arqalı onıń unamlı hám unamsız tárepleri hár tárepleme sáwlelendirilip berilgen.

Sol tárepleri menen elimiz shańaraqlarınıń bekkemligi, balajanlıǵı, jaqın doslar hám tuwǵan-tuwısqanlarǵa bolǵan óz ara húrmet, miyrim-shápáátlilik hám basqa da shańaraqlıq qádiriyatlardıń ústinligi menen de dúnyadaǵı kópǵana millet, xalıqlarınan ajıralıp turadı.

Eger shańaraqta óz ara birlik, óz ara járdem, ózara húrmet, bir-birine isenim jaǵdayı bar bolsa, bunday shańaraqlarda rasgóy, miyirman, óz jaqınlarına, tuwǵan-tuwısqanlarına, qońsı-qobalarına hár dayım járdem beriwge tayar bolǵan insanlar kamalǵa keledi. Ózinde usı páziyletlerin birlestirgen insanlardıń shańaraqlarında barqulla tınıshlıq húkim súredi. Eger

«Bir shańaraqtıń tınıshlıǵı hám izzeti, álbette, sol xalıqtıń ishki intizamı hám tatıwlıǵına baylanıslı. Tınıshlıq hám tatıwlıq bolsa sol millet shańaraqlarınıń intizamına tayanadı, mámleket hám millette sonday kúshli hám tártipli boladı. Egerde bir mámlekettiń xalqı ádepsiz hám miyrimsizlik penen shańaraq múnásibetlerin ázzilestirip jiberse hám intizamsızlıqqa jol qoysa, sonda bul millettiń tınıshlıǵı hám ómiri gúman astında qaladı».

**Abdurauf Fitrat**



## BILIP ALÍŃ

Ózbekistanda 1998-jıl — «Shańaraq jılı», 2000-jıl «Salamat áwlad jılı», 2001-jıl — «Analar hám balalar jılı», 2002-jıl— «Qarıyalardı qádirlew jılı», 2003-jıl — «Abat máhalle jılı», 2004-jıl — «Mehir-múriwbet jılı», 2005-jıl — «Saw-salamatlıq jılı», 2007-jıl — «Sociallıq qorǵaw jılı», 2008-jıl — «Jaslar jılı», 2010-jıl — «Bárkamal áwlad jılı», 2012-jıl — «Bekkem-shańaraq jılı», 2013-jıl — «Abat turmıs jılı», 2014-jıl — «Salamat bala jılı», 2016-jıl — «Salamat ana hám bala jılı», 2017-jıl — «Xalıq penen pikirlesiw hám insan mápleri jılı» dep atalǵan.

kerisinshe bolsa, bunday shańaraqtı bereket, tatıwlıq, awızbirshilik hám muhabbat sezimleri pútkilley tárk etedi.

Sol mánide, shańaraqtıń hár bir aǵzası tek ǵana óziniń jeke mápi ushın emes, pútkil shańaraqtıń mápleri jolında qayǵırsa, óz jaqınlarına ǵamxorlıq etiwdi maqset etip alsa, shańaraqtıń turmısı jánede bekkemlenedi.

Elimizde jetik áwladtı tárbiyalawda shańaraq institutı hám máhalle puqaralar jıyınınıń bilimlendiriw mekemeleri menen birgeligin jánede rawajlandırıw, bekkemlew hám ónimdarlıǵın asırıw barısında qatar ámeliy isler alıp barılmaqta. Sol maqsette 2012-jıldan «Shańaraq — máhalle — bilim beriw mekemesi» birgeligi huqıqıy norma tiykarında belgilep qoyıldı.

«Shańaraq Kodeksi»niń qabıl etiliwi bolsa házirgi zaman talaplarınan kelip shıǵıp shańaraq máplerin rawajlandırıw barısında áhmiyetli qádemlerden boldı. Oǵan kóre, neke qurıwdan aldın jaslardı medicinalıq baqlawdan ótkeriw, jas shańaraqlar ushın dáslepki bes jıl dawamında dispanser qadaǵalawın shólkemlestiriw jumısları shólkemlestirildi.

Respublika «Shańaraq» ilimiy-ámeliy Orayı hám onıń tómengi bólimleri shólkemlestirilgenligi shańaraq, analıq hám balalıq máplerin tek ǵana huqıqıy, social-ekonomikalıq qorǵaw emes, bálki ilimiy-ámeliy kóz qarastan úyreniw, jedel ideyalar tiykarında shańaraq párawanlıǵın támiyinlew sıyaqlı sawaplı islerge sebep bolmaqta.

Mámleketimiz ǵáresizligine eriskennen keyin shańaraq párawanlıǵın mámleketimiz iskerliginiń ústin baǵdarlarınan birine aylandı. Solay eken, jas shańaraqtı materiallıq hám ruwxıy tárepten qollap-quwatlaw, olarǵa kómeklesiw, jeńillikler jaratıw, eń aldı menen, úy-jay menen támiyinlew — bulardıń

barlıǵı ushın tek ǵana ata-analar emes, birinshi gezekte mámleket hám jámiyetimiz juwapker.

Respublikamız ǵáresizliginiń qısqa dáwiri ishinde shańaraq párawanlıǵı jolında tómendegi sawaplı isler:

- shańaraq, analıq hám balalıqtı qorǵaw, puqaralardıń huquqıy mápin asırıw;
- kóp balalı, kem támiyinlengen shańaraqlardı, mayıplardı, baǵıwshısı joq kekseler, jalǵızbaslılardı sociallıq qollap-quwatlaw;
- shańaraqta ruwxıy hám fizikalıq jetik shaxstı qáliplestiriw barısında keń qamtıwshı jumıslar solar qatarınan esaplanadı.

Elimizde shańaraq isbilermenligin rawajlandırıw barısında qatar nızam hújjetleri qabıl etildi. Sol normalıq hújjetler tiykarında shańaraq isbilermenligin jedel rawajlandırıw arqalı turaqlı ekonomikalıq ósiwdi támiyinlew názerde tutıladı.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Shańaraǵıńızda siz yáki aǵa-inilerińizdiń, apa-qarındaslarıńızdıń jigerlendiriwde ata-anańız qanday jaqsı niyetli sózlerin aytadı?
2. Tómendegi tekstti oqıń hám óz shańaraǵıńızdaǵı sonday jaǵdaylar menen salıstırıń.

### *ÁKE KISHKENE BALASİN SÚYGENDE KÓKKE ATADİ*

*Bul «mennen de ullı bol, balam» degeni. Bul haqıyqıy ǵamxorlıq hám perzentin barlıq nárseden, hátte, ózinen de áziz biliw belgisi. Áke perzenti mektepke barǵanında onı qushaǵına alar eken, mańlayınan súyedi. Bul «keleshegiń jarqın bolsın» degeni. Erteńgi kúnniń úmiti bar onda, perzentiniń ıǵbalı ushın hár nársege tayarlıq jámlesken boladı usı mehride. Áskeriy xızmetke jiberip atırǵanda áke balasınıń belinen kóteredi. Bul «Watan xizmetine baylaǵan beliń bekkem bolsın» degeni. Oqıwın pitkerip balası qolınan jumıs alǵanda ata pátiyaǵa qol jayadı: jolıń jarıq bolsın, balam... Sonda onıń kózleri jaslanǵanın kóremiz, qálbindegi maqtanıshtı kóz aldımızǵa keltire almaymız. Perzentiniń ullı isler qılǵanın kórgende bolsa ata-ananıń tóbesi kókke jetedi. Qanday alǵıs aytarın bilmey entigedi. Bunıń astında hikmet bar: búgin seni súysem erteń saǵan súyenemen!*

**Baspa OAV materialları**

«Xalqımızdıń anıq maqsetti gózlep háreket etiwi, dáwletli bolıwı, baxıtlı bolıp húrmet-izzet tabıwı, márt bolıwı yáki ázzi bolıp qorlıqqa túsiwi, baxıtsızlıq júgin tartıwı, itibardan qalıp, basqalarǵa jaltaq hám qul, tutqın bolıwı olardıń óz ata-analarınan balalıqta alǵan tárbiyalarına baylanıslı».

**Shavkat Mirziyoyev**

Shańaraq isbilermenligi kóplep social-ekonomikalıq abzallıqlardı payda etedi. Isbilermenlik hámde awıl xojalıǵın aqılǵa muwapıq basqarıw tiykarında shańaraq tárbiyasınıń jolǵa qoyılıwı jas áwladta insanıylıq, únemlilik, shólkemlestiriwshilik, shaqqanlıq, ziyreklik, juwapkershilik sıyaqlı pázıyletlerdiń qáliplesiwine sebep boladı.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Hár qanday jámiyette puqaralardıń baxıtlı, tınısh turmısınıń sulıw hám bekkem bolıwı sol qorǵandaǵı hár bir aǵzasınıń kewli toq, shaqqan, jámiyet hám mámleket rawajlanıwına olardıń hám sociallıq hám ekonomikalıq tárepten jetikligine tuwrıdan-tuwrı baylanıslı.



## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Shańaraqtıń qurǵınlıǵı nege baylanıslı?
2. Siziń shańaraǵıńızda shańaraqlıq isbilermenlik jolǵa qoyılǵanba? Nege shańaraqta óner úyreniw kerek, delinedi?
3. «Sen tariyxı bay, ullı millettiń perzentiseń», «Sen ullı oyshıllar, alımlar jasap ótken mákanda tuwılǵansań» degen gáplerdi esitkenińizde qálbińizge sol watanǵa, sol jurtta jasap atır-ǵanlıǵıńızdan maqtanıw sezimi kesheme? Pikirińizdi dálilleń.
4. Siz shańaraq aǵzalarıńız benen úy shárayatında kishi biznes basladıńız. Siz jaratqan ónimdi sizden aldın máhalleńizdegi basqa bir úy baslaǵan hám bazar menen baylanıstı jolǵa qoyıp óz óniminiń tutınıwshısına iye. Bunday jaǵdayda siz qanday jol tutqan bolar edińiz?



## JUMBAQ

Ózimdiki ózime tiyisli emes. Ol kim?

# 8-§ Ruwxıy qádiriyatlar rawajlanıwında milletler aralıq tatıwlıq múnásibetleri



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Milletler aralıq tatıwlıq degende neni túsinesiz?
2. Ruwxıy qádiriyatlardıń milletler arasındağı tatıwlıqqa qanday baylanıslığı bar? Pikirińizdi súwretler arqalı dálilleń.
3. Mámleketimizde búgingi kúnde milletler aralıq tatıwlıq hám diniy keńpeyillikti támiyinlew boyınsha qanday qayırlı jumıslar ámelge asırılmaqta?

Milletler aralıq tatıwlıq — milletler aralıq awızbirshilik, xalıq aralıq doslıq esaplanadı. Milletler aralıq tatıwlıq milliy ǵáresizlik ideologiyasınıń tiykarǵı ideyalarınan sanalıp, belgili aymaq, mámlekette túrli millet wákilleriniń awızbirshilikte jasawı, birgelikte iskerlik júrgiziwin belgilewshi túsinik esaplanadı.

Milletler aralıq tatıwlıqtı bir jámiyette jasap, jalǵız maqset jolında miynet etip atırǵan túrli millet hám elatlarǵa tiyisli adamlar ortasındaǵı óz ara húrmet, doslıq hám awızbirshiliktiń ruwxıy tiykarı dep ataw múmkin. Milletler arasındaǵı ulıwmalıq qayırlı maqsetler názerinen qaldırmaw, ázeliy qádiriyatlar rawajlanıwı tiykarın quraydı.

Jer júzindegi 1600 den artıq milletten bar-joǵı, 200 den artıǵı óz mámleketshiligine iye. Bunday sharayatta barlıq dúnyada milletler aralıq tatıwlıqtı támiyinlew ushın olardıń mápleri, ruwxıyatı, maqset-

«Ózbekistan xalqın, milletine qaramastan, Ózbekistan Respublikasınıń puqaraları quraydı».

**Ózbekistan Respublikasınıń Konstituciyası, 8-statya**

lerin úzliksiz úyrenip barıw, siyasiy-sociallıq turmısta onı bárqulla itibarǵa alıw zárur.

Mámleketimiz aymaǵında áyyemnen kópǵana millet hám elat wákilleri awızbirshilikte jasap kelgen. Olar ortasında ásirler dawamında milliy kelispewshilikler bolmaǵan xalqımız ázelden keńpeyillik, miymandoslıq, keshirimlilik, basqalardıń úrp-ádet hám qádiriyatların húrmetlew sıyaqlı ulıwma insanıy páziyletlerin kórsetip kelgen.

Milletler aralıq tatıwlıq ulıwma insanıy qádiriyat bolıp, túrli xalıqlar birgelikte jasaytuǵın aymaq hám mámleketler milliy rawajlanıwın belgileydi, siyasiy-ekonomikalıq rawajlanıwına unamlı tásir etedi, tınıshlıq hámde turaqlılıqtıń kepili bolıp xizmet etedi.

Búgingi kúnde jer júzinde 6 mlrd.tan zıyat xalıq bar. Ózbekistan aymaǵında bolsa 130 dan artıq millet hám elat wákilleri jasap atır. Mámleketler kóp milletli (polietnik) hám bir milletli (monortnik) quramǵa iye bolıp, hár biri ózine tánligi menen bir-birinen ajıralıp



## TARIYXQA NÁZER

Biziń xalqımızdıń miymandoslıǵı hám keńpeyilligi ásirese urıs jıllarında kórinedi. Sol dáwirde Ózbekistanǵa 1 mln.nan artıq adam, sol qatardan,200 mıń bala evakuaciya etildi. Túrli milletke tiyisli jetim balalardı xalqımız óz perzentindey ardaqlap, olardı kamalǵa keltirdi. Máselen, 2-jáhan urısı dáwirinde Tashkentli ápiwayı temirshi Shoaxmad Shomaxmudov hám onıń hayalı Baxri Akramova túrli millettiń qarawsız hám jetim qalǵan balaların perzentlikke alıp, tálim-tárbiya bergen. Olar úysiz qalǵan, túrli millet wákilleri bolǵan 13 bala hám urıstan soń jáne 3 balanı óz tárbiyalarına alǵan. Bular: Xabiba, Vova, Shuhrat-rus, Hamidulla-ukrain, Rafiq, Rahmatulla-tatar, Xolida-moldavan, Samur-chuvash, Yuldash, Ergash-evrey, Halima-qazaq, Qaravoy, Nemat, Muazzam, Hakima, Ulıǵbek-ózbek. Shomaxmudovlar shańaraǵı insaniylıqtı ullılawshı shańaraq sıpatında úlken mártlik, qaharmanlıq kórsetti.

turadı. Hár bir mámlekette túrli millet wákilleriniń bar ekenligi ázel-ázelden oǵan ózine tán tábiyiy reńbereńlik sıpat berip kelgen. Hár bir millettiń ulıwma mápleri menen ózine tán qádiriyatları da bar.

Ózbekistan sıyaqlı kóp milletli mámlekette túrli milletler máplerin birlestiriw, olar arasında tatıwlıqtı támiyinlew rawajlanıwdıń sheshiwshi faktorlarınan biri esaplanadı. Solay eken, millettiń keleshegi basqa xalıqlar hám mámleketlerdiń rawajlanıwı, pútkil dúnyadaǵı jaǵdayı hám imkaniyatları menen de baylanıslı. Pútkil dúnyada, birinshi náwbette, qońsı mámleketlerde irgeles jasap atırǵan etnoslar ortasında tınıshlıq, turaqlılıq, birge islesiw, awızbirshilik, teń huquqlı múnasibet bolmasa, olardan hesh biri óziniń aydın keleshegin támiyinley almaydı.

Neshe mıń jıllıq tariyxımız sonnan derek beredi, joqarı adamgershilik hám insaniylıq, milletleraralıq tatıwlıq xalqımızdıń eń joqarı páziyletlerinen esaplanadı. Bunı tiykarǵı nızamımız da tastıyıqlaydı.

Jámiyet turmısında diniy keńpeyillik ideyası hár túrli diniy isenimge iye bolǵan adamlardıń bir jurt, bir watanda, joqarı adamgershilik ideya hám niyetler jolında birge hám awızbirshilikte jasawın ańla-tadı. Dúnyadaǵı dinlerdiń barlıǵı jaqsılıq ideyalarına tiykarlanadı, ol hadallıq, tınıshlıq, jaqsılıq hám doslıq sıyaqlı bir qansha jaqsı páziyletlerge súyenedi. Insanlardı hadallıq hám páklik, mehir-aqıbet, insaniylıq hám keńpeyillikke shaqıradı.

Haqıyqattan da, hár bir insan, birlespe hám milletler, insaniyattıń xalıqlardıń túrli mádeniyatlarınan ibarat ekenligin ańlawı hám húrmet etiwi júdá áhmiyetli. Solay eken, peyli keńlik joq jerde tınıshlıq, tınıshlıq joq jerde rawajlanıw bolmaydı.

Házirgi waqıtta jurtımızda 16 diniy konfessiya, 2200 den artıq diniy shólkemlerdiń diniy keńpeyillik tiykarlarına ámel etken halda óz ara tınısh-tatıwlıqta

«Samarqand qalasında Sahıb-qıran Amir Temur dáwirinde boy tiklengen, Daniyar payǵambar atı menen atalatuǵın maqbara islam, xristian hám yahudiylik dini wákilleri tárepinen birdey qádirlenedi... Sol birǵana mısaldıń ózi joqarı adamgershilik, jaqsılıq hám keń-peyillik páziyleti xalqımız tábiyatı, mentaliteti tiykarın payda etiwden ibarat ekenliginen derek beredi».

**Shavkat Mirziyoyev**

ómir súrip atırǵanı pikirlerimizdiń anıq dálili esaplanadı.

Házirgi waqıtta túrli millet hám elatlardıń milliy dástúr hám qádiriyatların qádirlep-qásterlew, olardı jáne de rawajlandırıw, bayıtıw máselesi mámleketimizdiń turaqlı itibarında bolıp kelmekte. Búgin ulıwma bilim beriw mekteplerinde jeti tilde — ózbek, qaraqalpaq, rus, qırǵız, túrkmen, qazaq hám tájik tillerinde bilim berilip atırǵanlıǵı, sonday-aq, ǵalaba xabar quralları, Ózbekistanda jasap atırǵan milletlerdiń on tilinde jumıs alıp barıp atırǵanlıǵı bunıń ayqın kórinisi esaplanadı.

Ǵáresizlikke eriskenimizden keyin, elimizde milletler aralıq tatıwlıq múnasibetleri jáne de rawaj-lanbaqta. Keńpeyillik hám insanıylıq mádeniyatın rawajlandırıw, milletler aralıq hám puqaralar aralıq awızbirshilik hám tatıwlıqtı bekkemlew, jas áwladtı sol baǵdarda, Watanǵa muhabbat hám sadıqlıq ruwxında tárbiyalaw jámiyet turmısınıń eń tiykarǵı wazıypasına aylandı.

Atap aytqanda, búgingi kúnde jurtımızda etnikalıq ózine tánlikti rawajlandırıw hám milletler aralıq múnasibetlerin birlestiriw boyınsha 137 milliy mádeniy oraylar jumıs alıp barıp iskerlik kórsetip atırǵan bolsa, mámleketimizdegi milletler aralıq múnasibetler hám shet el mámleketleri menen doslıq baylanısları shólkemi bul mádeniy oraylar iskerligi rawajlanıwında ámeliy járdem berip kelmekte.



## BILIP ALÍŃ!

Ullı oyshıl, moturidiya baǵdarı tiykarshısı Abu Mansur Moturidiydıń (870-944) shıǵarmalarında diniy keńpeyillik, barlıq dindi birdey húrmet etiw uqtırılǵan. Onıń Quran túsinigine baǵıshlanǵan, islam áleminde júdá keń tanılǵan «Távilot ahl as-sunna» shıǵarması «Haj» súresi 40-ayat túsiniginde: «Shirkew hám sinagogalardı wayran etiw qadaǵan etiledi. Sonıń ushın da musılmanlar jurtında sol dáwirge shekem olardı buzdırmay saqlanıp qalǵan. Bul máselede ilim adamları arasında qarama-qarsılıq joq», delinedi.

2017-2021-jıllarda Ózbekistan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes tiy-kargı baǵdarları boyınsha Háreketler strategiyasınıń 5-baǵdarı — Qáwipsizlik, milletler aralıq tatıwlıq hám keńpeyillikti támiyinlew hámde tereń oylanǵan, óz ara mápli hám ámeliy sırtqı siyasat tarawındaǵı tiykarǵı baǵdar bolıp, tómendegi áhmiyetli wazıypalardı óz ishine aladı:

- Ózbekistan Respublikasınıń konstituciyalıq sisteması, suvereniteti, aymaqlıq pútinligin qorǵaw;
- xabar qáwipsizligin támiyinlew hám xabardı qorǵaw sistemasın rawajlandırıw, xabar tarawındaǵı qáwiplerge óz waqtında hám múnasip qarsılıq kórsetiw;
- puqaralıq, milletler aralıq hám konfessiyalar ara tınıshlıq hámde tatıwlıqtı bekkemlew;
- mámlekettiń qorǵanıw qábiletin bekkemlew, Ózbekistan Respublikası Qurallı Kúshleriniń jawıngerlik qúdreti hám uqıplılıǵın asırıw;
- átirap-tábiyiy ortalıq, xalıq salamatlıǵı hám genefondına zıyan jetkizetuǵın ekologiyalıq mashqalalardıń aldın alıw;
- ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw hám saplastırıw sistemasın rawajlandırıw názerde tutıladı.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Milletler aralıq tatıwlıqqa itibar qaratılıwı Ózbekistanda jasap atırǵan millet hám elatlardıń túrli kásiplerde jumıs alıp barıwı, úrp-ádet hám dástúrlerden xabardar etiwge tiykar jaratıp atır. Bul óz gezeginde ruwxıy qádiriyatlardıń millet ishinde rawajlanıp, jáne de bayıwına alıp kelmekte.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Mámleketimizde milletleraralıq tatıwlıqtı támiyinlewdiń tiykarǵı tárepleri nede dep oylaysız?
2. Milletler aralıq tatıwlıq hám dinler aralıq keńpeyillik ózara qanday baylanısta rawajlanadı?

## JUMBAQ

Girbińnen de jaman. Ol ne?

# 9-§ Sáwbetlesiw hám óz ara múnasibetlerde ruwxıylıqtıń ornı







### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Sáwbetlesiw mádeniyatı degende neni túsinesiz?
2. Ne dep oylaysız-jámiyet mádeniyatsız hám ruwxıy-tárbiyalıq qádiriyatlarsız jasay alama?
3. Óz ara múnasibetlerge kirisiwdiń qanday qaǵıydaları bar?
4. Doslasıw mádeniyatı degende neni túsinesiz? Dos tańlawda nelerge itibar beriw kerek?

Har qanday insan belgili bir jámiyet wákili esaplanadı hám ol sol jámiyet turmısınıń mádeniyatı hám qádiriyatlarınan óz aldına pikirley almaydı. Jámiyette insanlar ámel etpeytuǵın tárbiyalıq, diniy, siyasiy, ekonomikalıq, huquqıy, ideologiyalıq hám sol sıyaqlı múnasibetle-riniń átirapında sóylesiw turadı. Jámiyette insan jasar eken, kim menen bolsa da óz ara sáwbetke kirisedi. Insan sáwbetke kirisiwi onıń sol jámiyettiń aǵzası, háreketke keltiriwshi kúsh sıpatında sanaladı.

Sáwbetlesiwde sóylew ádebi úlken áhmiyetke iye. Jaqsı sóylew baxtlılıqtıń gilti. Insanlar arasındaǵı sáwbette kórinetuǵın ádep-ikramlılıq belgileri, bul — xoshkewillilik, jıllısózlik, shiyrinsózlik, haqkewillilik hám t.b. basqalar esaplanadı.

Sáwbettiń tiykarǵı deregi sóz esaplanadı. Xalqımızda, «Jaqsı sóz — jan azıǵı, jaman sóz — jan qazıǵı», degen naqıl bar. Jaqsı yáki jaman sóz insannıń ruwxıyatına tuwrıdan-tuwrı tásir kórsetedi.

Ullı alım Mahmud az-Zamahshariy sonday deydi: «Kóbinese til menen jetkerilgen jaraqat qol menen etilgen jaraqattan awırıraq esaplanadı».

Sóylew hám tıńlay biliw de sóylew mádeniyatın quraydı. Bul orında Yusuf Xos Hojib «Oynap sóyleseń de, oylap sóyle» degen. Yáki babalarımız, sen sonday sóyle, gápleriń gáwhar qádirine teń bolsın, sonday tınıshlıq saqla, ol gawharǵa aylansın, gep biykarǵa aytpaǵan. Demek, sóylesiw procesinde sózlerdi tańlap sóylewdi, ne dewdi, qaysı waqıtta tıńlawdı hám tınıshlıq saqlawdı biliw lazım.

Shiyrin sóz, álpayımlıq, ashıq kewillik penen sáwbette bolıw — hár bir insannıń jaqsı páziyleti hám wazıypası esaplanadı. Ulıwma alǵanda, sáwbet adamlardıń bir-birine tásiri, tárbiya hám óz-ózin tárbiyalaw quralı sıpatında óz ara múnasibetlerde úlken áhmiyet iyeleydi.

Dúnyada hámme janzatlar pinhamı hám áshkara sáwbetke kirisedi. Biraq tek ǵana insan sanalı túrde bir-biri menen sáwbetlesedi. Bir-biri menen múnasibeti onıń insanıy pazıyletlerin ashıp beretuǵın áhmiyetli qásiyet, process esaplanadı.

Tanısıw hám múnasibet ornatıw qaǵıydaları insandı sáwbetke kirisiwi menen baylanıslı. Oǵan kóre, tanısıp múnasibet ornatıwda kiyiniwi, ózin



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Dos tańlawda nelerge itibar beriw kerek? Mánawiyatlı insan qanday insanlar menen dos tutınadı?
2. Tómendegi gúrrińdi oqıń.

*Bir jaqın dostım bar. Ol hámiyshe azada kiyinedi: Ústindegi kiyimleri, útiklengen. Minez qulqı sulıw: ádep penen basqalardı esitedi, mánili, tásirli gáplerdi sóyleydi. Insanlarǵa tek ǵana jaqsılıq etip, olarǵa paydasın tiygizip jasaydı. Niyeti qayırlı. Adamlar arasındaǵı múnasibetlerde qıyanet, ádalatsızlıq, jawızlıq, ótirik sóylew sıyaqlı illeterdiń joǵalıwın qáleydi... Meniń, bunnan muratıń ne, degen sorawıma dostım biraz oylanıp juwap qaytardı: «ǵániymet ómirimdi qayır-saqawatlı hám paydalı jumıslarǵa sarıplap, ózimnen jaqsı at qaldırsam deymen ...»*

1. Bul dostıń qanday ruwxıy gózzal táreplerin ózińizge alıwıńız múmkin?
2. Ne dep oylaysız-insanda bunday gózzal tárbiyanıń qáliplesiwinde ata-ana, shańaraq, ortalıqtıń qanday tásiri bar.



**BILIP ALÍŃ!**

XII ásirde jasaǵan Shayx Azizuddin Nasafiydıń «Kámil insan» kitabında tómendegilerdi oqıymız: Adamgershiliktiń belgisi tórt dáreje esaplanadı, yaǵnıy: jaqsı sóz, jaqsı jumıs, jaqsı xulq hám aǵartıwshılıq. Kimde usı tórt dáreje bolsa, insan, biraq kimdedur bul dárejeler bolmasa, ol insanlardan emes. Kimdur usı tórt dárejeni kamalǵa jetkergen bolsa, kámil insan esaplanadı.

**«Tınısh jasawdıń 99 sırı»**



**JUMBAQ**

Tas eriydi, biraq ol erimeydi. Ol kim?

tutıwı, hám álpayımlıǵı menen baylanıslı tárepler úlken áhmiyetke iye boladı. Aytıwınsha, kiyimge qarap kútip aladı hám aqılıńa qarap shıǵarıp saladı principine tiykarında tanısıw hám múnasibet ornatıwda hár eki tárepiń qızıǵıwları, pikirlew dúnyası, ruwxıylıǵı hám mádeniyatı esapqa alınadı. Múnasibet ornatıwda hár eki táreptiń bir-birin túsiniwi hám ańlawı lazım boladı.

Hár bir nárseniń tásirliligi hám mádeniyatı bolǵanı sıyaqlı doslasıwdıń da mádeniyatı boladı. Bul eń aldı menen eki tanısıwshı shaxstıń bir-birin uzaq múddette sınawı,awır hám múshkilli jaǵdaylarda qanday múnasibette bolıwı hár qashanǵıdan da áhmiyetli. Doslıq, dos bolıw hám oǵan sadıq bolıw hámde doslıqqa qádiriyat sıpatında qaraw lazım.

Shın dostıń barlıǵı adamnıń óz ómiri dawamında túrli qıyınshılıq hám sınawlardı jeńip ótiwinde qanat hám bir iyinnen turıp, járdem beriwinde kórinedi. Jaloliddin Rumiy aytqanınday, «Aqıllı dostı bolǵan adamnıń aynaǵa zárúrligi joq». Sebebi haqıyqıy dos aynaday adamnıń kemshiligin júzine aytıp, onı jaman ádetlerden qaytarıp turadı.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Insanda hámme nárse sulıw bolıwı kerek — qálbi de, aqılı da, sırtqı kórinisi de, basqalar menen qatnası da. Insan jámiyette jasar eken, basqalar menen sáwbetke kirisiw arqalı aktiv puqaralıqqa iye bolıp baradı. Sáwbettiń mánis-mazmun hám qásiyeti insanıy múnasibetler ornatıwdıń bir bólegi esaplanadı.



## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Sáwbetlesiw mádeniyatı ne ushın kerek?
2. Sáwbetlesiw mádeniyatı joqarı rawajlanǵan insan menen aǵartıwshı insannıń parqı nede? Pikirińizdi dálilleń.

# 10-§ Aqıl hám ruwxıy uqıplılıqtıń jámiyettiń ruwxıy jańalanıwındağı ornı



### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. «Mektep», «Ağartıwshılıq», «Ruwxıylıq» túsinikleriniń óz ara baylanısın túsindiriń.
2. «Ilim ağartıwshılıq insandı kóklerge kóteredi», degende neni túsinesiz?
3. Tómendegi súwretlerge qarap, ruwxıy uqıplılıq iyeleri haqqında pikir júrgiziń.

Jas áwlad bar bilimin mektepte aladı. Mektepti bilim dárgayı dep ataw menen bir qatarda oqıwshınıń ómir jolın belgilep beriwshi, onı shaxs sıpatında qáliplesiwin kepillewshi dárgay da esaplanadı. Mektep oqıtıwshı hám oqıwshı tiykarına qurıladı. Onda joqarı ruwxıylıq,ağartıwshılıq hám mádeniyatlılıq joqarı bolıwı lazım. Ulıwma bilim beriw mektebi óz moynına júkletilgen wazıypalardı orınlawı hám iskerlikleri dawamında tálim-tárbiyanı rejelestiriw, oqıw-pedagogikalıq procesti alıp barıw, mektep jumısların júrgiziwdi shólkemlestiriw menen baylanıslı jumıslar normalıq hújjetlerde óz kórinisin tawadı. Tiykarınan, 1997-jılı Ózbekistan Respublikasınıń «Bilimlendiriw haqqında»ğı Nızamı hám Kadrlar tayarlaw milliy bağdarlamasınıń qabıl etiliwi mektep basqıshın jańa basqıshqa alıp shıqtı.

«Tárbiya qanshelli jetik bolsa, xalıq sonshelli baxıtlı jasaydı», deydi danıshpanlar. Tárbiya jetik bolıwı ushın bolsa bul máselede boslıq payda bolıwına ulıwma jol qoyıp bolmaydı».

**Shavkat Mirziyoyev**

Haqıyqattan da Kadrlar tayarlaw milliy baǵdar-laması dúnyada «ózbek modeli» dep tán alınǵan milliy rawajlanıw strategiyamızdıń ajralmas bólegine aylandı.

Mámleketimizde jaslarımızdı jetik insan etip tárbiyalaw, bilim alıw, tálim-tárbiya máselesine óz aldına itibar berilip, oǵan konstituciyalıq status berildi. Ruwxıylıǵımızdıń tiykarın quraǵan, ómirimizdiń ajralmas bólegine aylanǵan, mámleketimizdiń turaqlı dıqqat itibarında turǵan bilimlendiriw máselesi Tiykarǵı Nızamımızda bekkem óz ornına iye boldı.

Mektep haqqında gáp keter eken, tálim-tárbiya islerin hár bir shaxs, jámiyet hám mámleket máplerin gózlegen halda ámelge asıradı, oqıwshılardı hár tárepleme kamal tabıwı ushın qolaylı shárt-shárayatlar jaratıp beredi, atap aytqanda, oqıwshılardıń óz ústinde erkin islewi hám qosımsha bilim alıwları ushın imkaniyatlar jaratadı. Mektep oqıwshılarında milliy hámde ulıwma xalıqlıq qádiriyatlardı birlestiriw tiykarında milliy ideya ruwxında joqarı ruwxıy ádep-ikramlılıq páziyletlerin kamal taptıradı, onı haqıyqıy insan, Watanǵa sadıq puqara sıpatında tárbiyalaytuǵınlıǵı tábiyiy.

Jetik insan tálim-tárbiyası ústinlikke áhmiyet qaratqan halda mektep oqıwshılarıda ǵárezsiz Ózbekistan Respublikasına hám onıń Konstituciyasına sadıqlıqtı qáliplestiredi, Mámleketlik nıshanlarına (bayraǵı, gimni hám gerbi) húrmetin, qatań intizam hám ilim tiykarların puqta iyelewge shın kewilden juwapkershilik penen ámelge asıradı. Sonday-aq, mekteptiń moynında bilimli, mádeniyatlı shaxslardı qáliplestiriw, olardı shańaraq, jámiyet, mámleket aldındaǵı juwapkershiligin tolıq ańlaytuǵın hám iyelegen bilimlerin turmısqa engize alatuǵın shaxs sıpatında kamal taptırıwdan ibarat wazıypa da júkletilgen.

Áhmiyetlisi, búgingi kúnde tárbiyalı, fizikalıq jaqtan kúshli, Watanǵa sadıq, izleniwsheń pidayı insan, óziniń jeke pikirine iye, hár tárepleme sa-

lamat áwladtı jetkerip beriw jámiyet rawajlanıwınıń áhmiyetli tiykarı esaplanadı.

*Adamnan joqarı tursada álem,*
*Insan bilim asırıwǵa mútájlik sezer.*

Ilim, aǵartıwshılıq insandı kóklerge kóteredi. Ilim, aǵartıwshılıq ta óz náwbetinde mádeniyat, ruwxıylıq túsinikleri menen tıǵız baylanıslı, olar jámlesken túrde qollanıladı. Sebebi, aǵartıwshılıq — ruwxıylıqqa alıp keletuǵın jol, onı qáliplestiriwshi qural esaplanadı. Sol sebepli Ózbekistannıń birinshi Prezidenti Islam Karimov aytqanınday, «Ilim-aǵartıwshılıqqa qızıǵıwshılıǵı tómen millettiń keleshegi de bolmaydı».

Ilim aǵartıwshılıq ruwxıy mútájlikti joq etiwshi kúsh, ol insanǵa aqlıy, ruwxıy kúsh baǵıshlaytuǵın faktor sıpatında kórinedi. Ol adamlardı jawızlıq iskenjesinen qutqaradı, buzıq, jaman, gúna islerden

**BILIP ALÍŃ**

«Óz ara tatıwlıq, maqsetler jámlengen jerde ǵana shańaraq párawanlıǵı, jurt keleshegi, xalıq baxıt-ıǵbalı qarar tabadı».

**«Hikmetler ǵáziynesi»**

## DÓRETIWSHILIK JUMİS

1. Nege bilimli, dana insanlarǵa qaratıla «mektep kórgen» degen táriyip qollanıladı?
2. Hesh oylap kórdińizbe? Mektep bolmaǵanında jaslardıń tálim-tárbiyası qanday ahwalda bolar edi?
3. Tómendegi gúrrińdi oqıp, óz pikirińizdi bildiriń.

*Karimjan klasında eń bilgir oqıwshı. Ol hár kúni úyge tapsırmanı orınlawı menen bir qatarda temaǵa tiyisli bolǵan waqıya-hádiyseler, proceslerdi jazıp baradı. Oqıtıwshı tariyx páninen temuriyler mámleketi haqqındaǵı temanı soraǵanda ol Sahıbqıran jaratqan «Temur túzúkleri» shıǵarmasınan mámleketti ádil basqarıw, mámlekette ádillikti ornatıwda mámleket húkimdarınıń qatańlılıǵı haqqında qosımsha qıldı.*

*Sabaq juwmaǵına jetkende klaslasları onıń átirapın orap aldı, hár sabaqta tema boyınsha qızıqlı maǵlıwmatlardı tawıp keliwi sırın soraǵanda ol hár sabaqtan keyin 2 saat mektep kitapxanasına barıp, kórkem ádebiyattı, jańa shıqqan nızam hám qararlardı bárqulla oqıp ózine belgilep alıwın ayttı.*

«On jıl ash júrseń de ilim ya óner izlew jolınan qalma».

**Abu Hanifa Imomi Ázam**

qaytaradı, jaqsı minez hám ádep iyesi bolıwǵa járdemlesedi. Tek ǵana shın ilimge, aǵartıwshılıqqa erisken adam insan qádiri, millet qádiriyatları, bir sóz benen aytqanda, ózligin ańlaw, erkin hám azat jámiyette jasaw, ǵárezsiz mámleketimizdiń dúnya jámiyetshiliginde ózine múnasip, abıroylı orın iyelewi ushın pidáyılıq kórsete aladı.

Sol sebepli, aǵartıwshı bilimli adamlardan quralǵan jámiyet rawajlanadı, keleshegi aydın boladı. Mısal ushın, babamız sahıbqıran Amir Temur zamanında xalqımız ruwxıy-aǵartıwshılıq boyınsha dúnyaǵa dańq taratqanı biykarǵa emes.

Aǵartıwshılıq ruwxıylıqqa jetekleydi. Ruwxıylıqtı turmısqa engiziw tek ǵana bilimlendiriw arqalı emes, aǵartıwshılıq oshaqları, túrli dóretiwshilik awqamlar, shólkem, mákemeler arqalı ámelge asırıladı. Bul bolsa ruwxıy jetiklikti támiyinleydi, xalıqtıń ruwxıylıǵınıń hám aǵartıwshılıǵınıń jetilisiwine imkan beredi.

Aǵarıwshılıq arqalı insannıń ziyrekligi, talantlıǵı, qábilieti, alǵa umtılıwshılıǵına jarasa belgili bir dárejege erisedi. Aǵartıwshılıqtı tarqatıw jolı menen siyasat hám ekonomika tarawlarında ulıwma sociallıq ózgerisler júz beriwine erisiw mánawiyat xalqınıń juwapkershiligi esaplanadı.

Sebebi, haqıyqıy aǵartıwshı insanlar ǵana óz jurtın rawajlandırıwǵa, onı kóz qarashıǵınday asırap-abaylawǵa, dúnyada ózine múnasip orın iyelewge uqıplı boladı. Bul bolsa ustaz hám oqıtıwshılar, ata-analar, barlıq jámiyet moynına úlken juwapkershilik júkleydi. Jaslarǵa tálim-tárbiya beretuǵın, olardı ruwxıy-aǵartıwshılıqqa shaqıratuǵın ustazlar húrmetin ornına qoyıw, olarǵa múnasip sharayat jaratıp beriw — eń áhmiyetli wazıypalardan biri esaplanadı.

Ullı aǵartıwshı Abdulla Avloniy: «*...Bilimli xalıq kúshli boladı. Mártlik júrektiń shıdamlılıǵı-nan, ruwxtıń salamatlıǵınan ibarat bolıp esaplanadı.* Aǵartıwshılıqtan, ilimnen hám mádeniyattan ayrılǵan xalıq

jawızlıq pánjeleriniń arasına qamır sıyaqlı ezilgendey, áfoli zamirida da óz nápsiniń jağasın bosata almas... Solay eken, jawızlıq hám qorqınısh, kámbağallıq hám mútájlikten de artığıraq qorqınıshlı bir músiybet esaplanadı», degen edi.

**Shınığıw sabağı:** Elimizde ámelge asırılıp atırğan reformalar nátiyjesinde jámiyetimiz azat hám erkin keleshekke qaray júz tuttı, ruwxıylıq hám ağartıwshı-lıqtı rawajlandırıw mámleket siyasatınıń eń ústin bağdarına aylandı. Sebebi, insannıń, xalıqtıń, jámiyet-tiń hám mámlekettiń kúsh-qúdireti puqaralardıń ruwxıy-ağartıwshılıq tariyxı, ruwxıylığınıń milliy-etnikalıq tiykarları, milliy qádiriyatlar, xalıqtıń uqıplılığınıń baslanğısh tiykarı — mekteptegi tálim hám tárbiyanıń nátiyjesi esaplanadı.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Búgin Ózbekistanda turaqlı rawajlanıwdı tá-miyinlewde tálim hám tárbiyanıń ornın tiykarlań.
2. Insan aqılıy hám ruwxıy uqıplılığın arttırıwda ağartıwshılıqtıń ornı qanday?
3. Biz qanday insanlardı aqılıy uqıplı shaxs dep esaplaymız? Pikirińizdi dálilleń.

## JUMBAQ

Olarğa erisiw, olardı ózinde jámlew, olardı tabıw ańsat emes. Olardı tuwrı sarplaw, ornında isletiw, ónimli paydalanıw onnan da qıyın. Olar neler?

# 11-§ Ádebiyat — xalıq qálbiniń ruwxıy kórinisi



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Nege ádebiyat – ruwxıylıqqa jeteklewshi tiykar delinedi? Súwretler arqalı pikirińizdi dálilleń.
2. Ruwxıylıqtı jetilistiriwde ádebiyattıń ornı qanday?
3. Ádebiyatsız ruwxıy miyrastı áwladlarġa jetkeriw múmkin be?

Bir adam óndiris kárxanasında isleydi, ol ya telefon, ya televizor, ya mashina, ya bolmasa ayaq kiyim islep shıġaradı. Onıń qarıydarı bolġan tutınıwshılar ónimnen paydalanıp baha beredi. Bir adam dóretiwshilik etedi. Qosıq jazadı, kórkem roman jazadı. Onıń bahasın kim shıġaradı? Ulıwma, kórkem dóretiwshiliktiń bahasın bere alamız ba? Ol insannıń qábileti, talantı, ishki keshirmeleriniń bahası qanday boladı? Bunıń juwabı qıyın. Quday bergen talanttı, qábiletti, ádebiyattı bahalap bolmaydı. Hárkim ózinshe baha beredi, óz dúnya qarası sheńberinde qabıl etedi.

Milleti, jurtı, xalqınıń dárt-táshwishin, jetiskenliklerin júrek-júrekten, qálbi tórinen alıp shıġıp qaġazġa túsirgen insan dóretiwshiliginiń bahası anaġurlım qıyın boladı. Mine sizge ádebiyattıń bahası.

Ádebiyat (arabsha ádepler jıyındısı) — ulıwma-insanıy ruwxıylıqtıń quramlıq bólimi, ádebiy iskerliktiń nátiyjesi, jámiyet turmısı hám onıń jetilisiwinde

Biz shayır degende, aldı menen Alisher Nawayıday teńi-tayı joq insanlardı, jazıwshı degende, Abdulla Qadiriy, Aybek sıyaqlı óz xalqı ushın tek ǵana taptırmas talantın emes, al pútkil ómirin baǵıshlaǵan ullı hám teberik insanlardı kóz aldımızǵa keltiremiz.

Bir sóz benen aytqanda, xalqımız ádebiyattı muqaddes hám ullı dárgáy dep biledi. Mine sonday bahanıń ózi elimiz turmısında bul taraw kórnekli wákillerine, olardıń shın sózi, tereń mánili shıǵarmalarına isenim, húrmet hám itibar ázelden joqarı dárejege kóterilgenin ayqın kórsetip turıptı.

**«Ádebiyatqa itibar — keleshekke itibar»**

«Kórkem shıǵarma sonday terek, onıń shaqasında ulıwma insanıy miyweler jetiledi, tamırı bolsa milliy dárgayda jaylasadı».

**Ótkir Hoshimov**

úlken áhmiyetli orın tutatuǵın dóretiwshilik tarawı. Ádebiyat eki mániste qollanıladı: 1) keń mániste — barlıq kitap túrleri, gazeta hám jurnallarǵa qaratıla; 2) tar mániste — kórkem ádebiyat, túrli janrdaǵı kórkem shıǵarmalar jıynaǵı esaplanadı.

Kórkem ádebiyat adamzat rawajlanıwınıń belgili bir basqıshında júzege kelgen bolıp, dáslep awızeki dóretiwshilik úlgisi sıpatında jaratılıp, tilden tilge ótip, bayıp, jetilisip barǵan. Jazıw payda bolıp, adamlarda jazba sóylew, jazıw mádeniyatı rawajlanıwı menen jazba kórkem ádebiyat ta qáliplese basladı. Kórkem ádebiyat hárqanday xalıq ruwxıylıǵın áwladlardan áwladlarǵa alıp ótetuǵın tiykarǵı dereklerden biri esaplanadı. Awızeki hám jazba ádebiyat qaysı xalıqqa tiyisliligine qarap, sol xalıq atı menen qosıp júrgiziledi.

Ulıwma bilimlendiriw mákemelerinde ádebiyat oqıtıwdıń bas maqseti salamat, isenimli, ózge insannıń tuyǵıların ańlaytuǵın, milliy hám ulıwma insanıy qádiriyatlarǵa sadıq, joqarı talǵamlı, tárbiyalıq jaqtan bárkamal, aqılıy jetik, óz is-háreketlerin basqara alatuǵın kámil insannıń ruwxıy dúnyasın qáliplestiriwden ibarat.

Barlıq mámleketlerde Watan túsinigi hám watan súyiwshilik ideyaları bar bolıp, bunday tuyǵılar mámleketlik máplerge, xalıq pikiri, jasaw tárizi hám ruwxıylıǵın qáliplestiriw máselesine tikkeley baylanıslı.

«Sóz insan qádiri sıyaqlı qádirli»

**Jaloliddin Rumiy**

Dúnya civilizaciyasına úlken úles qosqan Qıtay hikmetlerinde, Yaponiyanıń bilimlendiriwge qaratılǵan itibarında, Koreya rawajlanıwınıń bas maqseti tiykarında da watan súyiwshilik ideyaları jámleskenin kóremiz. Watan súyiwshilik ideyaları ádebiyat sabaqlarında úyretiler eken, jaslardı tınıshlıq hám jaqsı jasawǵa, basqa xalıqlardıń úrip-ádetlerin húrmet etiw arqalı turaqlı ómirge qaray ilhamlandıradı.

Kórkem shıǵarmanı úyreniw arqalı jaslar watan súyispenshilikti ózinde kórsetiwge háreket etedi, shıǵarmadaǵı qaysı bir watan súyiwshilik sezimin ózlestirip aladı.

Jazba derekler ǵáziyneler gilti. Adamzat jámiyet rawajlanıwı procesinde kóplegen áwladlar oy-pikiri hám aqılı menen jaratılǵan ruwxıy miyras, ruwxıy baylıqlar, áyyemgi tariyxıy estelikler bulardıń barlıǵı ǵáziyneler gilti esaplanadı. Bul jazba derekler millettiń ruwxıy baylıǵı,millettiń ózligin ańlatıwǵa xizmet etiwge, onıń tek ǵana ótmishi emes, al házirgi kúni ushın da ruwxıy qádriyat sıpatında qaralıwı tábiyiy jaǵday bolıp esaplanadı.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Oylap kóriń, Siziń bir jaqın dostıńız dóretiwshilik penen shuǵıllanadı. Ol jazǵan qosıqlar sonday dárejede tásirli, oqıp oyǵa talasız. Sonday jaǵdayda qálbińizden qanday sezimler ótedi?

2. Bizlerdiń watanlasımız bolǵan bir alım ómiri haqqında shet el telekanalları arqalı arnawlı tele kórsetiw berilmekte. Bul jaǵdaydı kórgenińizde sizdi maqtanısh sezimi qorshap aladı ma? Ne ushın?

3. Ullı aǵartıwshı babamız Abdulla Avloniydıń tómendegi sózlerin túsindiriń:

*«Hár bir millettiń dúnyada bar ekenligin, ómirin kórsetetuǵın aynası tili hám ádebiyatıdur. Milliy tildi joǵaltıw millettiń ruwxın joǵaltıwdur».*

«Hár kim pikirlew, sóz hám isenim erkinligi huquqına iye. Hár kim ózi qálegen maǵlıwmattı izlew, alıw hám onı tarqatıw huqıqına iye, ámeldegi konstituciyalıq dúzimge qarsı xabar hám nızam menen belgilengen basqa sheklewler buǵan kirmeydi».

**Ózbekistan Respublikasınıń Konstituciyası, 29-statyasınan**

Máselen, úsh mıń jıllıq tariyxqa iye biybaha ruwxıy estelik «Avesto», xalıq awızeki dóretiwshiliginiń ájáyip dúrdanası bolǵan «Alpamıs» dástanı, eń áziz hám ullı bayram — Nawrız áyyamı, ruwxıylıǵımızdıń ajralmas bólegi — muqaddes dinimiz, ullı ata-babalarımız Imam Buxariy, Imom Termiziy, Imom Moturidiy, Muhammad Muso Xorazmiy, Al-Farǵoniy, ibn Sino, Abu Rayhan Beruniy, Amir Temur, Mırza Uluǵbek, Alisher Nawayı, babalarımızdıń úlken ruwxıy-aǵartıwshılıq, ilimiy, social-filosofiyalıq miyrası dep alıwımız múmkin. Birǵana «Avesto»da jaqsılıq hám jamanlıq, baxıt hám baxıtsızlıq, insannıń tábiyat penen birleskenligi, abadan turmısınıń hám turaqlı rawajlanıwınıń negizleri óz kórinisin tapqan.

Sonday-aq, sol sıyaqlı ruwxıy ǵáziyne faktorı esaplanǵan xalıq awızeki dóretiwshiligine de millettiń ruwxıylıǵı, watan súyiwshilik, qaharmanlıq, mámleketshilik tájriybesi menen baylanıslı bilim hám tájriybeler, biybaha ruwxıy ǵáziyne sıpatında búgingi kúnde de mámleketimizdiń hár tárepleme rawajlanıwı, aydın keleshegine xızmet etip kelmekte.

Birde bir xalıq ruwxıylıǵına ózine tán bolǵan qádiriyatlardıń basqa xalıqlar tárepinen tán alınıwı ádebiyat arqalı, kórkem shıǵarmalar arqalı kórinedi. Sonday-aq, basqa xalıqlar tárepinen kórkem shıǵarmalar arqalı bayan etilgen dóretiwshilik úlgi-

«...Bul eski jurtta tuwılıp dóretiwshilik etken Ahmad Donish, Abdurauf Fitrat, Fayzulla Xójaev, Sadriddin Ayniy sıyaqlı kóplegen aǵartıwshılıq pidayılarınıń úlgili ómiri búgingi kúnde de elimizde jańa jámiyet qurıw, bárkamal áwladtı tárbiyalaw, ruwxıylıǵımızdı joqarılatıwda bizge úlken kúsh baǵıshlap kelmekte».

**Shavkat Mirziyoyev**

«... ádebiyat hám kórkem ónerge, mádeniyatqa itibar — bul eń aldı menen xalqımızǵa itibar, keleshegimizge itibar ekenligin, ullı shayırımız Chólpon aytqanınday, ádebiyat, mádeniyat jasasa, millet jasawı múmkinligin umıtıwǵa bizlerdiń hesh qanday haqqımız joq».

**Shavkat Mirziyoyev**

leri áne sol xalıq tariyxına qaraǵanda tereń húrmetti ańlatadı. Bunday itibar xalıqtıń maqtanıshı, milliy ózligin jáne de joqarılatıwǵa, ádebiyattan maqtanıw, sonday aq, ruwxıy páziyletlerge itibardı asıradı. Ádebiyattıń kúshi de, quralı da sonda kórinedi.

Xalqımızdıń áwladlardan áwladlarǵa ótip kiyatırǵan oǵada áyyemgi, bay ádebiy-mádeniy miyrasları bar. Ol xalqımızdıń úrp-ádetleri, dástúrleri, bayramları, áyyemgi qoljazbaları hám arxeologiyalıq tabılmalar, xalıq awızeki dóretpesi úlgileri, jazba kórkem ádebiyat, súwretlew hám ámeliy kórkem óner hám de qosıq dúrdanaları, biybaha arxitekturalıq esteliklerinen ibarat.

**Shınıǵıw sabaǵı:** Ádebiyat — mánawiyatlı hám aǵartıwshı insandı, eń aldı menen, jáhan jámiyetshiligine jedel hám tábiyiy túrde kirip barıwı ushın óziniń tınıshlıqqa, birge islesiwge, demokratiyaǵa, insan huquqlarına, shın ulıwma insaniylıq qádiriyatlarǵa sadıq ekenin kórsetiwshi eń nátiyjeli qural esaplanadı.



## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Ádebiyattıń insan ruwxıylıǵındaǵı ornı nede?
2. Ádebiyat arqalı qanday insaniy xarakter qáliplestiriledi?
3. «Ádebiyat jasasa, millet jasaydı», degen pikirdi dálilleń.



## JUMBAQ

Pikir bulaǵıńızdıń tınıq suwları. Olar neler?

# 12-§ Ekologiyalıq mádeniyat hám ruwxıylıqtıń birlesiwi



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Insan ruwxıylıǵın qáliplestiriwde ekologiyanıń qanday baylanısı bar?
2. Ekologiyalıq mádeniyat túsinigine táriyip beriń.
3. «Ekologiyanı qorǵaw — insaniyattı qorǵaw», degen pikirdi túsindiriń.
4. Tómendegi súwretlerge qarań. Ekologiyanıń qorǵawshısı qanday páziyletlerge iye bolıwı kerek?

Insannıń jetikligi, mádeniyatlılıǵı sırtqı kórinisine qarap emes, al onıń dúnya-qarası hám ruwxıy-aǵartıwshılıq uqıplılıǵı menen bel-gilenedi.

Ekologiyalıq mádeniyat — bul qorshaǵan ortalıq haqqında tereń bilimge, tábiyattı asıraw tuyǵısına iye bolıw, ósimlikler hám de haywanlarǵa ǵamxorlıq kórsetiwge, tábiyat qorlarınan aqılǵa muwapıq paydalanıw, sonday aq, olardı kóbeytiw barısında qayǵırıwǵa qaratılǵan ámeliy iskerliktiń joqarı kórsetkishi esaplanadı.

Suwdan paydalanǵanda israpkershilikke jol qoymaw, suw háwizlerin pataslamaw, shıǵındını dus kelgen jerge tókpew, turar jaylardı azada saqlaw, haywanlarǵa ǵamxorlıq etiw, sonday aq, quslardı ósiriw sıyaqlı háreketlerdi ámelge asırıw ekologiyalıq mádeniyatınıń eń ápiwayı kórinisleri sanaladı.

Búgingi kúnde ekologiyalıq process qıyın ótip atırǵanlıqtan ol jámiyet aǵzalarınan jańa pikirlerdi, dúnya qaraslardı, etikalıq, mádeniy, ruwxıy jetiklikti talap etedi. Sol sebepli ekologiyalıq tálim hám tárbiyanı insanlarǵa sińdirmesten turıp, onı ruwxıy joqarı páziyletlerge iye insan dep ayta almaymız.

Bunda, eń aktual wazıypa etip qorshaǵan-ortalıqtı, tábiyattı asraw, tábiyat penen jámiyet ortasındaǵı óz-ara tásirlerin bir komplekste túsiniwdi qáliplestiriw wazıypası jatadı.

Ana tábiyattı qorǵaw, qásterlep-abaylaw, tábiyiy baylıqlardı qádirlew, qorshaǵan ortalıqtı taza hám azada saqlaw hám júzege kelgen ekologiyalıq mashqalalardı joq etiw insannıń mámleket, jámiyet hám qalaberse, óz aldındaǵı tiykarǵı wazıypası hám de juwapkershiligi esaplanadı.

Sol sebepli jaslardıń ekologiyalıq mádeniyatın qáliplestiriwge hám bul tarawda xalqımızdıń bay miyrasınan keń paydalanıwǵa ayrıqsha itibar beriw tiyis.

Ata-babalarımızdıń áyyemgi hám bay ekologiyalıq mádeniyat tarawında qaldırǵan miyrasın tereń úyreniw, ana topıraqtı, suwdı, hawanı, tábiyattı qásterlep-abaylap, taza halda áwladlarǵa qaldırıw, jaslarda ekologiyalıq mádeniyattı qáliplestiriw mashqalası barǵan sayın aktual bolıp baratırǵanlıǵı hátte Tiykarǵı Nızamımızda da keltirip ótilgen.

Bul boyınsha Ózbekistannıń Birinshi Prezidenti Islam Karimov jan kúydirip tómendegilerdi eskertken edi: «Ásirler tutas kelgen waqıtta barlıq insaniyat, mámleketimiz xalqı júdá úlken ekologiyalıq qáwipke duslasadı. Bunı sezbew, qol qawıstırıp otırıw, óz-ózin qurban etiw menen barabar...»

Ata-babalarımız ekologiyalıq ortalıqtıń buzılıwınıń aldın alıwǵa háreket etken, jas áwladtı fizikalıq jaqtan kúshli etip tárbiyalaǵan, tábiyatqa júdá itibarlı bolǵan, onı kóz qarashıǵınday saqlaǵan.

«Qarawsız qalǵan jerler iyesiz bolsa, (yaǵnıy mámleket jerlerin basqarıwshı mekeme) tárepinen abat etilsin. Eger iyesi bolsa, abat etiwge qurbı jetpese, oǵan túrli ásbaplar hám kerekli nárseler bersin, sol arqalı óz jerin abat etip alsın. Jáne párman ettim, qarawsız qalǵan jerlerde korizlar qursın, buzılǵan kópirlerdi ońlasın, salmalar hám daryalar ústine kópirler salınsın, jol ústinde, hár bir mánzilde rabotlar qursın».

**«Temur tuzukleri»**

Abu Rayhan Beruniydiń «Saydana» shıǵarmasında 1118 túrdegi dárilik, sonnan, 750 ósimlik hámde 101 haywanǵa tolıq táriyip beriledi. Ol óz miynetinde arab, grek, hind, parsı, soǵd hám basqa tillerge tiyisli 4500 ósimlik atı, haywan, mineral hám olardan alınatuǵın ónimler haqqında maǵlıwmat toplap, sol dáwir dárigershilik atamaların tártipke salıwǵa óziniń úlken úlesin qosqan. Onıń ilimiy danalıǵı sonda, izertlewleri, tájiriybelerinde tábiyattaǵı barlıq hádiyseler belgili tábiyiy nızamlıqlar tiykarında júzege kele-di, sırtqı kúshtiń tásiri onı izden shıǵarıwı múmkin, degen juwmaqqa keledi.

Xalqımızdıń tariyxıy-ádebiy miyrası «Avesto»ǵa itibar beretuǵın bolsaq, ata-babalarımız qorshaǵan ortalıqqa, ana jerge júdá itibarlı bolıp, onı qásterlep abaylaǵanına gúwa bolamız. Tek ǵana itibarlı bolıp qalmastan, al hawa, jer, suwdı muqaddes esaplaǵan. Ómiriniń tábiyat penen birlesiw máselesi adamnıń ruwxıy dúnyasına tıǵız baylanıslı halda kórsetilgeni kóp nárseni ańlatadı. Insannıń ruwxiy dúnyasın qáliplestiriwde qorshaǵan ortalıq áyyemgi zamanlardan berli qanday kúshli tásir ótkerip kelgenligi jáne bir márte itibarımızdı kúsheyittiredi.

Araldıń ekologiyalıq mashqalasın dúnyalıq krizis dep ataw múmkin. Bul mashqalanı mámleketimiz hám tuwısqan mámleketler jeke halda saplastıra almaydı. Bunıń ushın tek ǵana birlesip, tuwısqan mámleketler menen birgelikte jumıs alıp barsa ǵana jaqsı nátiyjelerge erisiw múmkin. Usı jerde tuwılıp ósken insan hesh qashan óz jurtı táǵdirine biyparwa qarap tura almaydı. Insannıń watanǵa bolǵan súyispenshiligi de, hasıl insaniylıǵı da, sonday jaǵdaylarda ayqın kórinedi. Haqıyqıy ruwxıy-ádepli pazıylet iyesi bolıw ushın hár qanday mashqalalardı óziniń mashqalasınday kóriwi tiyis. Demek, biz usı jurttı

«Puqaralar qorshaǵan tábiyiy ortalıqqa abaylı qatnasta bolıwǵa májbúr».

**Ózbekistan Respublikasınıń Konstituciyası, 50-statya**



**BILIP ALÍŃ!**

Beruniydiń «Eger insanlar tábiyatqa zorlıq qılıp, onıń nızamlıqların qopallıq penen buzsa, bir kún kelip, tábiyat olardıń basına sonday kúndi salıwı múmkin, bunı hesh qanday kúsh qaytara almas», degen sózi búgingi global ekologiyalıq mashqalalardıń bunnan mıń jıl burın boljaw etilgenin kórsetedi.

bárshemiz ushın ulıwma mákan dep ǵana emes, al bárshemiz ushın jalǵız qálib dep túsiniwimiz lazım.

Bir elde tarqalǵan mashqala belgili bir millettiń, insannıń, mámlekettiń emes, al pútkil insaniyattıń mashqalasına aylanıwı, olardıń bir-biriniń dártine sherik bolıwdı hám birge islesiwdi talap etedi. Bul processte ruwxıy sıpatlar tiykarǵı dáldálshi bolıp xızmet etiwi lazım.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Siz qorshaǵan ortalıqqa zıyan jetkende, eger onıń aldın alıw qolıńızdan kelse qanday jol tutasız? Bunıń aldın alıw sizge qanday payda keltiredi?
2. Tómendegi jaǵdaydı oqıń hám Anvardıń qatnasına óz pikirińizdi aytıń.

*Anvar mektepten qaytıp kiyatırǵanda qońsısınıń suw nasosı buzılıp, kranınan tınbastan suw aǵıwı aqıbetinde háwlini tolıq suw basıp ketkeni hám hátte arqadaǵı qońsınıń diywalınıń da suwda jibip qular halına kelip qalǵanın kórdi. Biraz toqtap qarap turdı. Úyde hesh kim joq shıǵar dep qoydı. Úndemey ótip ketti. Úyge bardı, kiyimlerin almastırdı, awqatlanǵannan soń mekteptegi shaxmat dógeregine barıw waqtına kelgenin eslep, jáne mektepke qayttı. Endi qarasa suw basqan qońsınıń úyinde adam tolı. Qaptal qońsınıń diywalı qulaǵan. Suw basqan háwlidegi hámme nárseler — egilgen hám túbekke otırǵızılǵan gúller, aǵash karovat hám basqa háwlidegi kóp nárseler suwǵa jibip tiklep bolmaytuǵın halǵa kelip qalǵan edi. Ol da qońsı háwlige kirip «Way-bu, hámme jaq búliniptiǵo, nege dárwazanı, suwdı ashıp ketip qaldıńlar, dedi». Qońsı qız «dárwaza ashıq qalǵanın qaydan bildiń? Sen suw aǵıp atırǵanın kórgenbediń?» degeninen qızarıp ketken Anvar ya «awa» dewin, ya «yaq» dewin bilmey qaldı. Waqtında krandı óshirmegeni ushın dógerekke barǵanınan keyinǵana oylap pushayman boldı.*

Búgingi kúnde qorshaǵan-ortalıqtı qorǵaw, tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıw tarawındaǵı qatnasıqlardı tártipke salıwshı bekkem huquqıy tiykar jaratıldı. Ózbekistanda qorshaǵan-ortalıqtı qorǵaw, tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıw, ekologiyalıq qáwipsizlikti támiyinlew boyınsha 30 ǵa jaqın áhmiyetli qararlar hám júzlep nızam astı normativ hújjetler qabıl etildi. «Ekologiyalıq qadaǵalaw haqqında»ǵı Nızam hám basqa normativ hújjetlerde jámiyet aǵzalarında ekologiyalıq mádeniyatın qáliplestiriw, mámlekette qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw óz kórinisin taptı.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Búgingi kúnde ekologiyalıq tálim hám tárbiyanı insanlar sana-sezimine sińdirmesten turıp, ruwxıy joqarı mánawiyatlı, aǵartıwshı jámiyet qurıp bolmaydı.

«Eń áhmiyetli másele — xalıqtıń ekologiyalıq mádeniyatın saqlaw haqqında ádewir bas qatırıwımız zárúr. Álbette, bunday mashqalalardı tek ǵana hákimshilik jol menen sheship bolmaydı, buǵan jas áwlad qálbinde ana tábiyatqa mehr-muhabbat, hám oǵan baylanıslılıq sezimin tárbiyalaw arqalı erisiw múmkin».

**Shavkat Mirziyoyev**



## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Keleshegimiz ertesi bolǵan jetik áwlad tárbiyasında ekologiyalıq mádeniyattı qáliplestiriwdiń tiykarǵı wazıypaları nelerden ibarat?
2. «Tábiyat hám insan óz ara belgili bir nızamshılıqlar tiykarında qatnasta boladı. Bul nızamlardı buzıw ońlap bolmaytuǵın ekologiyalıq apatlarǵa alıp keledi», degen pikirge qanday qaraysız?
3. Búgingi kúnde mámleketimizde qorshaǵan ortalıqtı asraw, tábiyattı qorǵaw boyınsha qanday is-háreketler ámelge asırılıp atır?



## JUMBAQ

Ol tınısh, adamlar tınısh. Ol tınıshsız, adamlar ómiri qáwip astında. Olar neler?

## 13-§ Jaslar iskerliginde joqarı ruwxıylıqtı qáliplestiriw



### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Jaslar jámiyetlik iskerliginiń tiykarın neler quraydı?
2. «Men usı áziz eldiń perzentimen, men ullı insanlardıń áwladıman, ullı tariyx hám mádeniyat iyesimen» degen haqıyqıy milliy maqtanısh sezimi qáliplesiwi ushın jaslarda qanday páziyletler qarar tabıwı kerek?
3. Súwretlerge qarap bul jaslardı ne birlestirip turǵanı haqqında pikir júrgiziń.

Bala tuwılǵannan baslap shańaraq ortalıǵında jasaydı. Shańaraqqa tán dástúrler, qádiriyatlar, úrp-ádetler balanıń kámil insan bolıp qáliplesiwinde tiykar boladı. Eń tiykarǵısı, perzentler shańaraq ómir mektebi arqalı jámiyet talapların ańlaydı, sezedi. Bul biykarǵa emes, álbette.

Elimiz jasları búgingi turmısımızdıń túrli tarawlarında iskerlik júrgizip atır. Olar búgin student hám oqıwshı, jumısshı hám de shıpaker, pedagog hám injener, biznesmen hám de isbilermen. Jaslarımız kompyuter, internet texnikası, bir neshe shet tillerin jaqsı iyelep, rawajlanǵan mámleketlerde bilim alıp, jáhan maydanına shıǵıp atır.

Ózbekistannıń keleshekte ullı mámleket bolıwı ushın joqarı bilimli hám maman kadrlardı tárbiyalap shıǵarıw talap etiledi. Házirde bunday úlken wazıypanı shın kewilden orınlaytuǵın, zamanagóy

hám jáhánnıń eń aldıngı tálim texnologiyaları menen qurallanǵan pedagog kadrlarǵa bolǵan talap kúnnen-kúnge artıp barmaqta. 1991-jılı mámleketimizde «Ózbekistan Respublikasında jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasatınıń tiykarları haqqında»ǵı Nızam qabıl etiliwi mámleketimizdıń jaslarǵa bolǵan joqarı ǵamxorlıqtıń hám itibarınıń joqarı belgisi boldı. Jaslardıń jámiyettegi jámiyetlik-siyasiy, ekonomikalıq, mádeniy reformalardı ámelge asırıw proceslerinde jedel



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. «Watanımızdıń pidayı perzentleri» degende qanday jaslar názerde tutıladı?

2. Fizikalıq jaqtan salamat jaslar ruwxıy salamat bolıwı da múmkin be?

3. Tómendegi tekstti oqıń hám óz pikirińiz benen bunday jetiskenliklerge qanday erisiw múmkinligin aytıń.

*Ózbekistanlı jas shaxmatshılar Minsk qalasında rapid hám blits shaxmat boyınsha balalar ortasında ótkerilgen jáhán chempionatında qábiliyet hám sheberligin kórsetip, joqarı jetiskenliklerge eristi. Blits shaxmat boyınsha ótkerilgen jáhán chempionatınıń on jasqa shekem bolǵan balalar ortasındaǵı jarıslarda Islambek Sindorov altın medaldı qolǵa kirgizdi, Abdulbosit Sharafjonov gúmis medalǵa eristi.*

*Islambek Sindorov toǵız partiyanıń segizinde jeńiske erisip, 8 ochko menen eń joqarı orınǵa kóterildi. Ol rossiyalı Konstantin Kotelnikov, Arseniy Chumak,Vsevolod Timofeev, Patrik Pershin, Tamerlan Chindigir,litvalıq Moteus Dudnikas,ukrainalıq Igor Nagorniy hám komandalası Abdulbosit Sharifjonov ústinen jeńiske eristi. Islambek rapid shaxmat boyınsha ótkerilgen jáhán shempionatında da tabıslı qatnasıp, ekinshi orındı iyeledi. Ol jarısta rossiyalı Aleksandr Chjigerlikashin, Sergey Pogorelov, Vsevolod Ponomarev, Tamerlan Chindigir, ukrainalı Oleksiy Popovskiy, Yuriy Xrinovskiy, Kemal bashirov hám vetnamlı Pan Xiem Doandı jeńip, usı jarısta chempion bolǵan belaruslı Mixey Naumenko menen birdey — segiz ochko topladı hám qosımsha kórsetkishler boyınsha gúmis medalın qolǵa kirgizdi.*

**ÓzA materialları**

qatnasıwın qollap-quwatlaw, olardıń ruwxıy-tárbiyalıq, ideyalıq-teoriyalıq uqıplılıǵın arttırıw ushın zárúr sharayatlar jaratıp beriw, jaslardıń mánawiy ruwxiyatınıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı nızamlıqların úyreniw hámde analizlew tiykarında jaslarǵa tiyisli siyasatın ámelge asırıw házirgi kúnde úlken áhmiyetke iye.

Bul sıyaqlı nızamshılıq hújjetleriniń qabıl etiliwi sociallıq ádillik, insanıylıq, mehir-áqıbet ideyalarına tayanıw qatarında jaslar turmısınıń barlıq salaların qamtıp alıwshı tiykarǵı principlerin bekkemleydi. Ózbekistan Respublikasınıń «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızam hám «Kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlaması» talapları tiykarında alıp barılǵan reformalar joqarı dárejede joqarı mamanlıqqa iye, básekige shıdamlı qániyge kadrlardı tayarlaw maqset hám wazıypalardı ámelge asırıw ushın baǵdarlanǵan.

| | |
|---|---|
| **Jaslar siyasatınıń aktuallıǵı** | ashıqlıq hám tınıqlıq; |
| | jaslardıń tuwrıdan-tuwrı qatnası; |
| | Jaslar baslamaların qollap-quwatlaw hám marapatlaw; |
| | ruwxıy, tárbiyalıq hám mádeniy qádiriyatlardıń ústinligi; |
| | ruwxıy kriteriyalarǵa itibar qaratılǵanlıǵı; |
| | jaslardıń kemsitiliwine jol qoymaw; |
| | jámiyet turmısındaǵı ruwxıy ózgerislerden aldıńǵı qatarlarda bolıwı; |
| | sociallıq-ekonomikalıq,siyasiy hám ruwxıy tarawlardaǵı reformalardı ámelge asırıwda aktiv qatnası hám t.b. |

Eń joqarı milliy qádiriyatlardıń belgilerin tárbiyalaw, ulıwma insaniylıq qádiriyatlardı inabatqa alǵan halda Ózbekistan Respublikası puqarasınıń milliy ózin-ózi ańlawın rawajlandırıw, kásiplik sheberlikke umtılıw, miynetke hám úzliksiz túrde tájriybesin asırıp barıwǵa shaqırıwshı sıpatların qarar taptırıw, shańaraq turmısına tayarlaw, ata-ana hám tuwǵan-tuwısqanlar, shańaraq aldında juwapkershilik sezimin tárbiyalaw sıyaqlı máseleler óz kórinisin tapqan.

Bárkamal áwladtı tárbiyalaw — jaslardıń ruwxıylıǵın, pikirlewin qáliplestiriw tiykarı bolıp esaplanadı. Ózbekistan jaslar mámleketi sanaladı. Sol tárepten alıp qaraǵanda, mámleketimiz keleshegi, millettıń rawajlanıwı bú-

gingi jaslardıń bilimine, kúsh-ǵayratına, dúnya qarasına, watan súyiwshilik seziminiń qánshelli joqarılıǵına, kámillik dárejesine baylanıslı. Keleshegimiz erkin pikirleytuǵın, óz betinshe is júrite alatuǵın, shet tillerin jaqsı biletuǵın, joqarı texnologiyalıq pikirlewge iye bolǵan, Watan hám xalıq máplerin óz máplerinen ústin qoya alatuǵın, kerek bolsa, Watan ushın janın pidá etetuǵın jaslardı talap etedi.

2017-2021-jılları Ózbekistan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes tiykarǵı baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyasınıń tórtinshi — Sociallıq tarawdı rawajlandırıwdıń mánis-mazmununda úzliksiz tálim sisteması jánede rawajlandırıw, bilimlendiriw xızmetleri imkaniyatların ele de jetilistiriw; mektepke shekemgi bilimlendiriw mekemeleri tarmaǵın keńeytiw hám usı mekemelerde balalardıń hár tárepleme intellektual, estetikalıq hám fizikalıq jaqtan rawajlanıwı ushın shárt-shárayatlardı túpten jaqsılaw; jaslarǵa tiyisli mámleket siyasatın rawajlandırıw nátiyjesinde fizikalıq salamat, ruwxıy hám aqlıy rawajlanǵan, ǵárezsiz erkin, Watanǵa sadıq, qatań turmıslıq kóz qarasqa iye jaslardı tárbiyalaw, demokratiyalıq reformalardı tereńlestiriw hám puqaralıq jámiyetin rawajlandırıw procesinde olardıń sociallıq iskerligin asırıwday aktual máseleler názerde tutılǵanı biykarǵa emes.

Tek ǵana milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlar jámlesiwiniń zárúrligin tereń ańlaytuǵın, zamanagóy bilimlerin, intellektual uqıplılıǵı hám aldıńǵı texnologiyalardı iyelegen insanlar ǵana óz aldına qoyǵan strategiyalıq rawajlanıw maqsetlerine erisiw múmkin.

Hár bir mámleket óziniń jasları menen maqtanatuǵını tábiyiy. Bunıń sebepleri bar álbette. Bizlerdiń mámlekette bular:

- jaslar mámleketimizde social-ekonomikalıq reformalarda tiykarǵı kúsh sıpatında qatnasıp kelmekte;
- 32 millionnan aslam xalıqtıń 10 millionın jaslar quraydı;
- búgingi kúnde jaslarımız arasınan jáhan chempionları, xalıq aralıq pán olimpiadaları, festival hám tańlawlar jeńimpazları jetilisip shıqpaqta.

«Jaslarımızdı haqlı túrde Watanımızdıń keleshegi ushın juwapkerlikti moynına alıwǵa uqıplı bolǵan, búgingi hám erteńgi kúnimizdiń sheshiwshi kúshine aylanıp baratırǵanlıǵı hámmemizde maqtanısh sezimin oyatadı».

**Shavkat Mirziyoyev**

«Men sizlerdiń mámleketińizdegi mekteplerde bir neshe ret bolǵanman. Hár saparı balalardıń janıp turǵan kózlerin kórgenmen — bul Ózbekistan basshılarınıń bilimlendiriw tarawındaǵı siyasatınıń eń jaqsı nátiyjesi esaplanadı».

**Mixail Lomonosov atındaǵı Moskva mámleketlik universitetiniń rektorı V. Sadovnichiy, Rossiya Federaciyası**

Biziń Konstituciyamız tárbiyalıq qádiriyatlardıń bekkem tiykarı qoyılǵan nızamımız esaplanadı. Onda milliy qádiriyatlarımız óziniń rawajlanıwın tapqan. Máselen, Tiykarǵı Nızamımızdıń 45-statyasında «Er jetpegenler, miynetke uqıpsızlar hám jalǵız keksélerdiń huquqları mámleket qorǵawında» boladı delinedi.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Búgingi kúnge kelip, perzentiniń ata-ana aldındaǵı wazıypası, ata-ananıń perzent aldındaǵı juwapkershiligi milliy nızamshılıq tiykarında bekkemlenip qoyılǵanlıǵı Ózbekistan jaslarınıń milliy dástúr hám qádiriyatlarımızdı húrmet qılıwǵa, ruwxıy páziyletlerin ózinde qarar taptırıwda bekkem tiykar wazıypasın óteydi.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Mámleketimizde jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasatınıń ámelge asırılıwında sizlerdiń úlesińiz qanday?
2. Jaslarda huquqıy,tárbiyalıq, ruwxıy mádeniyatınıń úzliksiz baylanıslılıǵı nelerde kórinedi? Mısallar menen túsindiriń.
3. Búgingi kúnde mámleketimizde puqaralıq jámiyetin rawajlandırıwda jaslar qanday orın tutpaqta. Pikirińizdi túsindiriń.

## JUMBAQ

Geyde jer sıyaqlı jaqın, geyde aspan sıyaqlı uzaq. Ol ne?

# 14-§ Globallasıw sharayatında milliy ruwxıylıqqa qarsı qáwipler

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. «Globallasıw» atamasınıń mánis-mazmunın túsindirip beriń. Súwretlerge qarap pikirińizdi bayanlań.
2. «Globallasıw bul — eń aldı menen turmıs pátleriniń sheksiz dárejede tezlesiwi», degende neni túsinesiz?
3. Globallasıwdıń jámiyetke, mámlekettiń ruwxıy joqarılawına qanday tásiri bar? Pikirińizdi dálilleń.



Búgingi globallasıw sharayatında mámleketimiz milliy máplerin qorǵaw, qáwipsizligi hám turaqlılıǵın támiyinlew, ǵárezsizlikti bekkemlew hár qashanǵıdan da úlken áhmiyetke iye bolıp barmaqta. Bunday sharayatta mámlekettiń ruwxıy-tárbiyalıq negizleri, milliy hám ulıwma insaniy qádiriyatlar, ruwxıy miyrasınıń dárejesin saqlap qalıwǵa erisiw lazım. Solay eken, milliy mámleketshiligimiz tiykarlarında milliy hám ulıwma insaniy qádiriyatlar tiykarında qáliplesken puqaralıq jámiyetin rawajlandırıw jatadı.

Globallasıw (lat. Globus — shar, jer planetası) — XX ásirdiń ekinshi yarımı — XXI ásir basında jáhán rawajlanıwında qáliplesken jańa ulıwma planetalıq ilajlar, mámleketler hám insanlar ortasında óz ara baylanıslardıń keńeyiwi, dúnya dárejesinde málimleme mákanı, kapital, tovar hámde jumısshı kúshi

> «Ásirese, xalıq-aralıq terrorizm, ekstremizm, norkotrafik, diniy qarama-qarsılıq, nızamsız migraciya, adam sawdası, ekologiyalıq mashqalalar, ayrım mámleketlerde ekonomikalıq krizis, jumıssızlıq, kámbaǵallıq kúsheyip baratırǵanı ulıwma insaniyattı qattı qorqıwǵa salmaqta».
>
> **Shavkat Mirziyoyev**

bazarındaǵı integraciyalasıw, ǵalabalıq mádeniyat úlgileriniń keń tarqalıwı, málimleme-ideologiyalıq hám diniy-ekstremistlik hújimler qáwipiniń artıp barı-wın bildiriwshi túsinik.

Sonday-aq, bul túsinik dúnyadaǵı mámleketlerdiń social-ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy tarawda óz ara jaqınlasıwı, birlesiwi, waqıya-hádiyselerdiń bir mámleket sheńberinen shıǵıp, ulıwma insaniylıq dárejege iye bolıwı, barlıq jer sharın qamtıp alıwı menen xarakterlenedi.

Ózbekistannıń Birinshi Prezidenti Islam Karimov globallasıw atamasına tómendegishe táriyip beredi: «Búgingi kúnde hár qanday mámlekettiń rawajlanıwı hám keleshegi tek ǵana jaqın hám uzaq qońsılar emes, bálki dúnya dárejesinde basqa zona hám aymaqlar menen sonday tıǵız baylanıp baratır, birde bir mámlekettiń bul jaǵdayda shette turıwı unamlı nátiyjelerge alıp kelmewin túsiniw, ańlaw qıyın emes. Usı mániste, globallasıw bul — eń aldı menen ómirimizdiń teńsiz dárejede tezlesiwi demekdur».

Milliy ruwxıylıqqa qarsı qáwiplerdiń negizin ulıwma insaniylıq hám milliy ádep-ikramlılıq, qádiriyat, mádeniyat, din hám tárbiya tiykarlarına qarama-



## DÓRETIWSHILIK JUMİS

1. Globallasıw sharayatında jámiyetimiz turmısınıń ruwxıy jańalanıwı tásir etiwden saqlanıw ilajları nelerden ibarat?
2. Ideologiyalıq qáwipler tásirine túsip qalǵan insandı qalay jat ideyalardan qutqarıw múmkin?
3. Tómendegi pikirdi oqıń hám óz múnasebetińizdi bildiriń.

*D. Vilkersonnıń pikirinshe, Batıs jámiyetinde tárbiyalıq buzıqlıq kúsheyip baratırǵanlıǵına sebepli kabel televideniyesi arqalı kórsetiletuǵın insaniyatqa jat illetler keń engizilip atırǵanlıǵında. Eń qáwiplisi sonda, batıs mámleketleri óz dúnyaqarası, dástúrlerin hám jasaw tárizin hár qıylı usıllar menen, tiykarınan, ideyalıq hám ideologiyalıq tásir arqalı ózge millet hám xalıqları turmısına kirgiziwge urınbaqta.*

qarsı bolǵan, insan shaxsınıń tómenlesiwi, sociallıq, ruwxıy-tárbiyalıq normalarǵa ámel qılmaw menen baylanıslı process payda etedi. Dúnya mámleketleri, belgili kúshler, oraylar, shaxslar tárepinen óz máplerin ideyalıq-ideologiyalıq tárepten támiyinlew, ǵárezli maqsetlerdi gózlep, mámleketi hám ózge mámleket xalqı, ásirese, jaslardı aljastırıp, olardıń sanasına insaniyatqa hám tárbiyaǵa jat ideya hám qaraslardı sińdiriwge xızmet etetuǵın usıl hám texnologiyalardan paydalanǵan halda túrli qáwiplerdi ámelge asıradı.

Sol sebepli ideyalıq — ideologiyalıq qáwiplerge qaratıla sergek bolıp jasaw mámleketimiz mápleri, milliy dástúr hám qádiriyatlarımızǵa jat ideya hám qaraslarınıń maqsetlerin tereń ańlaw imkanın beredi, ásirese, jaslarımızdı usı sıyaqlı qáwip-qáterlerden qorǵaw, ruwxıy tárbiya sistemasın jáne de rawajlandırıw, ruwxıy qáwiplerge qarsı gúreste sheshiwshi kúshke aylanadı.

Ruwxıy qáwip degende tili, dini, isenimine qaramastan, hár qanday insannıń erkin bolıp jasawına qarsı qaratılǵan, onıń ruwxıy dúnyasın izden shıǵarıw maqsetinde kózge tutatuǵın ideologiyalıq, ideyalıq hám informaciyalıq hújimlerdi túsinemiz.

Sonday-aq, ruwxıy qáwipler buzıwshı kúshlerdiń óz materiallıq, siyasiy máplerin gózlegen halda hár túrli oraylar tárepinen birde bir mámleketke salıstırǵanda ishten yamasa sırttan turıp tuwrıdan-tuwrı ámelge asırılatuǵın ruwxıy buzǵınshılıqtıń belgili forması esaplanadı. Olar óz maqsetlerine erisiw ushın hár qanday usıllardan, adamlardıń ruwxıy-mánawiy sezimleri,milliy tuyǵıları, hár qanday jámiyette bar bolǵan sociallıq-ekonomikalıq, ruwxıy mashqalalardan, sonday-aq, zamanagóy texnologiya, telekommunikaciya, XQ, internetten sheberlik, aldawshılıq, ádalatsızlıq menen paydalanıwǵa háreket etedi.

Ruwxıylıqqa qarsı qaratılǵan hár qanday qáwip, óz-ózinen mámleket qáwipsizligi, onıń milliy mápleri, fizikalıq tárepten hám aqlıy tárepten salamat áwlad keleshegin támiyinlew jolındaǵı oǵada qáwipli qáterlerden birine aylanıwı hám mehir-aqıbette jámiyetti kriziske alıp keliwi múmkin.

| QÁWIPLER | |
|---|---|
| ISHKI | SÍRTQÍ |
| Itibarsızlıq, nızamǵa boysınbaw, satqınlıq, jergiliklilik, korrupsiya, basqalardı mensinbew, kóre almaslıq, juwapkershiliksiz hám t.b | Fundamentalizm, shovinizm, fashizm, «ǵalabalıq mádeniyat», jat ideya hám ideologiyalar, ideyalıq boslıq, ruwxıy hám tárbiyalıq tómenlik, tárbiyalıq buzıqlıq hám zorawanlıq, egocentrizim, norkobiznes, separatizm, dinshilik, milliy-ruwxıy qádiriyatlarǵa itibarsızlıq penen qaraw hám t.b. |

Globallasıw procesleri ilim, pán-texnika, ekonomika hám basqa tarawlarǵa tásir kórsetiwi menen bir qatarda, mámleket basqarıwın demokratiyalastırıw máselesine de úlken tásir kórsetedi. Globallasıw procesleri aqıbetinde milliy ózlikke qáwip salıwshı multi mádeniyat kirip keldi. Endilikte onıń tásiri astında hár bir milletke tán bolǵan belgi hám qásiyetler ulıwmalıq mádeniyat belgileri menen aralasıp ketpekte. Eń  ashınarlısı, onıń tásirine jaslar túsip qalmaqta.

Búgingi kúnde mámleketimizde jámiyettiń ruwxıy-tárbiyalıq joqarılawı, puqaralardıń, tiykarınan jas áwladtıń ruwxıy-tárbiyalıq kamalatı máselesine úlken itibar qaratılıp, bul baǵdardaǵı jumıslardıń kólemin jáne de keńeytiwde anıq maqset hám wazıypalar belgilenedi. Mámleket hám jámiyettiń úzliksiz birgelikte islep shıǵılǵan bul baǵdardaǵı sistemalar, is-ilajlar nátiyjesinde eń aldı menen, ózlikti ańlaw, tariyxıy hám milliy qádiriyatlar, áyyemgi úrip-ádet hám dástúrlerimizdi tiklew hám olardı jáne de bayıtıw, ata-babalarımız ruwxına húrmet kórsetiw, tariyxıy estelikler hám zıyarat orınlarınıń qayta tikleniwi hám eń áhmiyetlisi, milliy ǵárezsizlik ideyasına tiykar salınıwınday qatar unamlı jumıslar ámelge asırıldı.

| **Puqaralıq jámiyeti rawajlanıwında globallasıwdıń tásiri** | |
|---|---|
| Globallasıwdıń unamlı tárepi nelerde kórinedi:<br>Mámleketler hám xalıqlar ara-sındaǵı integraciya hám birge islesiw baylanısları kúsheymekte, kapital, tovarlar erkin háreketi ushın úlken qolaylıqlar jaratıp bermekte, zamanagóy kommunikaciya hám xabar texnolo-giyaları, ilim-pán jetiskenlikleri tezlik penen tarqalıp atır, qádiriyatlar ulıwma insaniylıq negizde birlespekte. Sonıń menen bir qatarda, sivilizaciyalar aralıq baylanıs jańasha sıpat payda etip atır, bunıń nátiyjesinde ekologiyalıq apatshılıq waqtında óz ara járdem kórsetiw imkaniyatları artıp barmaqta hám t.b | Globallasıwdın unamsız tárepi nelerde kórinedi:<br>Insaniyattı óz ara qarama-qarsılıqlar aǵımına alıp barıwshı, ruwxıylıqtı kám-baǵallastırıwshı, sonday aq, onı awır aqibetlerge alıp barıwshı jańa «qádiriyatlar» qáliplesiwine alıp kelmekte. Búgingi kúnde dúnyadaǵı túrli xalıqlarınıń sanası hám qálbi túrli ideyalardı sińdi-riw maydanına, ideologiyalıq poligonǵa aylandırıp atır. Oraylıq Aziyada diniy ekstremizm hám fundamentalizmdi keń tarqatıw barısında alıp barılıp atırǵan qoparıwshılıq háreketleri kúsheyiwine alıp keldi hám t.b |

## BILIP ALÍŃ!

Globallasıwdıń zıyanlı áqibetlerine qarsı tura alıwda:

- milliy intellektual uqıplılıǵın asırıw;
- milliy-ruwxıy miyrasın jaslar sanası hám dúnya qarasınıń ajralmas bólegine aylandırıw;
- jaslarda milliy ózlikti ańlatıw hám olarda watan súyiwshilik sezimin qáliplestiriw;
- tariyxıy sana hám tariyxıy ótmishti qáliplestiriw, tariyxqa bolǵan qızıǵıwdı asırıw;
- shańaraq abroyı, máhallesine bolǵan mehir-muhabbat, kitap oqıw, bilim hám aǵartıwshılıqtı engiziw;
- milliy qádiriyatlarımız hám úrp-ádetlerimizge húrmette tárbiyalaw lazım.

**Shınıǵıw sabaǵı**. Jámiyet rawajlanıwına unamsız tásir etetuǵın, ayanıshlı áqibetlerge alıp keletuǵın ideologiyalıq qáwiplerge qarsı jámiyet aǵzaları, eń aldı menen, jaslarımızdıń iyman-isenimin bekkemlew, jigerli, kúshli etiw, olardı óz jeke pikirine iye bolǵan jetik insanlar etip tárbiyalaw lazım.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Búgingi kúnde ruwxıy turmısımızǵa qáwip salıp atırǵan qanday illetlerdi biz globallasıw tásiri dep ataymız?
2. «Óz úyińdi óziń asıra» degen pikirdi qalay túsindiresiz?
3. Qanday qáwipler bizler ushın kishkene bolıp kórinse de, biraq onıń zıyanı úlken boladı, hátte onı qaplapta bolmaydı? Pikirińizdi dálilleń.

## JUMBAQ

Kóbinese adamlardı durıs jolǵa baslaydı. Ol ne?

# 15-§ Jámiyet ruwxıylıǵın joqarılatıwda media mádeniyatınıń tásiri







## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. «Internet», «Media mádeniyat» hám «Informaciya qáwipsizligi» túsiniklerine táriyip beriń.
2. Háziret Alisher Nawayı babamızdıń «Agar ogohsen sen, shohsen sen», degen biybaha hikmetinde qanday máni jámlengen?
3. Búgingi kúnde media mádeniyatınıń jámiyeti ruwxıylıǵına tásirin nelerde seziw múmkin? Súwretler arqalı pikirińizdi dálilleń.

Sociallıq tarmaqlar, ǵalabalıq mádeniyat elementlerin biliw búgingi aktual wazıypa esaplanadı. Biz joqarı texnologiyalar dáwirinde jasap atırmız: qálegen maǵlıwmattı, ózimizge zárúr bolǵan hár qanday informaciyanı izlewde hár túrli sociallıq-siyasiy gazetalar, kitaplar hám tele kórsetiwlerge qaraǵanda internetti maqul kóremiz. Nege sonday? Sebebi internettegi maǵlıwmatlar tezlik penen isleydi, tez-tez jańalanıp turadı hám eń tiykarǵısı, bizlerge paydalanıw hesh qanday qıyınshılıq tuwdırmaydı.

Háziret Alisher Nawayı babamız xabardıń shaxs, jámiyet turmısında, tutqan áhmiyetin joqarı bahalap, bunnan bes ásir aldın «Agar ogohsen sen, shohsen sen», degen biybaha qatarın jazıp qaldırǵan.

Xabar texnologiyaları keskin rawajlanıp baratırǵan waqıtta informaciyanıń qáwipsizligi shaxs, jámiyet, mámlekettiń milliy máplerin támiyinlewde úlken áhmiyetke iye.

Belgili bolǵanınday, hár bir informaciyada máp jatadı. Biraq hár bir informaciyadan milliy hám xalıq aralıq máplerge qarsı kelgen halda paydalanıw jınayat esaplanadı. Búgingi kúnde bolsa xabar dúnyanıń ayrım mámleketleri hámde xalıq aralıq terroristlik shólkemler qolında tiykarǵı hám qorqınıshlı quralǵa aylanıp barmaqta. Bunıń tiykarǵı sebebi — informaciyanıń eń qolaylı hám operativ, eń ónimli tárepi esaplanadı.

Jámiyetimiz turmısınıń aytarlıqtay barlıq tarawların, sol qatardan, bilimlendiriw tarawındaǵı rawajlanıwın internet, televideniye, radio hám ǵalabalıq baspalarsız kóz aldımızǵa keltire almaymız.

Dúnyada júz berip atırǵan túrli waqıyalar hám maǵlıwmatlar xabar-kommunikaciya texnologiyaları, internet hám ǵalabalıq xabar quralları arqalı kirip kelmekte. Bazı bir jaslar bul maǵlıwmatlarǵa ózleri bilmegen halda isenip atır, bul bolsa olardıń sanasına tásir kórsetip atırǵanlıǵı sózsiz.

Jaslarımızdıń media sawatxanlıǵın asırıwda ǵalaba-xabar quralların roli úlken. Olar arqalı hár túrli kórsetiwler shólkemlestirip barıw, dúnyada júz berip atırǵan sociallıq-siyasiy ózgerislerdi analizlew hám bul arqalı jaslardı tuwrı baǵdarlap barıwdıń eń ónimli jolı esaplanadı.

Bunda jaslar internet sistemalarınan paydalanǵanında, ózimizdiń rasmiy hám isenimli saytlarımızdan kóbirek paydalanıwları maqsetke muwapıq boladı.

Sociallıq, ekonomikalıq, siyasiy, mádeniy hám ekologiyalıq tarawlarda ózgerisler procesi, ásirese, informaciyanıń rawajlanıwına alıp keldi. Bul bolsa tutınıwshılardan informaciyadan ónimli paydalanıwdı talap etedi.



**BILIP ALÍŃ!**

Adamnıń yadı telefon arqalı 10% maǵlıwmat qabıllaydı. Video arqalı bolsa 60% maǵlıwmat qabıllar eken.

Mediabazarda tayarlawshı, xabar (ónim), jetkerip beriwshi hám tutınıwshı qatnasadı. Tayarlawshı bul — ideya avtorı, materialların toplaydı, analizleydi, mediatekstti tayarlaydı, jiberedi; ónim (xabar) — tekst, belgi, súwret hám belgilerde kórsetilgen maǵlıwmat; jetkeriwshi (kanal) — xabardı jiberiw quralı (media); tutınıwshı — xabardı alıwshı, úyreniwshi, dodalawshı shaxs.

«Búgin zaman tezlik penen ózgermekte. Ómir bárshemizden anıq háreketlerdi, belsendi qatnasıqlardı, hámme tarawda tuwrı hám ádillikti múnasibetti talap etedi. Kópti kórgen, sabır -taqatlı, miynetkesh hám joqarı adamgershilikli xalqımız ámelge asırılıp atırǵan usınday áhmiyetli ózgerislerdiń nátiyjesin kútpekte».

**Shavkat Mirziyoyev**



**BILIP ALÍŃ!**

Basqa kompyuterde elektron pochta yamasa basqa xızmetlerden paydalanǵanıńızda, usı xızmetlerden shıǵıwdı umıtpań. Bolmasa, basqalar siziń jeke maǵlıwmatıńızdan paydalanıp, buyırtpalar jollawı múmkin.

Internet veb-saytlarında túrli maǵlıwmatlar jaylastırıladı. Bul hújjetler, keste, diagrammalar, súwret, audio, video rolikler, kitap hám jurnallar, hújjetli hám kórkem filmler hám basqalar.

Házirgi kúnde unamlı xarakterdegi informaciya menen bir qatarda keri tásir etetuǵın informaciyanı da adamlarǵa tiykarınan jaslardıń sanasına sińdiriw ushın internet arqalı ámelge asırılmaqta.

Internet payda bolıwı menen onıń jámiyet tárbiyasına tásir etiwshi belgili bir tárepleri haqqında túrli gúresler bolıp ótken. Bularǵa globallasıw, yaǵnıy hár túrli sharayatta jasawshı hám túrli tárbiyaǵa iye adamlardıń sáwbette bolıwı aqıbetinde milliy qádiriyatlarımızdıń qádirsizleniwine alıp keliwi kórine basladı. Sonday-aq, informaciyanıń joqarı tezlikte tarqalıwı óz gezeginde haqıyqıy xabardı jalǵanınan ajrata almaw, hár túrli unamsız mazmundaǵı informaciyalardıń tarqalıwına, agressiv, zorlıqqa sha-qırıwshı saytlardıń payda bolıwına alıp keldi.

Solay eken, ruwxıy-mádeniyatlı insan hesh qashan sayt, elektron pochta, sociallıq tarmaqlar hám bloklar arqalı namısqa tiyiwshi, tuwrıdan-tuwrı insan ruwxıyatına unamsız tásir etetuǵın sózler jazbaydı. Chat hám forumlar arqalı múrájatlarında sóz ádebi sheńberinen shıqpaydı.

Solay eken, internetten paydalanǵanda nelerge itibar qaratıw kerek:

- tınıshlıqqa qáwip salatuǵın,buzǵınshılıq xarakterine iye bolǵan, basqa paydalanıwshılar hám úshinshi shaxslardıń shaxsıy ómirine baylanıslı hár qanday xabardı kiritiw, saqlaw, baspadan shıǵarıw, tarqatıw hám basqa jaǵdaylarda paydalanıw;
- er jetpegenlerdiń huquqların buzıw;
- haywanlardı qıynaw hám zorlawshılıq kórsetilgen, soǵan shaqırıwshı kórinislerin kiritiw;

- rasalıq, diniy, etnikalıq dushpanlıqtı en jaydıratuǵın ideyanı kórsetiw;
- jınayatshılıqqa iytermelew;
- sheklengen xabardı kiritiw;
- narkotik zatların tarqatıw jolları, olardı tayarlaw usılları haqqındaǵı xabarlardı jaylastırıw;
- aldawshılıq xarakterine iye bolǵan tekstlerdi kiritiw.

Media mádeniyat ǵalaba xabar quralları (eń aldı menen, televidenie, baspasóz, radio, internet) tásirinde qáliplesken mádeniyat.

Ol insannıń xabarǵa bolǵan talabın támiyinleydi. Ol adamlardıń qızıǵıwshılıqların basqaradı. Ol ózin ǵamxor kórsetip tartadı. Tásirsheńliktiń hár túrli kórinislerin, usıl hám quralların iske saladı.

Búgin jaslar oy-pikirin media mádeniyat basqaratuǵın boldı. Birǵana mısal: Házir kerek yaki kerek emespe, qollanıw ushın talabı barma yaki joq pa, buǵan qaramastan, hár bir jas áwlad qolında zamanagóy mobil telefon bolıwın qáleydi. Kerek yáki kerek emespe kimler menendur tınbay sóylesedi, jazısadı, xabar almasıwı kerek. Zaman adamlardıń sanası hám qálbin iyelew ushın keskin gúreske kirgen ekenbe, bunda media mádeniyat tiykarǵı orın tutıwı-tábiyiy.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Internet tarmaǵı arqalı elektron pochta yamasa sayttaǵı forumlar arqalı paydalanıwshılar menen sáwbet te bolǵanıńızda nelerge itibar beresiz?
2. «Aldınnan minnetdarshılıq bildiremen», «Húrmet penen», «Bizge isenim bildirgenińiz ushın raxmet», «Siziń pikirińiz biz ushın áhmiyetli», «Bizler menen sáwbet ushın waqıt ajratqanıńızdı qádirleymiz» sıyaqlı ápiwayı qatarlardı media sawatxanlıqqa qanday baylanısı bar?
3. Mámleketimiz Birinshi Prezidenti Islam Karimovtıń tómendegi pikirlerine itibar beriń: «Dúnyadaǵı zorawan hám basıp alıwshı kúshler qaysı bir xalıq yamasa mámleketti ózine boysındırmaqshı, onıń baylıqların iyelemekshi bolsa, eń aldı menen, onı quralsızlandırıwǵa yaǵnıy eń ullı baylıǵı bolǵan milliy qádiriyatları, tariyxı hám ruwxıylıǵınan ayırıwǵa urınadı». Media sawatxanlıqqa iye bolǵan insanlardıń keleshegi haqqında joqarıdaǵı pikir menen baylanıstırıp túsindiriń.

Media mádeniyat jámiyetimizge ósimlikke jabısqan shırmawıq sıyaqlı jabıstı. Onnan qutılıwdıń hesh ilajı joq. Endi jaslardıń media mádeniyatqa kirip keliwi hám oǵan baylanıwı procesin aqılǵa muwapıq basqarıwdı talap etpekte.

Media mádeniyat túsinigi «ǵalabalıq mádeniyat» túsiniginen parqlanadı. Media mádeniyat – globallasıw procesiniń ónimi. Sonıń ushın globallasıwdıń ózi sıyaqlı onıń unamlı tárepi de, unamsız tárepi de bar. Unamlı tárepin qabıl etip, rawajlandırıp, unamsız tárepinen qorǵawımız, ózimizdi onıń ayanıshlı áqibetlerinen saqlawımız kerek.

Hár túrli xabarlardı izlep tawıp hám onı iyelik etiw imkaniyatları kemeyip baratırǵan házirgi dáwirde oqıwshılardıń huquqıy mádeniyatın qáliplestiriw, olardı túrli aǵımlardan qorǵaw, internet tarmaǵı arqalı kirip kiyatırǵan hár túrli informaciya háwijlerinen eskertiw búgingi kúnniń tiykarǵı wazıypasına aylanıp úlgerdi.

**Shınıǵıw sabaǵı.** Búgingi globallasıw dáwiri jas áwladtan sociallıq aktivlikti talap etiw menen bir qatarda,jaslardıń ruwxıy-tárbiyalıq kamalatın hár qashanǵıǵa qaraǵanda aktual dárejede kótermekte. Solay eken,media mádeniyatqa iye bolıp barıw, ruwxıy qádiriyatlar hám ádep-ikramlılıq normaların ózlestiriw tiykarında insanlardıń bir-birine, shańaraǵına, jámáátine,watanına hám ulıwma insaniyat táǵdirine insanıylıq múnasibetlerin kórsetedi hám jámiyet rawajlanıwına unamlı tásirin kórsetedi.

## TEMANÍ BEKKEMLEW USHÍN SORAWLAR

1. Búgingi kúnde kúnnen-kúnge jedellesip baratırǵan media mádeniyatı ádep-ikramlılıq normalarına qanday baylanısı bar?
2. Jaslar oy-pikirin media mádeniyatı arqalı basqarıwdıń ilaji barma? Pikirińizdi dálilleń.
3. «Xabar kimniń qolında bolsa, sol dúnyanı basqaradı», degen pikirdi qalay túsindiresiz?

## JUMBAQ

Insan menen birge ol hámme waqıt,
Biraq paydası tiymes hesh bir waqıt.
Olar neler?

# Ulıwmalastırıwshı sabaq

Húrmetli oqıwshı! Bul oqıw jılı sabaqları dawamında insan ruwxıylıǵın kóklerge kóteriwshi páziyletlerge qalay iye bolıw haqqındaǵı pikirler sizdi biyparwa qaldırmaǵan bolsa kerek, álbette.

Siz ótken eki jıl dawamında ózlikti ańlaw, waqıttıń, shańaraqtıń, watannıń qádirine jetiwdi, basqalarǵa salıstırǵanda insanıy hám joqarı adamgershilik múnasibette bolıw kerek ekenligin hám de miyrim-shápáát kórsetiw lazımlıǵın «Ruwxıylıq tiykarları» sabaqları arqalı bilip aldıńız. Ruwxıylıq — bul tek ǵana materiallıq tiykar yáki teoriyalıq túsinikler jıynaǵı emes. Ol millettiń kúsh-qúdreti. Ruwxıylıq — insan ádep-ikramlılıǵı, bilimi, qábiliyeti, tájriybesi, hújdanı, isenimi, dúnyatanımı, jámiyet rawajlanıwına unamlı tásir etetuǵın óz ara tutas bir sistema ekenligin sabaqlardıń mazmunların ózlestiriw dawamında ańlap jettińiz.

Ruwxıylıq búgingi globallasıw hám modernizaciyalasıw proceslerinde milletti, xalıqtı, qala berse, insaniyattı qádirlew hám dúnya turaqlılıǵı hám de abadan turmıs keshiriwiniń úlgisi sıpatında qaralmaqta. Tiykarınan, ruwxıylıq janajan Ózbekistanımız rawajlanıwı, onda kámalǵa jetip atırǵan, hesh kimnen hesh qashan kem bolmaǵan jas áwladtıń fizikalıq kúshli, aqıl-oy jaǵınan jetik bolıp kámalǵa jetiwinde hám oǵada áhmiyetli ruwxıy azıq bolıp xızmet etedi.

Sabaqlardıń mazmun sheńberinde siz áziz oqıwshı qanday jámiyette jasap atırǵanıńız hám bul jámiyet joqarı ruwxıy úlgilerge juwap beretuǵın insanlar jámiyeti ekenligi,onda nızam ústinligi,insan mápleri hám qádiriyatları óz aldına itibar qaratılıwı ámeliy turmısta, ásirese jaslardıń turmıs tárizinde kórinip atırǵanlıǵın gúzetip bardıńız. Ádep-ikramlılıq qádiriyatlardı hám belsendi puqaranı tárbiyalawǵa xızmet etiwshi áhmiyetli temalar sabaqtıń mazmunın bayıtıp bergeni siziń ruwxıy-tárbiyalıq dárejelerińizge tásir etken bolsa, ájep emes.

Áziz oqıwshı! Sabaqlıqtan orın alǵan ádebiyat hám aǵartıwshılıq penen baylanıslı tárepler, siz sıyaqlı jaslardı tuwrı jolǵa, tuwrı maqset hám isenimdi qáliplestiriwge shaqıradı. Bunıń ushın búgingi kún jasları ǵárezsiz pikir júrgizetuǵın, iyman-isenimli, aqıl-oylı, jigeri bekkem, bilimli, dana bolıwı, óz jurtınıń tariyxı, milliy qádiriyatlarımız hámde ullı ata-babalarımız qaldırǵan ilimiy hámde ruwxıy miyrasın sanasında, qálbinde saqlawı tiyis. Sonday-aq,usı sabaqlıq siz ushın tayar túsinik hám pikirler jıynaǵı bolıp qal-

mastan, bálki ómirden arqada qalmaw ushın sizdi keń oylawǵa, jaqsılıqqa shaqırıwı turǵan gáp. Siz bunnan da zıyada ilim iyelep barıwıńız ushın óz ústińizde tınımsız islep joqarı shoqqılardı gózlewińizge isenemiz.

Usı sabaqlıq arqalı alǵan bilimińiz kelesi aydın ómir jolıńızda sizge qalıs járdem beriwge hám de jetiskenliklerge alıp keledi, degen úmittemiz. Keleshekte, álbette, ruwxıylıǵı joqarı, aqlıy jetik, ana-Watanǵa sadıq, iymanlı isenimi, bekkem, jigerli insan bolıp jetilisiwińizge tileklespiz.

Áziz oqıwshı! Usı orında aytıp ótiw lazım, jaqsı maqsetlerge erisiw, baxıt-áwmetke erisiw óz-ózinen bolatuǵın proces emes. Bunıń ushın tınımsız miynet, kúsh-ǵayrat, kúshli jigerli bolıw menen birge, bekkem tiykar, yaǵnıy jurtta ǵáresizlik, párawanlıq, tınıshlıq húkim súriwi lazım. Súyikli shayırımız óz qosıq qatarlarında aytıp ótkenindey:

Erkinlik — ar namıs, kewilge yoshdur,
Qádirin bilgen elge máńgi niyetdur.
Erkinliktiń ózi tayar baxıt emes,
Baxıt ushın ullı imkanıyatdur.

Ilim shuǵlası ómir jolıńızdı hámiyshe jarıq etsin!

# Jumbaqlardıń juwapları

10-KLASS USHIN

1-§. Gózzal qulqli, bilimli perzent.
2-§. Jeke úlgige tiykarlanǵan tárbiya, aytqanına aljaspay ámel etiw...
3-§. Ata-ana nasiyatına qulaq salmaytuǵın perzent.
4-§. Jaqsı isler yaki jawız ámeller nátiyjesi.
5-§. Adamzat.
6-§. Kitap.
7-§. Paydalı bilim, kásip-óner.
8-§. Wazıypa juwapkershiligi, sadıqlıq júgi, túskinlik jaǵdayı.
9-§. Nadan.
10-§. Bekkem isenim hám erk.
11-§. Tárbiya, bilim alıwdı qálemegen óspirin.
12-§. Ustaz-oqıtıwshı.
13-§. Gózzal minez-qulıqqa tiykarlanǵan tuwrı tárbiya.
14-§. Arsız adam.
15-§. Minez.

11-KLASS USHIN

1-§. Kitaplardı tekshege terip qoyǵan, biraq hesh birin oqımaǵan adam.
2-§. Pazıl insanlar.
3-§. Ana-Watanǵa muhabbat tuyǵısı, qabıl perzent tárbiyası juwapkershiligi, ómirdi múnasip jasap ótiw jolındaǵı háreket.
4-§. Gózzal tárbiya.
5-§. Hújdan erkine, boysınıw.
6-§. Gózzal ádep, ádepsiz.
7-§. Ádepsiz perzent.
8-§. Kóre almaslıq.
9-§. Tasbawır adam.
10-§. Aqıl, bilim, baylıq.
11-§. Manawiyat, mádeniyat, ádebiyat hám kórkem-óner.
12-§. Tábiyat apatları.
13-§. Arzıw-úmitler.
14-§. Nápis bálesi.
15-§. Sózinde tura almaslıq, jumısta itibarsızlıq, muqaddes qádriyatlarǵa qaratıla pisentsizlik.

# Mazmunı

Kirisiw ................................................ 3
1-§. Ruwxıylıq — teńsiz kúsh............... 5
2-§. Insan mánawiyatı hám ózlikti ańlaw........................................... 10
3-§. Shańaraq mánawiyatı .................. 14
4-§. Jámiyet mánawiyatınıń qáliplesiwinde máhálleniń ornı............................................. 19
5-§. Insan hám jámiyet....................... 23
6-§. Puqaralıq jámiyette insannıń oy-pikiri ........................................... 27
7-§. Materiallıq hám ruwxıy turmıs insan ziyneti................................ 31
8-§. Puqaralıq juwapkershilik hám baylanıslılıq .............................. 35
9-§. Ruwxıy qáwipsizlik...................... 40
10-§. Bekkem jigerlilik—kúshli mánawiyat kepili ......................... 45
11-§. Ruwxıylıq kámillikke jetekleydi ................................... 50
12-§. Insan ruwxıylıǵında aǵartıwshılıqtın ornı ..................... 54
13-§. Gózzallıq (estetika) hám ruwxıylıq ..................................... 58
14-§. Insan mánawiyatın qáliplestiriwde imidjdiń ornı ....... 62
15-§. Insan ruwxıylıǵında etikettiń ornı67
10-klastı juwmaqlaymız!...................... 70
1-§. Insan — jámiyetiniń dóretiwshisi ........................................ 72
2-§. Ruwxıylıq — millettiń júzi ........... 76
3-§. Ruwxıy bárkamallıq..................... 81
4-§. Ózbekistan rawajlanıwınıń ruwxıy-tárbiyalıq tiykarları ........... 85
5-§. Milliy dástúrlerdiń insan ruwxıylıǵınıń joqarılawına tásiri............................................ 89
6-§. Ruwxıy miyrastıń insan mánawiyatında tutqan ornı ......... 92
7-§. Shańaraq — muqaddes qorǵan......................................... 96
8-§. Ruwxıy qádiriyatlar rawajında milletler aralıq tatıwlıq múnasibetleri..............................101
9-§. Sáwbetlesiw hám óz ara múnasibetlerde ruwxıylıqtıń ornı ...........................................106
10-§. Aqılıy hám ruwxıy uqıplılıqtıń jámiyettiń ruwxıy jańalanıwındaǵı ornı ...................109
11-§. Ádebiyat — xalıq qálbiniń ruwxıy kórinisi............................114
12-§. Ekologiyalıq mádeniyat hám ruwxıylıq uyǵınlıǵı .......................119
13-§. Jaslar iskerliginde joqarı ruwxıylıqtı qáliplestiriw ...............124
14-§. Globallasıw sharayatında milliy ruwxıylıqqa qarsı qáwipler.................................129
15-§. Jámiyet ruwxıylıǵın qarılatıwda media mádeniyatınıń tásiri..........134
Ulıwmalastırıwshı sabaq.....................139

**VAHOB QO'CHQOROV,**
**OBIDDIN MAHMUDOV,**
**ZOKIRJON ZAMONOV**

*O'quv nashri*

# «MA'NAVIYAT ASOSLARI»

*O'rta umumta'lim muassasalarining 10-11-sinflari va o'rta maxsus, kasbhunar ta'limi muassasalari uchun darslik*

*(Qaraqalpaq tilinde)*

*Birinshi basılım*

Nókis — «Bilim» — 2017

Awdarmashılar: *M.Nızanov, Q. Uzaqbaev, M. Jumabaeva*
Redaktorı *M. Jumabaeva*
Xud. redaktorı *I. Serjanov*
Tex. redaktorı *B. Turımbetov*
Operator *N. Saukieva*

**Licenziya: Al №108, berilgen waqtı 2008-jıl 15-iyul.**

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 26.09.2017-j.
Formatı 70x90 1/16. Tip «Times» garniturası. Ofset usılında basıldı. Kegl 11,5.
Kólemi 9,0 b/t. 10,52 shártli b/t. 11,52 esap b/t.
Nusqası 10411 dana. Buyırtpa № .

Elektron mánzil: bilim.baspa@bk.uz

«Bilim» baspası. 230103. Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

«Sharq» BPAK baspaxanasında basıp shıǵarıldı.
100000, Tashkent qalası, Buyuk Turon kóshesi, 41.

## Ijaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetetuǵın keste

| № | Oqıwshınıń atı hám familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırılǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı

| | |
|---|---|
| Jańa | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı. |
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar. Jırtılmaǵan, betleri almastırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| Qanaatlandırarlı | Muqaba jelingen, bir qansha sızılıp, shetleri qayrılǵan, sabaqlıqtıń tiykarg'ı bóliminen alınıp qalıw jag'dayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betleri qayta jelimlengen, ayırım betlerine sızılǵan. |
| Qanaatlanarsız | Muqabaǵa sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı qayta tiklew múmkin emes. |